Sawangan kana Carita Pantun

Sawangan kana
CARITA PANTUN

Wahyu Wibisana

Lalung

SAWANGAN KANA CARITA PANTUN

© Wahyu Wibisana

Cetakan I, 2022
xxviii + 700 hlm, 14,5 × 21 cm
ISBN 978-623-XXX-X-X

Editor
Atep Kurnia

Desain Sampul
.....

Tata Letak
H. Athiya Agung

Penerbit Layung
Kp. Cikolotok RT 01/RW 01
Desa Hanjuang, Kec. Bungbulang
Garut 44165
Website: PenerbitLayung.com
Email: penerbitlayung@hotmail.com
Kontak: 0813-2267-9851

PAMUKA

Taun kamari (2021) terbit bukuna Andrea Acri nu judulna *Dari Siwaisme Jawa ke Agama Hindu Bali* nu eusina tarjamahan sapuluh artikel nu medal dina jurnal akademis salila 15 taun katompérnakeun, ti taun 2006 nepi ka taun 2021. Dina buku ieu aya artikel nu matak ngirut, nyaéta "*Pancakusika dan Kanda Mpat: Dari mitos Pasupata ke Folklor Bali*". Ceuk Acri, tina bukti téks Jawa Kuna nu aya, katémbong yén *pancakusika* téh boga sajarah nu laér di Jawa jeung Bali, malah mah nepi ka luar dua nusa éta, katut Lampung, Sumatra. Urang pada terang, nu disebut Pulo Jawa téh lain ngan dieusi ku sélér Jawa hungkul, aya urang Sunda ogé di jerona. Pon nya kitu, nu kabukti keur urang Sunda baheula mah pancakusika téh minangka karuhun atawa raja mitologis, siga Prabu Siliwangi mun jaman para ménak dalem mah.

Loba naskah Sunda buhun nu nyabit-nyabit pancakusika, nu disebut Acri waé aya kana limana, nyaéta *Sanghyang Hyang Hayu, Kunjarakarna, Carita Parahyangan, Siksa Kandang Karesian,* jeung *Bujangga Manik.* Tataan pancakusika atawa disebut ogé *pancaresi* téh nyaéta Sang Kusika, Sang Garga, Sang Mestri, Sang Purusa, jeung Sang Patanjala. Patanjala nu bungsu sakaligus nu pangpentinna, malah nurutkeun pancaresi historis mah, di India, Patanjala (ngaran sabenerna Lakulisa) téh guru ti resi nu opat lianna, nu nyebarkeun ajaran *Siwa Pasupata*. Pancakusika ti jaman baheula nepi ka kiwari di Bali mah hirup kénéh, malah dalit pisan jeung kahirupan sapopoé urang Bali. Tah, naha di urang mitologi

pancakusika téh geus paéh?

Mun urang maca dokuméntasi carita pantun *Lutung Kasarung* nu diumumkeun ku C.M. Pleyte, pasti langsung bisa neguh, marga Pleyte ngajudulan publikasina ku *Tjrita Loetoeng Kasaroeng njaéta Goeroe Minda Kajangan anu Ngajadi Ratoe Goeroe Minda Patandjala.* Teu héran mun pantun *Lutung Kasarung* téh keur lingkunganna mah sakral pisan. Hal nu matak hélok, teu saeutik nu nyebut yén pantun *Lutung Kasarung* téh nyaritakeun luluhur urang Sunda, nyaritakeun karuhunna, sok sanajan teu apal kumaha jujutanana ka Guru Minda Patanjala.

Ieu ngabuktikeun di sawaréh urang Sunda, dina ingetanana, masih kéneh aya réméh kakarén tina tradisi Suna kuna téh. Kapan umumna kiwari mah basana gé "seuweu-siwi Siliwangi", béda jeung rajah dina pantun Baduy, dina unggal mantun nyebutna téh "lain turuh ti turubun/turuh ti Lutung Kasarung/pencar ti para sangiang opat-puluh/sésékélér ti derma réhé/asal ti batara lima". Jadi pancaresi atawa pancakusika atawa batara lima téh masih kéneh hirup dina ingetan urang Sunda, sok sanajan jalmana teu pati loba. Nu teges ngabukti mah ku urang bisa nanya ka urang Baduy, saha karuhunna? Jawabna, Batara Patanjala putrana Batara Tunggal. Ari puguh buktina kieu mah, naha atuh Andrea Acri dina artikelna teu nyabit-nyabit tadisi pancakusika dina folklor Sunda? Jawabna mah, tilu sapamulu, dua sakarupa, sahiji keunana pasti, nyaéta euweuh nu naliti!

Ku kituna usaha Wahyu Wibisana ngaji carita pantun téh penting pisan, sok sanajan umurna panalungtikan ieu téh geus leuwih ti satengah abad, tina jihat idé mah masih kéneh 'weuteuh'. Naha ieu bisa jadi bukti yén ulikan kasundaan sanggeus generasi Wahyu mah teu menyat, malah nyirorot? Teu bisa jadi. Tapi sakaterang mah asa can aya nu ngulik pantun siga cara Wahyu. Sabab sekripsi minor ieu disusunna taun gene puluhan tangtuna héngkér ku data panogong, mun dibandingkeun jeung kaayaan kiwari mah. Antukna, poma urang ulah héran mun manggihan data-data anu teu pas atawa saayana. Umpamana cutatan tina *Siksa*

Kandang Karesian nu nataan lalakon pantun téh dibacana *babakcatra* lain *banyakcatra.* Ieu Wahyu nyutat tina catetan Suhamir.

Da mémang, harita mah can aya tarjamahan *Siksa Kandang* nu lengkep, malah bisa jadi can aya transliterasi-transliterasina acan, jeung bacaan Suhamir bisa kasebut wajar lamun patukeur aksara ba jeung nya, soalna aksara ba jeung nya dina aksara Sunda kuna ngan béda sagurat. Teu cara kiwari salian ti *Siksa Kandang* (kode naskah L 630) nu ditulis dina daun gebang, *Siksa Kandang* (kode naskah L 624) nu ditulis dina daun lontar gé geus aya alih aksara jeung tarjamahanana. Ku sabab éta ogé, tésis Wayu nu masualkeun *siliwangi* jeung *silihwangi* téh geus teu rélevan, sabab dina *Siksa Kandang* lontar mah ditulisna *silihwangi,* katambah urang meunang bukti séjén dina *Bujangga Manik*, cenah gé "kasép manan Banyak Catra, leuwih manan Silih Wangi".

Usaha Wahyu mapandékeun pantun jeung naskah Sunda kuna ieu meureun bisa disebut mitembeyan, hadé meunang pamuji. Ngingetan urang kana lalampahan J. Noorduyn dina nyaliksik lontar Sunda, manéhna gé mapandékeun lontar *kawih* (lontar Sunda nu wangunna puisi loba nu maké kecap *kawih* dina ngamimitianana) jeung pantun. Atawa bisa jadi panalungtikan Wayu jeung Noorduyn kana lontar Sunda jeung pantun téh, dina mangsa anu sarua, ngan teu paeunteung-eunteung baé. Kuring mah yakin Noorduyn dina ngulik lontar buhun kabantu pisan ku carita pantun, lain dina wangun sastrana waé nu méh sarimbag, dina kandaga kecap jeung wangun kalimah gé pantun jeung lontar kawih mah loba nu sarimbagna. Malah aya salasahiji naskah Sunda Kuna nu ku para ahli disebutna *Pantun Ramayana*. Pantes jurupantun dina rajahna aya nu ngandika kurang leuwih "teu kabukti ku para resi, teu kabuka ku para bujangga, ana dibuka ku juru pantun, dibuka patinghaleuang, nu ménta dilalakonkeun", dina ieu sigana para karuhun nitip isarah cara pikeun muka tutungkusan dina jero lontar kuna, diantarana ku ngaji pantun.

Cékéng tadi urang bakal manggih data nu saayana, Wahyu pribadi sasadu yén sampel carita pantun nu diulik di dieu téh can

tangtu réprésséntatif, ku kituna urang kudu ati-ati upama di dieu dibahas *Dadap Malang* (Pantun Bogor), *Radén Kamandaka* (*Babad Pasir Luhur*), jeung *Nyi Pohaci Sanghyang Asri* (*Sulanjana*). *Kahiji,* ngeunaan Pantun Bogor, dina taun 1992, Ajip Rosidi nu keur dumuk di Osaka, jauh-jauh ti Jepang ngirim tulisan ka majalah *Manglé,* intina mah jang nganyahokeun yén Pantun Bogor téh pseudopantun, keur nu panasaran mah leuwih hadé maca tulisan Ajip waé aya dina buku *Pancakaki* nu judu artikelna *Pantun Bogor*. Ari émbohna ti kuring mah "alam pikiran" Pantun Bogor lain-lainna ti "alam pikiran" pantun ilaharna. Ku Wahyu gé di dieu Pantun Bogor téh paling loba diwada, ngan henteu ari nepi ka nyebut "lain pantun" cara Ajip mah.

Kadua, Radén Kamandaka téh nu boga lalakon dina *Babad Pasir/ Babad Pasir Luhur*. Nu ngaranna babad tangtuna wawacan, jeung sakaterang mah *Babad Pasir* téh digurit dina basa Jawa, sabab kuring mah teu boga kadar keur ngadakwa, mangga wé nyanggakeun ka para ahli naha carita Radén Kamandaka téh pantun atawa lain. Ngan, sigana matak *Babad Pasir* ku Wahyu diasupkeun kana sampel téh pédah nyebut-nyebut Banyakcatra, Siliwangi, jeung Anggalarang, lalakon-lalakon pantun nu disebutkeun dina *Siksa Kandang*. Jeung, perlu dicatet dina galur caritana *Babad Pasir* méh pisan umumna carita pantun, malah upama dibandingkeun mah tina jihat galur *Babad Pasir* leuwih bisa disebut carita pantun tibatan Pantun Bogor.

Katilu, keur *Nyi Pohaci Sanghyang Asri*, Wahyu nyokot tina *Wawacan Sulanjana* yasana R. Sacadibrata. Saliwatan mah asa pajauh-jauh huma, pan bisa waé Sacadibrata téh nyadur tina macapat Jawa, atawa ngan sakadar mapaés *Wawacan Sulanjana* nu mémang jaman bihari mah ngaleuya di urang. Tapi lamun urang maca *Tjarita Sri Sadana atawa Sulandjana* tina salasahiji carita pantun nu didokuméntasikeun ku Ajip, urang bakal mikir-mikir deui, sabab dokuméntasi ieu caritana méh sarua jeung *Wawacan Sulanjana* Sacadibrata, pangpangna mah reumbeuyna ku anasir tina budaya Jawa. Medal pertanyaan, naha pantun *Sulanjana* téh mémang

asalna wawacan/macapat nu diadaptasi jadi carita pantun atawa pantun *Sulanjana* téh geus awor jeung carita Sanghyang Sri ti Jawa, nu mémang di Nusantara mah, nu umumna melak paré, carita ngeunaan Sanghyang Sri téh populér pisan, atawa aya kamungkinan-kamungkinan lainna?

Iwal ti éta, sok sanajan Wahyu marélékeun sastra tinulis jeung sastra linisan dina prak-prakanna mah maké sawangan sastra tinulis, buktina ayana ungkara-ungkara "Jurupantun salaku kréator boga kabébasan pikeun nyipta …" atawa "Jurupantun salaku seniman saperti pangarang jeung panyajak baé nganggap basa nu digunakeun téh ngan sakadara alat geusan nepikeun angen-angenna." Jelas Wahyu geus ngaluarkeun 'téks' pantun tina kontéks sastra linisan. Ogé Wahyu nyieun argumén, nu sigana mah, kapangaruhan ku isu nu keur haneut harita:

> "Carita pantun anu kungsi jadi konsép anyar ti hiji individu, bisa jadi mimitina mah teu ditampa ku masarakat tempat kumbuhna éta individu. Tapi nya kitu biasana ogé individu anu rancagé mah, demi kréativitasna manéhna geus bisa miheulaan jamanna sarta kréasina teu nyaluyukeun teuing jeung pamanggih kaayaan saharita (*actual position*) nu aya di masarakatna."

Anapon mun nilik kana leunjeuranana mah ieu buku téh kawilang hadé. Sakumaha nu geus disebut di luhur kakurangan ieu buku lain dina perkara métode, tapi dina jihat data nu alam harita mah can réa. Jeung deuih sabab ieu skripsi minor keur nyumponan sarat ngahontal sarjana muda, bisa waé Wahyu boga pikiran teu kudu hadé-hadé teuing, ngitung waktu dijieunna ieu skripsi dina kaayaan Wahyu geus jadi jelema sibuk gé, bisa jadi faktor séjén. Nu matak kuring kataji mah, usaha Wahyu dina narawas wangun pantun, laju babandinganana pantun Sunda jeung pantun Malayu. Ngan hanjakalna Wahyu teu maké pantun Baduy nu didokuméntasikeun ku C.M. Pleyte, da sigana mun maca pantun éta mah bakal boga kacindekan anu béda tina nu didadarkeun di

dieu. Ogé usaha Wahyu dina upaya ngayak-napikeun étimologi pantun, nu kudu diturutan ku urang Sunda kiwari nu masih ngagujudkeun maném, teuteuleumana dina kirata.

Kilang kitu, ku ieu buku Wahyu Wibisana nu kawentar salaku sastrawan, geus ngabuktikeun dina karya ilmiahna ogé teu kurang nyongcolang ti karya sastrana. Cindekna mah, buku ieu bisa jadi conto kumaha karya ilmiah anu ilmiah dina basa Sunda.

Bojong, 25 Juli 2022

Hady Prastya

DAPTAR EUSI

Pamuka 5

Bab I — Bubuka 13
Masalahna 13
Tujuan Panalungtikan 14
Sampel 15
Hipotésa 16
Métode 16

Bab II — Masalah Carita Pantun 17
Istilah "Pantun" 18
"Pantun" Malayu 20
Jangkar Kecap "Tun" 22
Patalina Istilah "Pantun" Sunda jeung "Pantun" Malayu 26
Rundayan Kecap "Pantun" 29
Carita Pantun Minangka Hasil Sastra 32
Sastra 32
Hasil Gawé Rancagé Urang Sunda 33
Wangunan Pantun 36
Basa jeung Mamanisna 42
Eusi Carita Pantun 49
Pagelaran Carita Pantun 57
Anggapan Masarakat kana Carita Pantun 57
Prak-prakanana Nanggap Pantun 58

Bab III — Analisa **61**
Ringkesan Carita Pantun 64
Lutung Kasarung 64
Lutung Leutik (Ratu Bungsu Karma Jaya) 65
Radén Kamandaka (Babad Pasir) 67
Ciung Wanara 71
Munding Laya di Kusuma (I) 73
Radén Munding Laya di Kusuma (II) 75
Radén Deugdeugpati Jayaperang 77
Nyai Sumur Bandung 79
Nyi Pohaci Sanghiang Asri 80
Dadap Malang 82
Babandingan Carita Pantun 83
Tempat Manggung Carita 84
Tokoh Carita 95
Basa jeung Wangunan 109
Eusi Carita, Kanda jeung Raéhan 117
Kasang Tukang Tumuwuhna 123
Tanah jeung Masarakat 126
Aspék-aspék Kabudayaan 129
Faktor Sajarah 140

Bab IV — Kacindekan **145**

Daptar Bacaan 154

BAB I

Bubuka

MASALAHNA

CARITA PANTUN minangka banda urang Sunda, ahir-ahir ieu geus nimbulkeun masalah di kalangan ahli sastra jeung basa Sunda. Demi nu jadi masalahna nyoko kana mokprokna dua kanyataan, yén carita pantun nu geus kanyahoan boga ajén, kabuktian kiwari beuki ngurangan, laleungitan.

Salaku nu boga banda bari tanggung jawab kana salametna éta banda, munasabah pisan upama gancang-gancang ngaréngsékeun masalahna. Teu béda jeung mikiran kumaha ngarékonstruksi candi Borobudur nu geus parna pisan ruksakna, ti mana alatna, kumaha carana jst., tapi nu pasti mah kudu ayeuna, bisi kaburu ambruk mantén.

Para budayawan Sunda umumna boga pamanggih anu bisa disimpulkeun ku ucapan "Lebar temen ku nu geus aya tur geus katémbong alusna, lamun hég leungit lebah urang."

Carita-carita pantun nu geus kacatet sarta di antara aya nu geus diumumkeun nyaéta: *Badak Pamalang, Badak Singa, Bima Manggala, Bima Wayang, Budug Basu, Burung Baok, Deugdeugpati Jayaperang, Jaka Susuru, Gajah Lumantung, Guru Gantangan, Kidang Pananjung, Kidang Panandri, Kuda Gandar, Kuda Laléan, Kuda Wangi, Layung Kumendung, Langga Sari, Langon Sari, Kalang Sari, Ki Manjor jeung*

Nyi Gendruk, Manggung Kusuma, Munding Mintra, Munding Sari Jaya Mantri, Paksi Keling, Panambang Sari, Panggung Karaton, Radén Tegal, Rangga Gading, Rangga Maléla, Rangga Sawung Galing, Rangga Séna, Sulanjana, Nyi Sumur Bandung[1]*, Dadap Malang, Ngadegna Pajajaran, Sinala Aji, Ronggéng Tujuh Kala Sirna, Pakujajar di Lawang Gintung*[2]*, Ratu Bungsu Karma Jaya, Ratu Kembang Pangcarikan, Demung Kalagan*[3], pantun-pantun Baduy[4], *Lutung Kasarung, Radén Sanjaya, Radén Kamandaka*, éta kabéh mangrupa populasi carita pantun, ditambah ku nu can kacatetkeun.

Geus loba para ahli sastra jeung basa Sunda anu nalungtik carita pantun boh urang Sunda pribadi, boh urang Barat. Ku kituna masalah carita pantun téh teu atah-atah teuing, tegesna nu pandeuri ayeuna kari saruakeun baé. Dina enggoning neruskeunana, dua maksud nu dikandungna, nyaéta: ngajembaran deui hasil panaluntikan jeung ngayakeun deui pangajén (évaluasi) kana panaluntikan heulaeunana.

Ti jaman Jonathan Rigg (1862)[5] nepi ka R. Maryati Sastrawijaya (1968)[6], panalungtikan carita pantun téh geus loba ngahasilkeun data-data katut tapsirna. Masalahna ayeuna, hasil nu geus nepi ka dinya téh kudu ditambahan jeung diajénan deui, kalawan tujuan nu tadi.

TUJUAN PANALUNGTIKAN

Tujuan panalungtikan di dieu, sajaba ti pikeun nyumponan sarat ujian Sarjana Muda Pendidikan, sugan jadi sumbangan, sanajan leutik, kana hasil panalungtikan nu geus aya.

---

[1] F.S. Eringa, *Loetoeng Kasaroeng een Mythologisch verhaal uit West Java,* Disa, Leiden, Den Haag, 1949.

[2] Pantun-pantun Bogor, simpenan Rakéan Minda Kalangan.

[3] R.S. Wirananggapati, *Ratu Bungsu Karma Jaya, numutkeun pantun Taswan*, Dana Guru, Jakarta, 1961.

[4] J.J. Meijer, Badoejsche Pantoenverhalen, *BKI 40*, 1891.

[5] Jonathan Rigg, *A Dictionary of the Sunda Language*, Lange & Co, Batavia, 1862.

[6] R. Marjati Sastrawidjaja, *Sawangan kana Tjarita Pantun Deugdeugpati Djajaperang*, Skripsi, Fak. Sastra UNPAD Bandung, 1968.

Lian ti éta, maksud téh ngasongkeun pangajén kana hasil nu geus aya bari némbongkeun hasil-hasil ajéneun deui nu séjén.

Tilu maksud di luhur, pangpangna ditekenkeun kana: istilah pantun, wangunan eusi, kasang-tukang tumuwuhna jeung catatan-catatan carita pantun nu geus diumumkeun.

SAMPEL

Keur ngawatesanan masalah nu disawang, tina populasi nu dibéréndélkeun, nu nulis nyokot sapuluh pikeun sampel ieu panalungtikan, kalawan alesan-alesan jeung pertimbangan-pertimbangan:

1. *Lutung Kasarung*, duméh pohara populérna jeung loba nu nganggap suci.
2. *Lutung Leutik,* duméh aya sasaruaanana jeung *Lutung Kasarung*.
3. *Radén Kamandaka,* duméh sajaba ti aya sasaruaanana jeung *Lutung Kasarung* katut *Lutung Leutik*, dianggap aya patalina jeung sajarah Banyumas.
4. *Ciung Wanara,* duméh dianggap carita pantun nu pangkahotna.
5. *Munding Laya di Kusuma I,* duméh aya nu nganggap roman.
6. *Munding Laya di Kusuma II,* pikeun dibandingkeun jeung *Munding Laya di Kusuma I*.
7. *Radén Deugdeugpati Jayaperang,* duméh carita pantun nu ka kapanggih di luareun Pasundan ayeuna.
8. *Nyai Sumur Bandung,* duméh polana basajan.
9. *Sulanjana,* duméh loba unsur-unsur nu perlu disawang jeung dianggap mitos paré.
10. *Dadap Malang*, duméh kabéjakeun yén boga wanda nu mandiri, béda jeung pantun Priangan.[7]

Pohara hanjakalna nu nulis teu hasil meunangkeun naskah pantun Baduy, anu ceuk timbangan mah pohara pentingna pikeun dibandingkeun jeung carita-carita pantun di luhur.

[7] Sumber-sumber carita pantun nu dipaké sampel, aya dina Bab III.

HIPOTÉSA

Nilik kana tanda sora fisiologisna, antara istilah "pantun" Sunda jeung "pantun" Malayu téh aya hubunganana.

1. Galuh jeung Pajajaran jadi puseur lalakon carita-carita pantun.
2. Ngaran "Siliwangi" lain tina "Silihwangi".
3. Ngaran-ngaran tokoh carita pantun, boga maksud pikeun nga-gambarkeun sipat jeung perwatekna nu boga ngaran.
4. Harti rakitan "teundeun dihandeuleum sieum, tunda di han-juang siang", kudu ditilik tina jihat gejala basa jeung alam pi-kiran carita pantun.
5. Perlu nandeskeun istilah "pantun", "mantun", "carita pantun" jeung wangunan "pantun" ngingetkeun parobahan pantun ahir-ahir ieu.
6. Eusi carita pantun minangka gambaran tanah, sajarah jeung jiwa masarakat sunda baheula.
7. Nilik kana eusi jeung wanguna *Dadap Malang*, diduga aya hal anu prinsipil béda jeung carita-carita pantun liana.

MÉTODE

Ku lantaran objék panalungtikanana hasil sastra béh ditu, métode panalungtikan nu dipaké di dieu nyaéta métode panalung-tikan sacara historis. Demi sawangan sastrana pangpangna ngagu-nakeun téori kritik sastra jeung sajarah sastra.

BAB II

Masalah Carita Pantun

CIRI-CIRI carita pantun anu bisa dibédakeun ti hasil sastra lianna, bisa ditilik tina jihat bentuk lahiriahna (*outer form*) jeung bentuk batiniahna (*inner form*) sastra ku lantaran carita pantun téh miboga ciri-cini nu husus, geus loba para ahli sastra anu nyawang masalahna tina jihat nu jadi perhatianana masing-masing.

Saimbangna taraju sawangan antara jihat bentuk lahiriah jeung bentuk batiniah, bakal ngahasilkeun sawangan anu obyéktif: teu mentingkeun teuing nyawang basana, ungkarana katut mamanis-mamanis basa lianna anu bakal nimbulkeun beurat kana dangdanan; jeung teu mentingkeun teuing nyawang warna caritana, gerentesan katut masalah-masalah lianna tina hal eusina nu bisa nimbulkeun beurat kana bobotna wungkul.

Tina perkara saruana istilah "pantun" Sunda jeung "pantun" Malayu (*Indonesia lama*), mémang geus narik perhatian para ahli sastra, boh ahli sastra Sunda, boh Indonésia. Nurutkeun timbangan nu nulis, upama hasil sawanganana nepi ka kiwari teu némbongkeun hubungan enas (éséns) nu aya dina "pantun" Sunda jeung "pantun" Malayu, lantaran taraju sawanganana henteu saimbang téa.

Malah tojaiahna ahli sastra baheula jeung nu ayeuna gé, nu

mindeng ngahasilkeun sawangan nu béda, bisa dilantarankeun ku teu saimbangna taraju sawangan atawa teu sarua tarajuna nu dipaké nimbang-nimbang masalahna.

Carita pantun nu aya patalina jeung anggapan manusa Sunda baheula, disawangna kudu maké dasar kaidah-kaidah antropologi budaya, lain ngan tina jihat sajarah nu diwatesanan ku kronologi waktu wungkul. Ngan ku jalan kitu bisa ngahasilkeun sawangan nu gembleng téh, tina harti gemblengna subyék jeung obyék, nu ngahasikeun carita pantun jeung carita pantunna, kréator jeung kréasina, jeung patula-patalina nu hiji jeung nu lianna.

Otoritér dina sawangan sastra bakal nimbulkeun hal-hal anu teu dipiharep, boh otoritér ti ahli sastra nu ti heula, boh nu ayeuna. Sarta apan nu penting mah, saluyu jeung ucapan jurupantun, nu ngabandungan atawa nu nyawang carita pantun téh, kudu "weruh disemuna, kudu rancagé nya haté".

ISTILAH "PANTUN"

Cukcrukan kana istilah "pantun" bisa ku dua cara nyaéta ku padika semantik jeung padika étimologi. Ku padika semantik pikeun nyukcruk harti nu dikandung ku istilah "pantun" katut kamekaranana jeung naon sababna nu matak ngalaman ngésér harti dina sajarah basa[1]. Demi ku padika étimologi dicukcruk perkara asal-muasalna istilah "pantun", kumaha mimitina jeung kumaha sajarahna[2].

Nepi ka ayeuna geus aya sawatara urang nu nyoba-nyoba nyukcruk istilah pantun, boh ku padika semantik, boh ku padika étimologi, tapi karasana éta panalungtikan-panalungtikan téh can aya nu daria. Ku kituna hasilna gé geus tangtu teu pati nyugemakeun.

---

[1] Slametmuljana, *Semantik*, Djambatan, Jakarta, 1964, kaca, 1.

[2] Wilfred Funk, Litt.D., *The Way to Vocabulary Power and Culture*, Grosset & Dunlap, New York, 1946, kaca 413-414.

Bisa jadi pangna kitu téh lantaran bahan-bahanna kurang, sakumaha nu karasa ku nu nulis dina enggoning nyukcruk istilah "pantun" di dieu, boh jumlah sampelna boh bahan-bahan pikeun ngabandingkeunana.

Masarakat awam bisa ngahartikeun pantun téh ku jalan kirata basa anu saliwat mah jiga nu maké padika étimologi. "Pantun" nyaéta kecap memet tina "papan tungtun", pédah tukang pantun biasana lolong bari mawa kacapi nu dijieun tina papan. Sajaba ti tukang "pantun", aya deui nu ku masarakat disebut "panta", dilarapkeun ka tukang pantun nu beunta[3].

Istilah "pantun" mangrupa tanda sora fisiologis nu di masarakat Sunda geus aya kasaluyuan pikeun nuduhkeun rupa kasenian Sunda anu kitu pandéna.

> *Yang dimaksud dengan kata "pantun" Sunda ialah ceritera dalam bentuk "prosa berirama" seperti "Sabai nan Aluih". Ceritera "pantun" Sunda biasanya diperdengarkan dan dinyanyikan, diiringi kecapi dan suling pada malam hari, dari magrib sampai subuh.*[4]

Cukcrukan ku padika semantik, anu brasna kana harti kecap, mawa kana kacindekan, yén aya hubungan antara tanda sora fisiologis jeung harti nu dimaksud kalawan dasar perjanjian masarakat nu maké basa. Ku kituna dibédakeun harti kecap "pantun" jeung kecap "wayang" upamana, lantaran tanda sora fisiologis-na ogé béda.

Aya deui nu ngahubungkeun keca "pantun" jeung kecap "pari" (basa Jawa nu hartina "paré"). Didasarkeun kana anggapan, yén sawatara carita pantun aya patalina jeung mitos paré, nya tuluy disimpulkeun yén "pantun" téh bisa jadi aya patalina jeung kecap

[3] Surat ti Kanda Ditjén Kabudayaan Kab. Sumedang no.669/5-D/II/69 perihal *Pantun*, nu ditujulkeun ka Kanda Ditjén Kabudayaan Prop. Jawa Barat.

[4] Drs. Atmamihardja, *Tindjauan Kesusastraan Mengenai Tjerita Rakjat*, dimuat dina Brosur-brosur Adat-istiadat dan Tjeritera Rakjat, Jawatan Kebudayaan Departemen P dan K, 1960, kaca 15.

"pari" basa Jawa nu dikramakeun[5].

Kacindekan éta perlu diajén deui, lantaran sanajan enya aya sawatara carita pantun nu témana mitos paré, tapi kecap "pantun" tina kecap "pari" basa Jawa anu dikramakeun mah, tangtu perlu dipaluruh heula prosés jadina basa lemes dina basa Sunda.

Basa lemes dina basa Sunda dimimitian ti abad ka XVII, nyaéta mangsa Pasundan kasedek ku Mataram. Upama gugon kana kacindekan nu tadi, tangtu istilah "pantun" gé mimiti ayana téh harita.

Kacangcayaan kana kacindekan di luhur bakal karasa pisan upamana dibandingkeun jeung katerangan nu ditulis dina *Sanghiang Siksa Kandang Karesian*, hiji naskah Sunda Kuna ti abad ka XVI nu geus nyebutkeun ayana carita pantun.

> hayang nyaho lalakon pantun, kayaning *Langgalarang* (*Anggalarang*?), *Babakcatra* (*Banyakcatra*, nyaéta Lutung Kasarung Kamandaka anu dilalakonkeun dina *Babad Pasir*), *Siliwangi, Haturwangi*, tanyakeun ka pantun.[6]

Tétéla kecap "pantun" téh geus aya di abad XVI mula, tegesna pisan mah dina sabudeureun taun 1518, mangsa Pajajaran ngadeg kénéh.

Pikeun nyukcruk istilah "pantun" nu leuwih jembar, nu nulis ngarasa perlu ngabanding-banding jeung istilah "pantun" nu kapanggih dina kasusastraan Malayu.

"Pantun" Malayu

Hiji hal nu narik perhatian yén dina kasusastraan Malayu (Indonésia) aya wangunan sastra nu disebut "pantun". Boh "pantun" Malayu, boh "pantun" Sunda, sarua pada istilah sastra.

---

[5] *Ibid.* kaca 16.

[6] Suhamir, *Catetan Sajarah Sunda II, Hiji Ensiklopedi Sunda,* Majalah *Kujang*, Tn.VI,No.288. kaca 4.

Timbul pertanyaan: Naha aya hubungan antara istilah "pantun" Sunda jeung istilah "pantun" Malayu?

> pantun, *sesungguhnya seperti pantun Melayu, yaitu kata-kata yang teratur supaya sama bunyi penghabisannya….*[7]

> *pantun I: 1. ab sajak pendek, tiap-tiap koplot biasanya empat baris … ab) dan dua baris yang dahulu biasanya untuk tumpuan saja…*[8]

Upama dibandingkeun istilah "pantun" Sunda jeung "pantun" Malayu di luhur, tétéla aya sasaruaanana, duanana wangunan sastra jeung pada-pada mentingkeun purwakanti (*sajak*, Ind.).

"Pantun" Malayu nurutkeun wangunanana, ayeuna sarua jeung "paparikan" Sunda. Nilik kana raratanana, paparikan téh "ngandung hartos boh *deukeut* (parek), boh bérés *jajaranana pahareup-hareup*"[9].

Dina kasusastraan Jawa disebutna parikan.

> *Yang disebut parikan itu tidak ubahnya sebagai pantun dalam kesusastraan Indonésia Lama. Parikan berasal dari kata rik, bandingkan dengan* larik *yang berarti laris, mendérétkan. Tetapi ada pula yang menganggap bahwa pari(kan) itu sesuai dengan kata pantun dalam bentuk krama (bahasa "halus") dengan analogi* ri *menjadi* atun…[10]

Hubungan "paparikan" Sunda, "parikan" Jawa jeung "pantun" Malayu, museur dina bentuk krama "ntan" basa Jawa tina kecap "parik" nu hartina "*parek*" (deukeut) atawa "ngabaris". Jadi béda ti nu geus disebutkeun tadi, nu nganggap "pantun" bentuk kramana

---

[7] R. Satjadibrata, *Kamoes Soenda-Indonésia,* cetakan ke II, Balai Pustaka, Jakarta, 1964. kaca 44.

[8] W.J.S. Poerwadarminta, *Kamus Umum Bahasa Indonésia,* Bagian kedua (huruf P s/d Z), P.S. Balai Pustaka, Jakarta, 1966. kaca 33.

[9] R.I. Adiwidjaja, *Idiomatik*, sténsilan, kaca 60.

[10] Drs. Soesatyo Darnawi, *Pengantar Puisi Jawa,* PN. Balai Pustaka, Jakarta, 1964, kaca 44.

dina "pari" nu hartina "paré".

Katerangan saterusna, nu tetep aya dina anggapan yén "pantun" téh bentuk kramana tina "pari", kieu jujutanana:

> *tentang arti kata pantun ada beberapa pendapat atau keterangan R.O. Winstedt* A History of Malay Literature *menerangkan: Kata pantun boléh jadi diambil dari bentuk krama bahasa Jawa* pari*, yang seasal dengan* pari *dalam bahasa bahasa Sansekerta:* paribhasya *(dalam bahasa Indonesia menjadi peribasahasa)*[11].

Katerangan nu di luhur nuduhkeun yén sanajan kecap "pantun" dianggap butuh kramana tina "pari", tapi lain "pari" nu hartina "paré" atawa "parek", ieu mah tina "pari" Sangskrta nu hartina "kecap" atawa "basa", *berperi*: berkata, *memerikan*: mengatakan[12].

Tina hal kaabotan bentuk krama "pantun" asup kana basa atawa istilah Malayu, sarua jeung nu tadi geus didadarkeun. Tegesna, upama bener yén "pantun" Malayu téh bentuk krama tina "pari" ("peri") nu hartina "basa", atuh kudu dibuktikeun heula kumaha sajarah asupna bentuk krama Basa Jawa kana Basa Malayu.

Jangkar Kecap "Tun"

Mémang enya, boh dina basa Sunda, boh dina Malayu, kecap-kecap nu tungtungna "ntun" téh langka pisan.

Pangpangna dina basa Sunda, kecap-kecap nu tungtungna "ntun" téh méh kabéh bentuk kramana tina kecap nu tungtungna "ri" atawa "wa", contona:

kari dilemeskeun jadi *kantun*
sari dilemeskeun jadi *santun*

[11] Drs. Zuber Usman, *Kesusastraan Lama Indonesia,* Gunung Agung, Jakarta, MCMLXIII, kaca 145.

[12] W.J.S. Poerwadarminta, *op.cit*., kaca 61.

priyayi dilemeskeun jadi *priyatun*
bawa dilemeskeun jadi *bantun*

Ku lantaran kitu munasabah pisan mun dina nerangkeun kecap "pantun" ogé gancang katarikna ku analogi "ri" jadi "ntun".

Istilah "pantun" boh dina basa Malayu boh Sunda, upama dicukcruk ku padika étimologi, aya kamungkinan jangkarna téh tina kecap "tun". Jangkar kecap "tun" bisa dipulangkeun kana basa Jawa Kuna atawa kana Indonésia Purba[13].

tuntun : tuntun
atuntunan : berpegangan
manuntun : menuntun[14]

"*demikianlah Dr. Branstetter telah mencoba menguraikan arti kata* pantun *dari akar kata* tun*, yang dapat diusul dalam bahasa Kawi:* tuntun – atuntun – *mengatur. Dalam bahasa Pampanga (Pilina)* tun-tun-*teratur (reguler) dan dalam bahasa Tagalog menjadi kata* tonton – *berbicara menurut aturan tertentu. Dalam bahasa Sunda kata* pantun *dipakai sebagai nama ceritera panjang dengan bahagian-bahagian yang berirama dan diiringi dengan alat musik (kecapi). Ringkasnya dapat disimpulkan bahwa arti kata pantun itu p a d a u m u m n y a (*spasi, nu nyutat*) sama dengan* aturan, susunan, parikan *(baca: pari'an) dalam kesusastraan Jawa hampir sama benar dengan* pantun *Indonésia."*[15]

Upama dibanding-banding antara kecap "pantun" nu aya dina basa Malayu jeung Sunda, jeung kecap "tonton" dina basa Tagalog (Filipina) kecap "panton"[16] dina basa Acéh, bisa ditarik kacindekan, yén kabéh ogé éta kecap téh akarna tina "tun" atawa "ton". Ari

[13] Numutkeun istilah Renward Brandstetter, *Bahasa Indonesia Umum dan Bahasa Indonesia Purba,* P.T. Pustaka Rakjat, Jakarta 1956, kaca 9: Yang dinamai bahasa Indonesia Purba ialah bahasa-bahasa dan berbagai-bagai bahasa Indonésia berasal dari bahasa-dasar itu.

[14] Drs.R.M. Sutjipto Wirjosuparto *Gandakaranika Adiparwa Kamus Bahasa Kawi-Indonesia*, Indira, Jakarta, tanpa tahun, kaca 28-29.

[15] Drs. Zuber Usman, *op.cit,*. kaca 148.

[16] Drs. Zuber Usman, *op.cit,*. kaca 148, dina enut.

jangkar kecap "tun" kapanggih ogé dina basa Jawa Kuna.

Ku lantaran kitu, asa leuwih keuna upama jangkar kecap "tun" atawa "ton" téh teu dipulangkeun kana basa Jawa kuna, tapi kana basa Indonésia purba baé, di mana basa Jawa Kuna minangka salah sahiji sélérna.

Tepi ka dieu geus bisa dicindekkeun, yén kecap "pantun" téh masih dina jangkar kecap "tun" nu pihartieunana *nungtun* atawa *aturan*.

Jangkar kecap "tun" jadi "pantun" dina Basa Sunda; dina basa Malayu sarua jadi "pantun", henteu "pentun".

Dina sawatara kecap basa Malayu (Indonésia) katémbong kéneh ayana awalan atawa formatif "pa" anu bisa kéneh dirucat jangkar kecapna. Awalan antara formatif "pa" dina Basa Malayu, nilik kana kajadianana mah, ieu leuwih kolot tibatan awalan "pe" anu hartina sarua jeung awalan "pa".

payung, jangkar kecapna /yung/, saperti dina kecap "nangtayungan"
palang, jangkar kecapna /lang/, saperti dina kecap "alangan"
panjat, jangkar kecapna /jat/, saperti dina kecap "hanjat"
papar, jangkar kecapna /par/, seperti dina kecap "ampar"

Awalan "pa" nu dina basa Sunda ayeuna ilahar kéneh dipaké, dina basa Malayu mah kaasup kana awalan atawa formatif anu arhais. Mémang awalan-awalan dina basa Sunda, upama dibandingkeun jeung dina basa-basa séjénna di Nusantara, leuwih loba awalan-awalan nu bisa dipaké ngarucat kecap asal basa-basa Nusantara pikeun néangan jangkar kecapna[17].

Sacara analogi ayeuna bisa ditarik hiji asumsi, yén kecap "pantun" nu aya dina basa Sunda jeung Malayu téh, jangkar kecap /tun/ maké formatif atawa awalan /pa/.

Jadi: /pantun/ /pan-tun/

[17] Renward Brandstetter, Ph,D., *Akar Kata dan Kata Dalam Bahasa-bahasa Indonésia,* Pustaka Rakjat, Jakarta 1957. kaca 49.

Tina perkara awalan "pa" jadi "pan", bisa diterangkeun ku sababaraha jalan:

a. /pan/ /pa-n/
/n/ nyaéta nasaliring saperti dina kecap-kecap:

/pancuran/	/pan-cur-an/	/pa-n-cur-an/
/mantak/	/man-tak/	/ma-n-tak/
/pantrek/	/pan-trek/	/pa-n-trek/

b. Type-lintah[18]
Jangkar kecap "tun" nu fonem awalan /t/, upama dipiheulaan ku awalan /pa/, bisa ngawangun kombinasi fonem /n/ /t/, sacara fonetik bisa disebutkeun, yén sora irung + sora ekslosiva homorgan aya di tengah-tengah kecap "pantun" nu jangkar kecapna "tun".

Nu nulis teu hasil meunang raratan, kumaha R. Brandstetter nerangkeun jadina jangkar kecap "tun" jadi "pantun". Bisa jadi diterangkeunana téh ku jalan (a) atawa (b) di luhur.

Upama sangkaan nu nulis bener kitu, aya hal nu kudu dimasalahkeun, lantaran numutkeun kabiasaan, upama jangkar kecap atawa kecap asal nu fonem mimitina /t/ dipiheulaan ku awalan /pa/, fonem /t/ téa jadi leungit, diganti ku fonem /n/.

Contona:

panon [pa-n(t)on] penglihat, penglihatan
panurun [pa-n(t)urun] turun, penjelasan
paningal [pa-n(t)ingal] pergi, berangkat, berpisah[19]

Arguméntasi nu bisa disederhanakeun di dieu, naon sababna jangkar kecap "tun" ditambahan préfik "pa" jadi "pantun",

18 Renward Brandstetter, *Hal Bunyi Dalam Bahasa-bahasa Indonésia,* Pustaka Rakjat, Jakarta 1957, kaca 75.

19 A. Prawirasuganda & A. Sanusi, *Bahasa Jawa Kuna, Jilid I,* Masa Baru, Bandung, tanpa taun, kaca 43.

numutkeun pamanggih nu nulis kieu:

a. Kabiasaan ngajadikeun dua engang /tun/ jadi /antun/ saperti:

   /tong/ jadi /entong/
   /mas/ jadi /emas/
   /truk/ jadi /entreuk/

b. Préfik /pa/ jeung jangkar kecap /entun/
   /pa/ + /entun/ = /paentun/ = /pantun/

   sora /e/ leungit saperti dina hukum sandi:

   wawa-en dibaca (ditulis) wawan
   carita-en dibaca (ditulis) caritan
   wakta-en dibaca (ditulis) wakta[20]

Patalina Istilah "Pantun" Sunda jeung "Pantun" Malayu

Geus disebutkeun di luhur yén jangkar kecap "tun" téh bisa dipaluruh tina basa Indonésia purba. Dina bahasa Jawa kuna kapanggih kecap "tuntun" anu pihartieunana: nungtun atawa aturan.

Panalungtikan sacara horisontal komparatif, tegesna ngabanding-banding "pantun" Sunda jeung "pantun" Malayu anu kanyahoan ayeuna, bisa dijinekkeun kieu:

a. Boh "pantun" Sunda, boh "pantun" Malayu, duanana wangunan sastra.
b. Duanana aya hubunganna jeung seni karawitan.
c. Dina "pantun" Malayu aya nu disebut sampiran jeung eusi, dina "pantun" Sunda mah euweuh.
d. "pantun" Malayu di Sunda disebut "paparikan", ari "pantun" Sunda sabangsa "kaba" di Minangkabau.

[20] *ibid,* kaca 19.

Tina kacindekan di luhur, tétéla aya kasaruaanana antara "pantun" Sunda jeung "pantun" Malayu téh, sakumaha nu disebutkeun dina (a), (b), jeung (c), ari (d) nuduhkeun bébédana.

Ku lantaran wawangunan "pantun" Malayu kaiket ku ayana "sampiran" jeung "eusi", tangtu hésé dipaké "ngadongéng" cara "pantun" Sunda. Tapi ari saenyana mah, "pantun" Malayu gé biasa jeung bisa dipaké "ngadongéng"

> *Mengingat kedudukan sampiran itu, yang pada umumnya tidak sejalan dengan lukisan isi, sukarlah pantun itu dipakai untuk berceritera. Walaupun begitu, keterangan yang menyatakan pantun tak dapat dipakai untuk berceritera, sukar pula kita untuk menerimanya. Karena penulis sendiri pernah mendengar suatu ceritera, yang diceriterakan oléh pawangnya dengan jalan berpantun sampai tamat.*[21]

Jadi tukang kaba (*pawang*) téh kalungguhanna sarua jeung tukang pantun di daérah Pasundan. Kitu-kitu deui cara-carana, waktuna, jeung carita-carita nu digunakeun, loba sasaruanana.

> *Umumnya yang menjadi bahan cerita bagi seorang pawang (tukang) kaba itu, ialah ceritera déwa-déwa (*mythe*); dongeng tentang pahlawan-pahlawan (*sage*); dongeng yang berdasarkan sejarah (*legénda*); ceritera binatang (*fabel*), dan lain-lain.*[22]

Bubuka carita tukang kaba upama dibandingkeun jeung rajah pamuka tukang pantun, jiwana mah sawanda.

> *Seorang tukang kaba di Minangkabau membuka ceriteranya dengan ucapan:*
>
> *Kait berkait rotan sago*
> *alah takait diaka baha*
> *……..*

[21] Gazali B.A., *Langgam Satra Lama,* Tintamas, Jakarta, tanpa taun, kaca 124.
[22] *ibid,* kaca 15.

tabang ka langit tabarito
tibo di bumi jadi kaba[23]

Perbandingan dina pantun Sunda kieu:

Bul kukus mendung ka manggung
ka manggung neda papayung
……..
diteundeun di jalan gedé
dibuka ku nu ngaliwat[24]

Niténan katerangan di luhur, beuki ébréh kumaha sasaruaanana antara "pantun" Malayu jeung "pantun" Sunda, nepi ka bédana nu disebut dina (d) téa, beuki héncér jeung beuki samar-samar.

Kacindekan tina sakur nu geus dipedar di luhur, taya deui iwal ti némbongkeun hiji kamungkinan, yén istilah "pantun" di Sunda jeung istilah "pantun" di Malayu téh aya patula-patalina. Ti mana mimitina nu melarkeun istilah "pantun", di dieu teu dimasalahkeun.

Upamana niténan sajarah nu geus kaliwat, yén hubungan antara Pulo Jawa jeung Pulo Sumatra geus pohara raketna ti jaman Sriwijaya mula, malah ti béh ditueunana, milu "lalayaran" antara basisir Sumatra jeung Pasundan, bareng jeung pamayang urang Sunda jeung urang Sumatra.

Bisa jadi istilah "pantun" téh geus ngésér hartina ti nu asal, sarta nu mana nu ngésér, naha "pantun" Malayu atawa "pantun" Sunda, can kapaluruh. Tegesna can bisa kanyahoan, naha bentuk sastra nu disebut "pantun" téh asalna kawas "pantun" Malayu anu kaiket ku "sampiran" jeung "eusi", atawa kawas "pantun" Sunda nu eusi jeung wangunanana sakumaha nu kasaksian kiwari.

---

[23] Hartojo Andangdjaja, *Pola-pola Pantun dalam Persajakan Modern,* Majalah Sastra, Tn.11.No.6.1962, kaca 31

[24] R.I. Adiwidjaja, *Kasusastraan Sunda II,* J. B. Wolters, Jakarta-Gronongen, tanpa taun, kaca 13.

Rundayan Kecap "Pantun"

Kecap rundayan téh nyaéta kecap asal anu geus dirarangkénan, upamana kecap-kecap: *diserat, sinerat, seratna* asalna tina kecap *serat*.[25]

Kecap asal "pantun" bisa dirundaykeun nurutkeun kaperluanana, tapi nu rék ditandeskeun di dieu nyaéta kecap-kecap nu asalna tina kecap-asal "pantun" nu aya hubunganna jeung masalah nu rék dibahas engké dina Bab III.

Éta kecap-kecap téh nyaéta:

1. Mantun
2. Papantunan

Aksara irung /m/ ngaganti aksara awal /p/ jeung /b/, atawa fonem /m/ ngaganti fonem /p/ jeung /b/ nu aya dina awal kecap asal, seperti: /peuyeum/ jadi /meuyeum/, /bawa/ jadi /mawa/. Kitu deui /pantun/ jadi /mantun/.

Aksara irung kabéh nuduhkeun kalakuan aktif, jadi ngawangun kecap-pagawéan *migawé* atawa *digawé*.[26] Jadi kecap rundayan "mantun" ogé hartina éta nuduhkeun kecap pagawéan *migawé pantun,* tegesna migawé pagawéan pantun atawa dina kanyataanana: ngagorolangkeun jeung ngahariringkeun carita pantun bari nabeuh kacapi pantun minanggka pamirigna.

Ari kecap rundayan "papantunan" seperti kecap-kecap "panatahan", "papayungan", "pakasaban" jst., nuduhkeun barang nu timbul ku pagawéan kecap asalna.[27] "Papantunan" téh nyaéta sarupaning lalaguan dina Tembang Sunda lagam Cianjuran nu asalna tina lalaguan nu sok dihaleuangkeun ku jurupantun ari keur mantun, saperti: Papatet, Mupukembang, Rajamantri, Kaléon,

[25] R. Momon Wirakusumah 2. Buldan Djayawiguna, *Kandaga Tatabasa,* Ganaco, Bandung, 1962 kaca 31.

[26] *ibid,* kaca 33.

[27] *ibid,* kaca 34.

Randegan, Randegan Gancang, Manyeuseup, Manyeuseup, Balagenyat, Ninun, Kinanti Layar, Téjamantri, Candrawulan, jeung Goyong.[28]

Lain baé lagam laguna nu dicokot tina mantun téh, tapi rakitanana atawa sasababaraha padalisan tina rakitanana ogé nyokot tina kecap-kecap atawa kalimah carita pantun.

Guguritan lagu Pangapungan:

Sampiung ngapung ka manggung
cat macat ka awang-awang
rup ku padung rap ku lemah
kadinggingan indung peuting
kahalangan méga malang
pahiri-hiri jeung geuri
paheula-heula jeung heulang
tanding ciung moro gunung
kadanca megat raratan
moro panonobanana
ayeuna ulah kapalang.

Nilik kana kecap-kecap jeung padalisanana mah bisa dipastikeun guguritan di luhur téh nyokotan padalisan-padalisan nu aya dina carita pantun *Munding Laya*:

…….
Semprung Munding Laya Ngapung
dina saluhureun gunung
ngapak sahandapeun méga
…….
sumérépét tanding walét
suméak tanding kadanca
kadanca muru raratan

[28] Apung S. Wiratmadja, *Sumbangan Asih kana Tembang Sunda,* Purnama Sari, Bandung, 1964. kaca 18.

kawas jogjog moro mondok
kawas walik muru lamping
muru pameutingtinganana
……..

Sanajan asalna mah kecap pantun téh nuduhkeun eusi-harti (*pengertian*, Ind.) nu bisa dilarapkeun kana: carita pantun, mantun, wangunan pantun, jurupantun atawa tukang pantun, saperti dina kalimah-kalimah:

Rék nanggap pantun naon peuting engké téh?
Pantun di dinya hartina *lalakon pantun* atawa *carita pantun*.

Ka béh dieunakeun aya nu hayang ngamodérenkeun pantun, nya mawa pasindén jeung gamelan sangkan maturan.[29]
Pantun di dinya hartina *mantun*.

Guguritan lagu Pangapungan téh nyokot tina pantun.
Pantun di dinya hartina *wangunan pantun*.

Rek nanggap pantun saha peuting engké téh?
Pantun di dinya hartina *jurupantun* atawa *tukang pantun*.

Pikeun nartibkeun istilah, nu maksudna sangkan teu matak kaliru dina méré eusi harti (*pengertian*, Ind.) kana hiji kecap atawa istilah, dina ieu tulisan ngagunakeun istilah-istilah: pantun, papantunan, mantun, wangunan pantun, carita pantun atawa lalakon pantun, jurupantun atawa tukang pantun.

Éta istilah-istilah téh dibahas dina Bab II.

[29] Ajip Rosidi, *Ngalanglang Kasusastraan Sunda I,* Bandung, 1969, kaca 1.

CARITA PANTUN MINANGKA HASIL SASTRA

Sastra

Perlu dijinekkeun heula méméhna naon nu disebut sastra di dieu, lantaran istilah "sastra" téh boh dina basa Sunda boh Indonésia, mindeng béda nyurahanana.

Panalungtikan sacara vértikal kalawan maké padika étimologi, sastra téh asalna tina jangkar kecap *śas*[30] anu ngabentuk kecap *śastra* nu hartina: pangajaran, aturan, karya ilmiah, karya kaagamaan. Tina harti basa Sangskrta ieu, munasabah upama bras kana basa Sunda, sastra téh dibéré harti "tulisan". Antukna nepi ka sakumna nu ditulis disebut sastra.

Hal sarupa kieu kaalaman di Barat ogé. Istilah "*literature*" anu jolna tina "*litera*"[31] sarta anu jangkar kecapna "*lit*"[32] kungsi disurahan sakur nu dicitak, pédah "*lit*" hartina ngotoran atawa nulisan kertas kulit atawa perkamén.

Ayeuna istilah "sastra" di Sunda geus disakantétkeun jeung istilah "*literature*" dina basa Inggris. "*literature*" anu maksudna *the art of literature*[33] atawa "sastra" anu hartina *sebagai salah secabang seni*[34].

Istilah nu katimbang pangkeunana pikeun narjamahkeun *the art of literature* kawasna mah "susastra", "su" dina harti "seni". Tapi seperti istilah-istilah seni nu séjénna sok dipondokeun, seperti "seni drama" jadi "drama", "seni tari" jadi "tari" jst., nya "seni sastra" ogé jadi "sastra".

Ku lantaran kitu sanajan istilah "susastra" leuwih keuna tibatan istilah "sastra", anu rék dipaké di dieu istilah "sastra" baé.

---

[30] Charles Rockwell Lonkan, *A Sanskrit, Render,* Harvard University Press, Cambridge, Massachusetts, kaca 258.

[31] Rene Wellek & Austin Warren, *Theory of Literature,* A Harvest Book Harcourt, Brace & World, Inc., New York, 1956. kaca 22.

[32] Joseph T. Shipley, *Dictionary of Word Origins,* Littlefield, Adam & Co, Paterson, N.J., 1961, kaca 248.

[33] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.* kaca 22.

[34] Drs. Yus Rusyana, *Sastra Indonésia,* Jilid I, Gununglarang, Bandung, 1967, kaca 6.

"Sastra" dina harti s*ebagai kegiatan kréatif manusia, penjelmaan jiwa kedalam medium bahasa*[35].

Hasil Gawé Rancagé Urang Sunda

Kecap rancagé pikeun nyundakeun kecap "kréatif", "gawé rancagé" nyaéta "karya anu nyata minangka beubeunangan hiji subyék anu boga jiwa kréatif".

> Ciung Wanara balik ngulon bari ngawih papantunan,
> Hariang Banga balik ngétan bari ngawih wawayang,
> tetembangan ……[36]

Ciung Wanara nu ngawih jeung tetembangan téh salaku hiji subyék anu migawé hiji kagiatan anu medal tina karancagéan haté sarta ngedalkeun pangalaman jiwa ku basa (jeung lagu).

Karancagéan haté urang Sunda dina ngagelarkeun carita pantun, katangén dina:

a. Nyieun carita anu eusina kedaling pangalaman jiwana, atawa sakur nu kapikir jeung karasa ku jiwana.
b. Dina nyusun carita tadi maranéhna maké basa Sunda sarta diréka dina wangunan pantun.

Maranéhna kungsi ngalaman atawa kungsi ngadéngé yén ratuna téh jenenganna Prabu Siliwangi anu agung komarana sarta bisa ngaraharjakeun nagara katut rayatna. Éta mangrupa pangalamanana, anu nyangkaruk dina jero jiwana.

Nya dina waktu ngedalkeun pangalamanana tumuwuh hiji prosés nu didorong ti jero jiwa nu kréatif. Da sanajan pangalaman geus namper dina jero jiwana ogé, upama taya dorongan nu kréatif mah, moal lahir hiji karya nu réprésséntatif disebut sastra.

---

[35] *ibid.* kaca 14.

[36] H. Hasan Mustapa, *Bab Adat Oerang Priangan jeung Oerang Soenda Lian ti Éta,* Batavia, 1913 kaca 16.

Dorongan nu kréatif téh ayana dina jiwa nu nyaring jeung nu sanggup ngedalkeun idéa, nyaéta hubungan tungkusan jeung eusi, tegesna sastra téh mangrupa tungkusan idéa.

> *Frequently literature is thought of as a form of philosophy, as "ideas" wrapped in from; and it is analyzed to field "leading ideas"*[37]

Lahirna carita *Lutung Kasarung, Deugdeugpati Jayaperang, Dadap Malang* jst. teu leupas tina dorongan nu timbul harita, tina jiwa si subyék anu ngahasilkeunana. Sarta teu bisa dipisahkeun ti idéa nu geus asak, déwasa dina jero jiwana.

Idéa nu jadi mataholang tumuwuhna carita *Lutung Kasarung* nyaéta idéa falsafah, yén pikeun ngudag cira-cita nu mulya téh kudu aya pameulina, sarta pikiran yén sajaba ti ayana kakuatan lahiriah téh aya kakuatan batiniah nu sawaktu-waktu bisa tangguh dina nyubadanan kahirupan, ditambah deui ku kapercayaan ayana kakuatan gaib nu jolna ti langit.

Éta idéa didorong kaluar ku jiwa nu miboga daya rancagé, nya lahir hasil sastra nu mangrupa tungkusan tina idéa nu disebutkeun.

Karancagéan si subyék nu ngalahirkeun carita pantun téa, lain baé katémbong din gemblenganana, nyaéta eusina katut leunjeuran carita, tapi dina babagianana nu mangrupa *verse* jeung alinéa ogé teu kurang. *Verse* jeung alinéa nu dihirupkeun ku réka basa anu plastis, imaji-imaji anu keuna jeung purwakanti-purwakanti nu ngareunah.

Waktu Munding Laya ditéwak ku yaksa Mayuta, kagambarkeun kumaha jungkiringna éta yaksa. Atuh dina ngagambarkeun Munding Laya asup kana sungut yaksa, imaji jeung purwakantina téh pohara hirup jeug keunana.

Ditéwak jadi sahuap
dibeuweung henteu teurak

[37] Rene Wellek & Astin Warren, *op.Cit,* kaca 110.

kuriling mipir gugusi
réntang mapay carékham
……..
dikeureut disimeut-simeut
dicacag diwalang-walang
uwa yaksa gurang-gerung
pajar manéh cacing nyayang
cacing kaluar tingkurumuy[38]

"Kuriling mipir gugusi, réntang mapay carékham", lain ngan wungkul mentingkeun purwakanti, tapi sakaligus ngandung imaji anu hirup nepi ka bréh katémbong kumaha rangunggakan huntu yaksa téh. Kecap "simeut" anu dina harti dénotatip sabangsa sato leutik tapi boga harti konotatif dina "dikeureut disimeut-simeut" mah, nepi ka kacipta kumah aripisna siksikanana.

Dina paguneman antara Guriang Kawung Luwuk jeung Purba Sari waktu pasanggiri marak, kagambar kumaha plastisna ucapan Guriang (anu sabenerna Lutung Kasarung nu keur salin rupa), ucapan kereteging haté lalaki nu boga haté ka hiji awéwé.

"Sing kuring teu boga pamulang."
Cag ditampanana.
"Pamulangna gampang, kirim kami angin leutik."[39]

Atuh dina waktu Guriang Kawung Luwuk ninggalkeun Purba Sari nu keur hémeng, suasana misterius geus hasil digambarkeun ku basa "Ngarangkubang, kelepet, les."

Sarta basa Purba Sari papanggih deui jeung Lutung Kasarung, jurupantun geus hasil ngagambarkeun rasa awéwé nu bogoh tapi teu bisa kedal, pokna:

[38] C.M. Pleyte, *Radén Munding Laya di Kusumah, Een guide code*, *Soendanesche Ridderoman*, *TBG*,49,1907, ate.FKIP. kaca 11.

[39] C.M. Pleyte, *De Legende van Loetoeng Kasaroeng, Een gewijde sage uit Tji-rebon*, *VBG*.58,1910,atc,FKIP. kaca 34.

Imut lembut seuri leutik
sedeng mulen dina angen
tapi teu ngedal kaluar.[40]

Éta kabéh némbongkeun yén si subyék nu geus ngahasilkeun carita pantun téh, tétéla si subyék anu boga jiwa rancagé. Ari si subyék téa nyaéta urang Sunda, ku kituna nya bisa disebutkeun, yén carita pantun téh hasil gawé rancagé urang Sunda.

Wangunan Pantun

Nyaritakeun perkara wangunan, tegesna nyaritakeun perkara jenglénganana nu ujug-ujug katitén jeung kanyahoan sacara lahiriah. Geus aya sawatara urang nu nganalisa carita pantun ditilik tina jihat wangunanana.

Aya nu nyebutkeun pantun téh *prosa berirama*[41] nu rangkay caritana angger[42], najan carita anu jadi lalakonna aya rupa-rupa, tapi ari bagian jeung rakitanana mah angger baé ngan kari nyarungsum ku nu jadi poko lalakon.[43]

Rangkay carita téh pikeun nuduhkeun ringkesan caritana dina unggal-unggal carita pantun, atawa gurat badag caritana. Demi rakitan nyaéta pok-pokan jurupantun anu geus tangtu basana, malah geus tangtu laguna sarta geus tangtu lebah mana kudu dipakéna. Ari eusina rakitan téh nyaéta nataan (*description*):

1. Ngarajah.
2. Nataan kageulisan mojang.
3. Nataan mojang dangdan.
4. Nataan adeg pangadeg ménak kasép.
5. Nataan nu kasép dangdan.
6. Nataan mojang angkat.

[40] *ibid.* kaca 36.
[41] Drs.R.M. Atamihardja, *loc.cit.*
[42] Ajip Rosidi, *Ngalanglang Kasusastraan Sunda,* kaca 2.
[43] R.I. Adiwidjaja, *op.Cit.*, kaca 12.

7. Nataan ngawang-ngawang.
8. Nataan perang tanding.
9. Nataan papakéan Léngsér.
10. Nataan kaayaan paséban, alun-alun, tampian.
11. Nataan kamonésan waktu pésta.
12. Nataan lalayaran, jeung saterusna.[44]

Timbangan kana nu ngabagi-bagi yén carita pantun téh diwangun ku prosa jeung puisi, bisa ditarima sok mun nu disebut puisi di dinya *verse*, *a compisition in verse*[45], lain hasil gawé anu puitis, lain *poetic work*[46].

Pikeun nandeskeun pikiran nu nulis, di dieu rék disebutkeun, yén carita pantun téh diwangun ku prosa jeung *verse*. Istilah "*verse*" bisa disundakeun ku kecap "rakitan", "prosa" ku kecap "lancaran".

Dina bagian nu diwangun ku lancaran biasana nyaritakeun jalan lalakon nu langsung diucapkeun jurupantun, jeung paguneman-paguneman nu ngalalakon.

Contona nu nyaritakeun jalan lalakon:

> Rakéan lilir deui laju nindak lalanan, bari mulungan buah caringin, jeung buah kihara sakandungan; nindakna ka caringin gedé, di mumuncul nu di kulon.
> Harita, marengan jeung Rakéan deuk sidakep bari sasambat, di handapeun caringin gedé nu di kulon Rakéan Kumbang Bagus Sétra boga rasa jadi bingung.
> Rasa salah, da henteu salah; rarasaan hanteu salah, tapi pikiran asa salah.
> laju inya……..[47]

Contona paguneman:

---

[44] R.I. Adiwidjaja, *op.Cit.*

[45] *Webster's Students Dictionary,* American Book Co., New York 1962. kaca 626.

[46] *ibid,* kaca 626.

[47] *Dadap Malang Sisi Cimandiri*, Rakéan Minda Kalangan B.P. Manglé, Bogor, kaca 34.

> Nyaritakeun Nyi Puhaci, anu geulis Giringsingwayang: "Adi, ieu panas hareudang teuing, urang siram ka balong urang kabuyutan."
> "Aduh, Tétéh, ieu téh keur nuju sangkakala."
> "Cuang minggat baé, Adi, nyaéta ka balong urang kabuyutan."
> Témbal adina: "Asal ulah lami teuing."[48]

Éjahan katut tanda-tanda bacana tangtu lain jol ti jurupantun, tapi ti nu nuliskeun. Lebah bagian prosa, jurupantun ngagorolang nyarita biasa, tapi teu kaluar tina surupan kawat kacapina. Tanda-tanda baca anu di luhur tangtu nurutkeun sora nyarita jurupantun.

Ari dina bagian-bagian nu wangunana rakitan (*verse*), lolobana nataan hiji kaayaan, kalan-kalan nyaritakeun jalanna lalakon, langka anu dipaké paguneman.

> Gandoyong ponggawa angkat,
> angkat lantung karo duhung,
> gebray mukakeun payungna,
> mendung-mendung papayungan,
> payung rimbis singa gading,
> digagangan ku kancana,
> puncakna ku manik mola,
> kilipit payungna kuning,
> kolépat payung bawat mata-mata,
> nyoréang kana leuweungna,
> leuweung langgong langkap lancar,
> eusina usar jeung mara,
> kaina huru kidapur,
> calodas kiara béas,
> bubuay pating rarumbay,
> ngalirik ka walahir,
> ngaliwat ka Rabut palana,
> nyorang ……..[49]

[48] R.S. Wiranangapati, *Ratu Bungsu Karma Jaya, numutkeun pantun Taswan Kuningan*, Dana Guru, 1961, kaca 83-84.
[49] C.M Pleyte, *Radén Deugdeugpati Djajaperang*, *TBG*,57. kaca 496-457.

Contona nu nyarita jalan lalakon

Guru Minda Kahiangan
anak déwata cikalna
titisan Guru Hyang Tunggal
seuweu batara di langit
kandegan Lutung Kasarung
ngalimbang-limbang di manggung
……
sumping kana asih leungging
patapaan indung beurang
lain saindung-indungna
mun éstu nulung ngajuru
mangka datang ka nu pasti
jadi kasugihanana
henteu mah euweuheun teuing
mana datang ka nu pasti
cunduk kana asih lagu
patapaan jurupantun
……
cat ka wewengkon pohaci
Nyi Pohaci anta maya
Nyi Pohaci anta bukti
Pohaci sang séda tapa
……[50]

Contona nu dipaké paguneman:

"Cing ibu idinan kuring
hareudang bayeungyang teuing
marérang arateul teuing
undur hayang katingali
hayang katingali punduk
leumpang katingali tarang

[50] M. Pleyte, *De Legende van Loetoeng Kasaroeng, op.Cit.* kaca 46.

nyuhunkeun balumbang timur
jeung dada suria padang."[51]

Ku lantaran pantun téh dilisankeun ku jurupantun kalayan bedas, tur terus-terusan ti mimiti nepi ka anggeusan, kalimah-lalimahna nu paranjang pisan dipenggel-penggel, kalolobana mah parondok. Ieu téh geusan nyangkirangan ambekan jurupantun, nu sawaktu-waktu bisa ngarénghap bari ngajentréngkeun kacapi.

Nya ieu sababna nu matak aya nu nyebut yén wangunan pantun téh mangrupa prosa liris atawa prosa wirahma. Hiji wangunan prosa nu lamun ditulis katémbong loba komana, atawa mun ditilik struktur kalimahna ngandung kamungkinan diwangun ku sababaraha frase.

Upama di bagian rarakitan mah, da geus puguh dihaleuangkeun, jadi lolobana kudu guru wilangan nu umumna rata-rata antara 6 nepi ka 12 engang dina unggal padalisan (jajaran).

Conto wangunan lancaran nu bisa dipenggel-penggel mangrupa sababraha frase atawa ditandaan ku koma:

/Kacaritakeun Sunten Jaya/enggeus datang ka nagara Kutabarang/ gawéna jumedud pundung/dipariksa ku ramana kukutan/ku raja nangkoda téa/Éh Sunten/kumaha ngalamar téh/asup atawa henteu/ Ari ceuk Sunten Jaya/Cumah Ama/geus kahalang ku bacot urang Pajajaran/ari Déwi Asri téh/daékeun si daékeun/jahat paméntana/ diétang bari mulang/ditulis bari balik/kudu rupa banda salawé kapal/[52]

Di handap ditémbongkeun kudu kumaha sasaruaanana wangun carita pantun jeung nu sok dilisankeun ku tukang kaba, boh dina struktur kalimahna, boh wangunan rakitan jeung lancaranna:

[51] C.M. Pleyte, *Radén Moending Laya di Koesoemah, op.Cit.* kaca 26.
[52] *ibid,* kaca 20.

Wa-bihi nasta'inubillahi. Inilah hikayat diceriterakan oléh orang dahulu kala, seperti gurindam yang di bawah ini:

Alangkah bulat batang meranti
Ke dalam air tampak bayangan
Berkat daulat bersidi sakti
Asalnya turun dari kayangan

Alkisah maka adalah sebuah negeri bernama Tiku Pariaman,

Ujung lantak lidah tanah
Ujung pematang minangkabau
Pangkalan dagang Lima Puluh

Maka cukup lengkap peraturan negeri itu dengan kota patit tiadalah terpemantai banyaknya dagang sendiri masuk berniaga ke dalam negeri itu. Hatta makan selang beberapa tahun lamanya baginda di atas tahta kerajaan itu, ia pun berputera delapan orang empat laki-laki empat perempuan

Seorang bernama Alamasyuddin;
Seorang bernama Pati Dursidin;
Seorang bernama Si Begat Alang;
Seorang bernama Paduka Raja;
Puteri Warna Pinang Masak;
Puteri Warna Pisah Embun;
Puteri Si Mas Manah;
Puteri Gondan Genta.
……[53]

Babandinganana dina carita pantun:

……
Sakiwari keur puputra
puputra réana genep
teu gaduh putra lalaki
tuang putra kabéh istri
payusan meunang lulus
kakasih beunang milih.

Saha dijenengkeunana?

Hiji Mas Purba Rarang, dua Mas Purba Éndah, tilu Mas Purba

[53] Gazali B.A., *op.Cit.*, kaéca 28-29.

Déwata, opat Mas Purba Kancana, lima Mas Purba Manik, genep Mas Purba Leuwih.
Katujuh jeung putri bungsu, saha dingarankeunana?
Ngaran tilu sakawolu
Ngaran dua sakarupa
sahiji keunana pasti
Nyi Mas Purba Sari
……

Nilik conto di luhur, nu biasa dilisankeun ku tukang kaba loba sasaruaanana upama dibandingkeun jeung nu sok dilisankeun ku jurupantun (carita pantun) boh dina wangunanana boh dina eusina. Sarta patalina éta dua kasenian, geus didadarkeun dina subbab "Istilah Pantun".

Basa jeung Mamanisna

Di dieu rék dimasalahkeun basa naon nu biasa dipaké ku jurupantun upama manéhna keur mantun sarta nu disebut mamanisna, nyaéta mamanisna wangunan sastra anu kapanggih dina carita pantun. Dikantétkeunana teu pati keuna upama disamarutkeun jeung bagbagan wangunan satemenna, mamanis wangunan sastra mah leuwih loba patalina jeung réka basa atawa numutkeun istilah nu geus ilahar mah nyaéta rinékasastra[54], rinékawacana[55] atawa jeung gaya basa.

Apakah selalu cerita pantun itu diucapkan/dipantunkan oléh juru pantunnya dengan mempergunakan bahasa Sunda?
Apakah ada pantun yang mempergunakan Bahasa Jawa atau Campuran? (Keterangan: Bahasa dialék Sunda termasuk Bahasa Sunda juga)[56]

[54] R. Momon Wirakusumah 2. Buldan Djayawiguna, *Kandaga Tatabasa,* Ganaco, Bandung, 1962, kaca 64.

[55] *Kesusastraan Sunda I,* Perpustakaan Perguruan Kem.P.P. dan K., Jakarta, 1954 kaca 18.

[56] Salah sahiji unina angkét ti Kanda Ditjén Kabudayaan Jawa Barat nu ditujulkeun ka daérah-daérah, surat No.1866/I/69 tg.28 Agustus 1969.

Jawaban kana éta pertanyaan, kabéh nyebutkeun yén jurupantun dina mantunna téh maké basa Sunda, boh basa Sunda lulugu boh wewengkon.

Niténan carita pantun tulis nu ayeuna geus dituliskeun, mémang enya pantun téh salawasna dicaritakeun ku basa Sunda, saluyu jeung jawaban nu di luhur.

Ayeuna ilahar aya nu disebut "Pantun Baduy", "Pantun Bogor", "Pantun Priangan", "Pantun Kuningan" jst. Éta nuduhkeun yén basa nu dipaké nyaéta basa wewengkon Baduy (Banten), Priangan, Kuningan jst. Jadi béda téh ngan dina basa wewengkon nu dipakéna, sanajan bisa jadi dina kanda jeung sikep carita aya ogé nu géjlog utak-eutik dilantarankeun rupa-rupa faktor nu engké rék dimasalahkeun.

Carita pantun *Deugdeugpati Jayaperang* nu kapanggih ti daérah Tegal, nyaéta di hiji masarakat Sunda nu kiwari aya di tengah-tengah daérah basa Jawa (daérah *enclave* Sunda), loba kacampuran Basa Jawa[57]. Kitu deui pantun-pantun Baduy basana téh nurutkeun basa wewengkon di dinya, tegesna basa wewengkon Banten. Carita-carita pantun di daérah Kuningan, Ciamis maké basa wewengkon satempatna masing-masing.

Kitu deui idiom-idiomna aya bédana nurutkeun kailaharan di tempat kapanggihna éta carita pantun, atawa leuwih keuna disebutkeun tempat matuhna jurupantunna.

a. Pantun Bogor

Nya laju méréngkél dina *kadaka uncal*
ngahéphép cara careuh eukeur héés.
Anggeus musuh rada jauh,
inyana turun cara kunyuk,
tina dahan ka dahan deui . . . .
jrut turun *sabari* lumpat

[57] C.M. Pleyte, TBG. 57, Batavia, 191.

sup torolong ka jero rungkun
mulang deui ka kulonkeun
bari nyiar *lacak tapak* Dén Bagus.
Ari musuh?
Barang jadi *himeng* leungiteun anu dikepung
arinyana tempa-tempo
ka sakur anu gororowong,
kurah-koréh ka sakur anu ngagunuk
rajak-rojok ka sakur anu nyangkewung
nya *lajuna* mah caringogo.
*Cingogoooooo baé***.**
bari diuk luak-lieuk
nyarabutan cucuk tina suku,
marencétan pacét tina kélék
ngagaroan *tuma* handapeun kanjut….!
Nu cingogo urang tinggalkeun
urang mah ngudag Rakéan
Rakéan leumpangna gancang!
Tapi matana
nyiar lacak téh *teuin*;
nepi-eun ka salah deuleu…
Puguh lacak urut maung,
disangkana lacak Dén Bagus….
nya *inya laju* ngidul
ngidulan *ngetan saeutik*
……
Laju anjog ka hiji *lebah*
nyanghareupan gunung nu rada *ruhur!*
Laju unggah.
Ari Jaya Antéa?
Jaya Antéa téh: Antéa anu Jaya;
lain Jaya urut kopral Jasinga,
tapi Jaya nu jayana can *antéha!*
Anggeus leungit nu dikepung
inyana kara enggeuh tina lacak
yén nu diudag téh
lain *tilu urang;*

tapi baruk geuningan saurang
nu pinter ngilu bisa *ngileus!*
Teu béda ajag keur moro
nu deuk megat jalan kaluarna mencek
Jaya Antéa teu talangké deui!
Inyana keuheul kaliata saking
laju najogan anu caringogo
bari *hahaokan:*
Mantog! Mantog!
Susul ka kidul, busét![58]

Katerangan:

kadaka uncal	:	kumpay
anggeus	:	sanggeus
inyana	:	manéhna
tina dahan ka dahan deui	:	(ungkara basa nu béda, bisa jadi idiom wewengkon) guguntayangan ti dahan ka dahan.
sabari	:	barina, bari
lacak tapak	:	(bisa jadi idiom wewengkon) tapak lacak
ari musuh?	:	(spésipik dina Pantun Bogor, juru-pantun sok nyelang nanya heula, masksudna rék ngarobah nu dilalakonkeun)
himeng	:	hémeng
ngagunuk	:	ngagunduk
laju	:	terusna
cingogo baé	:	(spesipik dina Pantun Bogor, pikeun ngantebkeun kaayaan)
tuma	:	(bisa jadi maksudna mah) tongo
nyiar	:	nyukcruk, nyusul
teuin	:	teuing
ngétan saeutik	:	rada ngétan

[58] Rakéan Minda Kalangan, *Dadap Malang Sisi Cimandiri, op.Cit,* kaca, 62-63.

hiji lebah	:	hiji tempat nu lebahna, (atawa bisa jadi lebah (léngkob) upama niténan guluyurna kalimah mah
ruhur	:	luhur
lain Jaya urut kopral Jasinga	:	(wewengkon nu aktuil di wewengkon éta harita)
antéha	:	(bisa jadi) sampurna (bandingkeun jeung : antéh atawa antuk nu hartina tungtung)
kara	:	kakara
engeuh	:	nyaho
tina	:	kana
tilu urang	:	tiluan
ngileus	:	ngiles, ngaleungit
teu béda ajag keur moro	:	teu béda jeung ajag keur moro
hahaokan	:	hahaok
busét	:	monyét (biasana dipaké dina kalimah bituna rasa)

b. Pantun Tegal

Walon putri: "Kuring ngimpi *lauk lédan* sisitna emas di sagara kidul di *bawah* nagara Galiéta, sareng ningal *badak buras*, buntut kancana, *buluna girincing*, di leuweung *bawah* nagara éta kénéh".

Saur rakana: "ari kitu mah hayu urang balangsiar ka nagara buana Pancatengah, sugan *manggih lantaran* ka mulyana."
……..[59]

Katerangan:

lauk lédan	:	sabangsa lauk laut
bawah	:	bawahan, éréhan
badak buras	:	badak giras
girincing	:	kirincing

[59] C.M. Pleyte, *Tjarita Pantoen Deugdeugpati Djajaperang, op.Cit.* kaca 481.

manggih lantaran	:	manggih jalan geusan
riap	:	(kecap anteuran) rap
nyigit	:	sigit, payus
marong	:	anjok
adong	:	katimang, bagian bénténg nu panghareupna

Sajaba ti katémbong loba basa wewengkon, gumantung kana tempat matuhna jurupantun, anu bisa katiténan téh nyaéta mindeng kapanggih kecap-kecap Sunda anu geus arhais, anu geus langka kapanggih ayeuna.

Contona: tabépun, papatan, metu, dandeung, tetengger, lulurung, rancagé, tail, badong, susumping, cucunduk, bangkit, kacana, cindé, sampurasun, rampés, dug, sampiung, jst.

Aya anggapan, yén basa nu dipaké dina pantun mah basa "démokratis", nyaéta basa nu taya basa nu taya undak-usukna, lantaran cenah mémang kanyataanana kitu masarakat Sunda kuna mah teu wawuheun jeung basa lemes sakumaha nu kapanggih ayeuna[60]. Tapi kanyataanana sawatara carita pantun tinulis ayeuna, nu geus dituliskeun, kitu deui nu mindeng kabandungan ti jurupantun kiwari, undak-usuk basa téh tétéla dipaké. Upamana baé dina carita pantun tinulis *Deugdeugpati Jayaperang, Munding Laya* jst. Ngan dina pantun-pantun Bogor nu enya teu katémbong ayana undak-usuk basa téh.

Jadi tina perkara dipakéna basa lemes jeung kasar dina carita pantun, sabenerna gumantung ka jurupantunna, padumukanana jeung mangsana; tegesna gumantung kana: saha nu mantun, urang mana jeung iraha ditanggapna. Sajalan jeung robahna basa Sunda dina harti semantis, vokabulér jeung sintaksis, anggapan masarakat kana perluna undak-usuk basa ogé robah; hiji anggapan atawa sikep hirup masarakat nurutkeun jamanna.

Hasil sastra salawasna kudu ngiket perhatian sarta salawasna

[60] R. Maryati Sastrawidjaya, *Sawangan Kana Tjarita Pantun Deugdeugpati Djaja Perang,* skripsi Fakultas Sastra UNPAD, Bandung, 1968.

kudu miboga bentuk jeung ngandung daya éstétika, kagemblengan jeung éfék[61]. Geus loba nu mesék carita pantun tina daya éstétikana, boh sipatna lahiriah kayaning: purwakanti, jumlah engang jeung sapapadana, boh nu sipatna leuwih jero ti éta kayaning: plastik basana. Nya timbul rupa-rupa istilah saperti: purwakanti pangluyu, maduswara, cakraswara, laraspurwa, mindoan kawit, laras wekas, mindoan wekas, laras madya, margaluyu jeung mindoan kecap[62], sajaba ti istilah-istilah: kadalon, rarahulan, ngasor, rautan, raguman jeung ébréhan[63]. Éta istilah-istilah téh minangka tarjamahan tina istilah asing, pédah "kabeneran" dina sastra Sunda ogé aya nu sabangsa jeung éta.

Dina carita pantun tulisan jeung lisan (nu mindeng kadéngé ti jurupantun), warna-warna swara dina ungkara basana téh leubeut ku réka basa nu sipatna pikeun mamanis jeung daya éstétika nu éféktif. Ku kituna ieu hasil sastra téh geus nyumponan sarta nyaosan sarat "narik perhatian" ka nu maca atawa ka nu ngabandungan tina jihat sora. Atuh tina jihat eusi nu puguh deui, lantaran carita pantun téh ramé jeung "ngeusi".

Warna-warna sora dina ungkara atawa rakitan pantun mémang geus diatur ku jurupantunna, nepi ka aya éfék gending. Ieu éfék gending téh mangrupa aworan sarta diwangun ku hubungan unsur-unsur sarta pinilih katut lobana engang nu kawas diatur.

> *We must first distinguish between two very different aspects of the problem: the inherent and the relational elements of sound.*
>
> ……
>
> *Inherent distinctions in quality are the basis for effects which are usually called "musicality" or "euphony". Holotional distinctions, on the order hand, are those which may become the bonis rhythm and metro…..*[64]

---

[61] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.* kaca 22.

[62] M.A. Salmun, *Kandaga Kasusastraan,* Ganaco, Bandung, C.2. 1963. kaca 34-44.

[63] *ibid,* kaca 25-33.

[64] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.* kaca 199.

Éfék gending atawa "ginendingan" (*euphony*) jeung hubungan wirahma (*rhythm*) katut matra karasa upamana ngabandungan rakitan kieu:

Metu lawang manjing lawang
metu di lawang pingpitu
datang ka lawang pingsanga
dangdeung ka pasében ageung
jug ka alun-alun agung
medal di lawang sakéténg
jugjugan ka pinggir gunung

Karasa ginendinganana, duméh éta rakitan téh lir saupama puguh wiletanana, ditambah sorana deuih. Fona /ng/ dina kecap "gunung" nu aya dina tungtung padalisan pangahirna, lir saupama madakeun ku sora goong.

Sanajan unggal padalisan dina rakitanana teu tukuh guru-wilangan dalapan-dalapan engang, tapi éfék nu ditimbulkeun ku cara ngalisankeunana, tetep ngalangkangkeun ayana wiletan, ayana wirahma jeung matra. Atuh éfék tina eusina teu kurang deuih.

Léotan lentong dina ngalisankeun kalimah atawa padalisan, *the intonation line of spoken sentence*[65], ku jurupantun geus diatur sarta diantebkeun ku jentréngan kacapi, mungguh nimbulkeun mamanis nu bisa narik jeung ngiket perhatian nu ngabandungan.

Tina perkara rupa-rupa purwakanti (*rhyme*), upamana: asonansi, aliterasi jst. pohara leubeutna, pangpangna dina wangun rakitan.[66]

Eusi Carita Pantun

Réréana carita pantun nyaritakeun ménak Pajajaran nu lunta ngalalana, upamana lalakon *Panggung Karaton, Munding Laya di*

[65] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.*

[66] Ilikan carita dina 2.3.3. (Wangunan Pantun)

Kusuma jeung lian-lianna[67]. Carita pantun téh dongéng Sunda pituin pangwaris karuhun. Ari nu didongéngkeunana alam Pajajaran jeung alam béh ditueunana[68]. Dina carita-carita pantun kagambarkeun jiwa nu ngagem kasadaran harga diri, kasadaran nagara, kasadaran lemah cai, jeung kasadaran agama. Kagambarkeun jiwa nu lagawa, jembar haté, lébér wawanén. Ieu téh hiji gambaran manusa harita, manusa nu jadi warga ti hiji nagara merdika anu unggul wibawana, nyaéta nagara Pajajaran. Kitu deui kagambarkeun konsépsi rayat ngeunaan paparéntahan, saperti diébréhkeun ku tokoh Léngsér anu ngasuh para raja ti wangkid Purwa Aji nepi ka Siliwangi[69].

Upama tadi geus dicoba néangan ciri-ciri carita pantun tina jihat nu ngagelarkeunana, di dieu rék dimasalahkeun carita pantun ditilik tina jihat eusina.

Sanajan ayeuna geus aya carita pantun tinulis, pangpangna hasil itikurihna C.M. Pleyte, Rakéan Minda Kalangan, tapi éta kabéh asalna tina pantun linisan. Tur nepi ka ayeuna ogé tetep dianggap, yén carita pantun téh asup kana sastra lisan.

Narik kacindekan atawa ngayakeun generalisasi tina sastra linisan kaasup kana hiji pagawéan anu kudu nyanghareupan résiko keuna atawa henteu, lantaran dina prosésna kapaksa ngagunakeun hipotésa-hipotésa anu teu mustahil hésé dibuktikeunana lantaran datana kurang.

Kitu ogé nangtukeun naha sampel-sampel nu mangrupa carita-carita pantun téh kaasup kana sampel anu réprésséntatif atawa henteu, éta ogé jadi persualan. Hal ieu kaasup réprésséntatif-henteuna Ki Jurupantun anu tuluy bisa rambat kamalé mamawa ka guru-guruna atawa kana sumber-sumber nu dipaké cecekelanana.

Papadaning kitu sanajan bisa jadi carita-carita pantun nu nepi ka ayeuna bisa kakumpulkeun téh teu kaasup kana sampel nu

[67] Ajip Rodidi, *op.Cit.* kaca 12.

[68] R.I. Adiwidjaja, *op.Cit.*, kaca 12

[69] Drs. Yus Rusyana, *Galuring Sastra Sunda,* Gunung Larang, Bandung, 1969. kaca 13.

répréséntatif, tapi ari asup kana populasi mah geus tangtu. Hiji populasi nu dikumpulkeun ti taun 1891[70] nepi ka ayeuna.

Sabenerna samémèh éta, persisna dina taun 1862, Jonathan Rigg geus guguru ka tukang pantun, da cenah:

> Beunang guguru ti gunung
> beunang nanya ti guriang
> *I have been taught it among the mountain*
> *I have enquired after it from the mountain spirit*
> ……[71]

Nu narik perhatian dina éta motto téh duméh nu nulisna geus nyebut kecap "guriang", nyaéta hiji ngaran nu sok kasabit-sabit dina carita pantun:

> *With a view to gleaning something of the Ancient lore and language of the Country I, many years ago, used to have a village board, called a tukang pantun or storyteller to recite his tales. This man was called Ki Gembang and the dosen or 15 years ago, had a great run of popular native favour, being in great request all over the Western parts of the Province of Buitenzorg. The subject of such sagas is the olden time, when Pajajaran flourished and over which the native of the present day sits the livelong night, listening to the deeds of those who long slept the past. Such legends are not worth anything as matters of history, but a rich an native wit and humour, and found to contain a vast deal of words, which are little heard in every day conversation* .....[72]

Ku niténan katerangan di luhur, bisa ditarik kacindekan, yén kabiasaan nanggap pantun jeung naon nu sok dicaritakeun ku jurupantun, dina jero saratus taun ka tukang taya bédana ti ayeuna. Saratus taun téh sabenerna ngan saparapatna tina waktu

[70] J.J. Meijer, *Badoejsche Pantoenverhalen,* TBG 40, Batavia, 1891.

[71] Jonathan Rigg, *a Dictionary of the Sunda Language,* Lange & Co, Batavia, 1862, kaca III.

[72] *ibid,* kaca XIV-XV.

nu misahkeun alam Pajajaran jeung alam kiwari. Ku kituna sajarah pantun téh aya lolongkrang nu can kapanggih raratanana ti taun 1518, mangsa ditulisna *Siksa Kandang Karesian*[73] nepi ka taun 1862.

Hanjakal nu nulis teu hasil ngilikan *Nederduitsch-Maleisch en Soendasch Woordenboek* karya Andries de Wilde nu terbit taun 1841, bisa jadi di dinya aya raratan perkara pantun.

Dina *Siksa Kandang Karesian* disebutkeun carita-carita pantun nu judulna *Langga Larang, Babakcatra, Siliwangi*, jeung *Hatur Wangi*, sarta dina *A Dictionary of de Sunda Language* ditételakeun yén jurupantun nu ngaranna Ki Gembang sok mantunkeun lalakon kuna, nyaéta lalakon mangsa Pajajaran keur nanjung, atuh ayeuna eusi carita pantun linisan jeung carita pantun tinulis museur di karajaan Pajajaran.

Tina data-data nu dikumpulkeun di luhur bisa ditarik kacindekan yén carita pantun téh nyaéta carita anu eusina ngalalakonkeun tokoh-tokoh karajaan Pajajaran dina imajinasi jurupantun.

Ieu kacindekan téh acan ngabalitungkeun carita-carita sabangsa *Ciung Wanara* nu museur di karajaan Galuh Pakuan jeung *Lutung Kasarung* anu museur di nagara Pasir Batang anu Girang.

Upama Pasir Batang saheulaanan diidéntikkeun jeung Pasir Luhur tempat ngalalakonna R. Kamandaka (Lutung Kasarung dina babad Pasir) ditambah ku katerangan yén Pasir Luhur mah aya hubunganana jeung Pajajaran[74], meureun Pasir Batang jeung Pasir Luhur téh aya dina siklus Pajajaran kéméh.

Ku kituna tinggal Galuh nu can karagum ku kacindekan nu tadi téh, ditambah ku tempat-tempat nu kapanggih dina sawatara carita pantun nu taya hubunganana jeung Galuh atawa Pajajaran, tapi dianggap eréhanana. Ku lantaran kitu kacindekan nu tadi téh bisa ditambahan jadi kieu: Carita pantun téh nyaéta carita nu eusina ngalalakonkeun tokoh-tokoh Galuh jeung Pajajaran dina

[73] Suhamir, *loc.Cit.*

[74] *Brosur-brosur Adat-istiadat dan Tjerita Rakjat*, P.P.K. Jakarta, 1960. kaca 57-73.

imajinasi jurupantun.

Diimplik-implikan "imajinasi" jurupantun lantaran peranan jurupantun pohara kacirina dina unggal-unggal carita pantun, nepi ka sanajan carita pantun ngalalakonkeun tokoh-tokoh Pajajaran jeung Galuh (karajaan-karajaan nu nurutkeun historis mémang aya), tapi éta tokoh-tokoh téh geus diréka nurutkeun interprétasina, fantasina jeung imajinasina ki jurupantun. Cindekna carita pantun mah lain carita anu gugon kana disiplin sajarah, lain roman sajarah deuih, sanajan tempat-tempat anu disebutanana bener-bener kungsi aya dina sajarah. Tina perkara unsur-unsur sajarahna, engké dina Bab III arék dicoba dimasalahkeun.

Upama dibandingkeun jeung carita-carita lianna dina sastra Sunda, carita pantun miboga wanda nu mandiri[75]. Warna carita dina harti "jenis" atawa "genré". Pikeun nangtukeun warna caritana sacara téoritis bisa ditilik tina jihat bentuk lahiriah (*outer form*) jeung bentuk batiniah (*inner form*)[76]. Sarta di dieu, saluyu jeung jejer nu keur dicaritakeun, nu jadi titik masalahna téh niténan bentuk batiniahna, lantaran bentuk lahiriahna mah tadi geus dimasalahkeun.

Bentuk batiniah téh diwangun ku sikep carita (*attitude*), gerentes (*tone*) jeung maksud carita (*purpose*). Sikep carita dina pantun taya lian jiwa nu ngagem kasadaran harga diri, kasadaran nagara, kasadaran lemah cai jeung agama, jiwa nu lagawa jeung jembar haté lébér wawanén.[77]

Demi gerentes, saperti nu karasa upama ngabandungan atawa maca carita pantun, nyaéta gerentes "panineungan" ka alam Pajajaran, ka nagara katut tokoh-tokohna nu kungsi jujuringkangan harita, kana suasana jeung kana sumanget (jiwana). Demi maksud carita, atawa bisa ogé disebut wiji carita, saperti nu bisa ditarik kacindekanana sabada ngabandungan atawa maca carita pantun,

[75] Wawancara jeung Drs. Yus Rusyana Januari 1970.
[76] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.* kaca 1970.
[77] Drs. Yus Rusyana, *loc.Cit.*

nyaéta: ngajak surti kana nu disilibkeunana, nungtun weruh di semuna, ngajak rancagé nya haté, yén–upamana dina Lutung Kasarung–nu bener mah tangtu ditangtayungan ku Nu Kawasa sarta tangtu bakal unggulna di ahir, sanajan saméméhna ngalaman kasangsaraan heula ogé.

Sikep, gerentes jeung maksud dina carita pantun, éstu gumulung jadi hiji gemblengan nu geus asak sarta disuguhkeun ku jurupantun jadi hiji kasenian nu husus, nyaéta kamahéran mantun. Lir saupama lalakon wayang nu disuguhkeun ku dalang; lalakon wayang minangka carita pantunna jeung dalang minangka jurupantunna.

Gemblengna carita pantun téh diwangun ku hiji rangkay nu husus, nyaéta:

1. Rajah pamuka
2. Pamangkat carita diteruskeun kana ngasongkeun persualan
3. Prosés ngaréngsékeun persualan
4. Madakeun carita (réngséna persualan)
5. Rajah pamunah

Bagian (2), (3) jeung (4) sabenerna bisa disebut galeuhna carita, bagian (1) jeung (5) minangka bubuka jeung panutupna.

Dina galeuhna carita langka nu ujug-ujug langsung nyaritakeun nu boga lalakon, tapi dimimitian heula ku nataan kaayaan nagara, persualan-persualan nu keur disanghareupan harita anu engkéna baris diréngsékeun ku nu boga lalakon téa.

Upama dina *Munding Laya*, persualan nu keur disanghareupan harita téh nyaéta impian Nyi Padma Wati nu mireungeuh langlayangan Kancana Domas. Ieu persualan téh engkéna bakal diréngsékeun ku Munding Laya nu miang ka sajabaning langit pikeun néangan éta langlayangan. Dina *Lutung Kasarung* mimitina Purba Sari nu ditundung ku Purba Rarang ka Gunung Cupu Mandalayu. Persualan ditundungna Purba Sari, ahirna diréngsékeun ku Lutung Kasarung (Guru Minda).

Bagian (1) nyaéta rajah pamuka, béda-béda nurutkeun carita pantunna atawa leuwih keuna upama disebut kumaha jurupantunna. Kitu deui dina rajah pamungkas (5). Tapi sanajan béda-béda ogé ari wijina mah kitu-kitu kénéh, dina rajah pamuka sanduk-sanduk ka Sang Rumuhun, ka nu nangtayungan bumi, neda disalametkeun duméh rék mantun, contona upamana:

Pun,
sapun!
ka ruhur
ka Balé Agung
ka Papayung Ratu Pamunjung
Anu medal di Mandala Agung!
Ka handap:
ka Batara Pangreksa Jagat,
ka Batari Panghurip Bumi,
ka Ambu Saripohaci,
ka Nyi Sri Ambu Pangasih
……..
Pun!
Kaula deuk nginjeum ngaran
Caturkeuneun dina béja
…….[78]

Sajaba ti sanduk-sanduk téh, biasana dina rajah pamuka, jurupantun ngajak ka nu ngabandungan supaya surti kana wiji carita nu rék dilaksanakeun. Upamana dina rajah pamuka *Lutung Kasarung*:

……
ti mendi pipasinieun
ti mana picaritaeun
tetep mah ti kahiangan
ditandéan cupumanik
cupumanik astagina

[78] Rakéan Minda Kalangan, *Dadap Malang*, *op.Cit.* kaca 3.

diwadahan sarat tangan
dituruban ku mandepun
diteundeun di jalan gedé
dibuka ku nu ngaliwat
ku nu weruh disemuna
ku nu rancagé di angen
dibuka pating haleuang
nu ménta dilalakonkeun
……[79]

Rakitan-rakitan nu eusina nataan (*description*), upamana nataan mojang dangdan dina unggal carita pantun, galurna mah méh sarua, upamana:

Kocap putri anu dangdan
sinjangna purbanagara
kekemben sutra déwangga
ka luhur ngarompés gelung
nya siger reujeung pamengger
tepuk gelung jeung kangkalung
solobong sarangka awak
ceplak nu bagal pinareup
cumeker benten kancana
gumilar paningal inten
alus pawarang nu dangdan
langkoyang awak wayangeun
gilig pingping pancuh bitis
indung suku nonggong lembu
pangaruh merat angkatna
taktak lir taraju emas
lenggik ramping ayu kuning
panangan tanding gondéwa
panjang pasipatan soca
ngincer bubudakanana

[79] R.I. Adiwidjaja, *op.Cit.* kaca, 13-14.

cureuleuk seukeut bireungeuh
puter kurung di pangambung
pangaruh rua nu asih [80]

Sabada tamat lalakon sok ditungtungan ku rajah pamunah, contona:

Ambuaing rajah pamunah
Akiing rajah pamunah
Sang Kala Wirasa
Rat Jagat wawayangan
tos ngagenclong titian Kai Amarah
oray laki Brahma pulang ka kidul
oray Brahma metu datang ti kulon
mugia pulang ka kulon
oray Brahma ti kalér pulang ka kalér
ti wétan pulang ka wétan
Sang Ratu! Ulang-aling ka luhur
pamungkas rajah pamunah[81]

PAGELARAN CARITA PANTUN

Anggapan Masarakat kana Carita Pantun

Di antara carita pantun aya nu boga sipat sakral (suci), upamana carita *Lutung Kasarung*. Hal ieu bisa dibandingkeun jeung lalakon *Baratayuda* dina lalakon wayang, nu tara sagawayah dipanggungkeunana, atawa jeung lalakon Panji nurutkeun anggapan urang Jawa.

Dongeng-dongeng serupa dongeng Panji itu, oleh orang zaman dahulu tidak hanya dianggap sebagai dongeng untuk iseng-iseng saja, tetapi dianggap sebagai dongeng yang sakral, yang muharam. Hal ini disebabkan karena

[80] *Ciung Wanara,* Volksalmanak Soenda, Batavia Centrum, 1922.
[81] R.I. Adiwidjaja, *op.Cit*, kaca 17.

> *tokoh-tokoh di dalam dongeng itu tidak hanya melambangkan kehidupan dan kelakuan dari beberapa anggauta bisa dari beberapa persekutuan-persekutuan* moiety *tadi, sebenarnya melambangkan kehidupan dan kelakuan para nénék moyang pertama dari kedua* moiety *tadi. Nénék moyang tadi dipuja oléh orang jawa sebagai déwata…..*[82]

Dina carita *Lutung Kasarung*, Nyi Purba Sari dianggap *moiety* kahiangan nu dilengkepan ku Lutung Kasarung minangka *moiety* kadua, *moiety wanita* jeung *moiety pria* nu dianggap "ratuning indung" jeung "ratuning bapa" nu ngarundaykeun urang Sunda. Nya ku lantaran ngalalakonkeun karuhunna, carita *Lutung Kasarung* dianggap carita nu sipatna sakral. Ditambah deui ku ngalalakonkeun kajadian nu aya hubunganna jeung melak paré, sedengkeun paré téa dianggap titisanana Déwi Sri nu dihormat ku masarakat Sunda alam béh ditu.

Umumna urang Timur nganggap, yén manusa téh salawasna aya hubunganna jeung alam gaib, nepi ka carita-carita déwata téh dianggap bentuk sajarah[83]. Tina hal kajadian paré dina carita *Nyi Pohaci Sanghiyang Sri* (lalakon *Sulanjana*)[84], dianggap ku masarakat Sunda baheula minangka kajadian nu faktuil, nu enya-enya kajadian. (Robahna anggapan kana carita pantun nu ayeuna dianggap fiktif jeung anggapan masarakat Sunda baheula, nu nganggap sawatara carita pantun infaktuil), taya lian ngan dilantarankeun ku robahna anggapan pikiran manusa.

Prak-prakanana Nanggap Pantun

Hiji katerangan nu dikumpulkeun ku A. Sukmadimadja urang Cileutik, Banjaran, Bandung, tina hal prak-prakanana nanggap pantun, sakumaha nu dicutat di handap ieu:

---

[82] Dr. Kuntjaraningrat, *Metode Anthropologi,* Penelitian Universitas, Jakarta, 1955. kaca 386.

[83] Prof.Dr.R.M. Sutjipto Wiryosuparto, *Bunga Rampai Sejarah Budaya Indonésia,* Jamb.1964. kaca 89.

[84] Ilikan Bab III 3.2.9.

> Bah Sakhari urang kampung Ciéngang, Désa Baros, Kacamatan Pameungpeuk, Kawadanaan Banjaran, kira-kira dina taun 1873 ngagarap pantun, nu sok ngalalakonkeun carita jaman baheula, sapertos *Lutung Kasarung* sareng sanésna.
>
> Ari alatna mantun baheula mah teges ngan hiji kacapi parahu baé, ruruba (sasajén) kabéh diayakeun saperti parawanten anu eusina lemareun, sesepeun, béas, endog, hayam, duwegan, rujak warna tujuh sareng hanjuang nu diasupkeun kana kendi atanapi érgelét. Ari nu mantunna teges ngan saurang diriung ku nu lalajo lilana mantun ti tabuh 8 dugi ka subuh, aya ogé nu mung dugi ka tabuh 12 wengi numutkeun panjang-pondokna lalakon. Carana mantun mimiti meuleum menyan, teras ngarajah, sabérésna ngarajah teras ngalalakon dibarung nabeuh kacapi.
>
> Tempat anu dianggé mantun biasana mah di tengah imah tapi aya ogé anu di balé atanapi dina panggung. Pakéan pantun baju takwa kamprét, ditotopong barangbang semplak atanapi parékos nangka, samping polékat gerusan. Lalaguanana teges rupi-rupi, sepertos: baléndéran, kembang kacang, jangjalik jagong sareng nu sanésna. Ari ditanggapna éta pantun ku masarakat kaseuseueuranana dina jaman éta mah dina ngadiukkeun paré, nyaéta nyalametkeun paré anu parantos dipibuatan sarta lalakonna ogé nu aya patalina sareng paré kayaning: *Lutung Kasarung* atanapi *Nyimas Pohaci* ……..[85]

Iwal ti dinya upacara nyalikeun Nyi Sri, nyaéta ngampihkeun paré ka jero leuit, pantun téh sok ditanggap ogé dina rupa-rupa upacara saperti: nyalametkeun tujuh bulan, ngaruat lembur (bumi), ngaruat jelema jeung sapadana.

Jigana mah baheula, samémèh wayang narekab pisan di Pasundan, pantun téh mangrupa tatanggapan nu pohara pentingna.

Kecap "sasajén" asalna tina "sasajian", tegesna sarwaning nu disajikeun atawa nu disuguhkeun. Demi maksudna di dieu sakur nu di suguhkeun ka para karuhun kayaning: seupaheun,

[85] A. Sukmadidjaja, *Sadjarah Seni Budaja*, catetan.

eunteung, rampé, minyak kalapa jeung rurujakan[86]. Hanjuang anu ditancebkeun dina kendi minangka sindir tina kecap "hanju", nyaéta napas pamungkas dina kerelekna maot. Hal ieu ngingetkeun ka nu harirup (nu lalakon pantun katut jurupantunna), yén di dinya para karuhunna geus tilar dunya[87] ayeuna tinggal wawangina jeung lalakonna nu dicaritakeun ku jurupantun.

[86] A. Prawirasuganda, *Upacara Adat di Pasundan,* Sumur Bandung, Bandung; 1964, kaca 137.

[87] *Ibid,* kaca 114.

BAB III

Analisa

KALUNGGUHAN pantun dina kasenian, pangpangna nyoko dina seni sastra jeung seni swara. Tegesna hasil sastra (lisan) anu dina midangkeunana ngagunakeun kaidah-kaidah jeung instrumén (waditra) nu bisa digunakeun dina seni swara.

Tapi sanajan kitu, lantaran carita pantun mangrupa hasil seni nu loba ngagambarkeun kahirupan masarakat Sunda, boh kahirupan lahiriah, boh batiniah, atuh patalina jeung kabudayaan Sunda téh pohara rumambatna. Dina carita pantun kapanggih rupa-rupa perkara anu aya patalina jeung sistem pamaréntahan, taktik peperangan, rupa-rupa pakakas, sistem sosial, agama, kapercayaan, rupa-rupa kasenian, pakéan, kadaharan jeung saterusna, anu digambarkeun ku média masa, nurutkeun imajinasi jurupantun.

Upama niténan unsur-unsur nu biasa kapanggih dina pantun, teu kaleuleuwihi upama disebutkeun, yén carita pantun téh méh ngandung sagemblengna unsur kabudayaan Sunda baheula.

Unsur-unsur kabudayaan nu diwangun ku: (a) *speech, language,* (b) *material traits,* (c) *arts,* (d) *mythology and scientific knowledge,* (e) *religious practices,* (f) *family and social systems,* (g) *property*, (h)

government jeung (i) *war*[1] loba kasubat-kasabit dina carita pantun.

Carita pantun téh mangrupa produk atawa kréasi si subyék nu ngamanifestasikeun alam pikiran jeung geter rasana dina nyanghareupan atawa nyubadanan rohang jeung jaman nu kungsi gelar di Pasundan. Jadi carita pantun téh lain dokuméntasi sajarah atawa carita dokuméntér dina harti nu gugon kana disiplin élmuning sajarah, atawa dokuméntasi dina harti nu murni, lantaran peranan si subyék teu boga préténsi ka lebah dinya. Peranan si subyék tetep aya dina wates wangen disiplin seni sastra, minangka "kagiatan kréatif manusa, gelaring pangalaman jiwana, dina médium basa"[2].

Nepi ka ayeuna carita pantun téh sajaba ti dianggap hasil sastra lisan, dianggap hasil sastra anonim, lantaran can aya nu bisa manggihan raratan saha (indidvidu) nu ngarangna. Ku kituna bisa disebutkeun yén subyék nu ngahasilkeun carita pantun téh nyaéta hiji masarakat atawa individu-individu warga masarakat Sunda baheula.

Patalina individu/masarakat jeung kabudayaan, nyaéta dina pangjawab (*respons*) nu terus-terusan ti individu/masarakat nu ahirna ngajanggélék jadi kabudayaan.

> *Masyarakat adalah kelompok-kelompok yang teratur daripada individu-individu, kebudayaan pada akhirnya tak lebih daripada respons berulang-ulang secara teratur dari pada anggota-anggota suatu masyarakat.*[3]

Réspon anu terus-terusan masarakat Sunda kana rohang jeung jaman jamanna di antarana nu geus ngajanggélékeun carita pantun atawa kasenian pantun. Teu mustahil pantun téh mangrupa hasil prosés gawé urang Sunda dina sababaraha jaman. Minangka prototipe pantun nu ayeuna masih kéněh kapanggih nyaéta kabiasaan ngadongéng nu dilakukeun ku hiji individu kalawan di-

---

[1] Clark Wissler, *Man and Culture,* T.Y. Growell Co, New York, 1923. kaca 74.

[2] Drs. Yus Rusyana, *Galuring Sastra Sunda,* Gununglarang, Bandung, 1964. kaca 4.

[3] Ralph Lihton, *Latar Belakang Kebudayaan daripada Kepribadian,* terjemahan Drs. Fuad Hasan, Jaya Sakti, Jakarta, 1962. kaca 5.

barandungan ku individu-individu lianna.

Réspon nu leuwih boga harti batiniah, nyaéta réspon anu ngahasilkeun norma-norma éstétika, moral, kapercayaan jeung saterusna anu gambaranana bisa kapanggih dina carita pantun. Ku téori sajarah kasusastran anu ngagunakeun sampel carita-carita pantun, bakal kanyahoan kumaha adeg-adegna urang Sunda salaku subyék nu ngahasilkeun carita pantun, kumaha kaayaan tanahna katut pakumbuhanana, sarta kumaha sajarah tumuwuhna masarakatna. Pikeun nepi ka dinya perlu pisan bahan-bahan nu aya patalina jeung sajarah masarakat Sunda katut tingkat aprésiasi nu nyampak di masarakat Sunda waktu gelarna carita-carita pantun.

> *Literary history has before it the analogous problem of tracing the history of literature asan art, in comparative isolation from its social history, the biographies of authors or the appreciation of individual works.*[4]

Hiji kanyataan, yén sajarah Sunda, pangpangna ti jaman Pajajaran ka tukang, can aya galur nu saratus persén bisa dipercaya. Ku kituna dina enggoning nalungtik carita pantun kalawan maké padika téori sajarah kasusastraan téh pohara beuratna. Acan ngingetkeun yén bahan-bahan nu mangrupa sampel pohara samporétna.

Tapi wondéning kitu ku modal minat jeung imajinasi nu aya di nu nulis, dihareupkeun ku jalan ieu téh bisa nepi ka nu dituju sanajan ngan ukur nepi kana tingkat minimal.

> *….. this conception of 'literary history' requires an effort of imagination, of 'empathy', of deep congeniality with a past age or a vasisht taste.*[5]

[4] Rene Wellek & Austin Warren, *Theory of Literature,* A Harvest Book Harcourt, Brace & World, Inc., New York, 1956. kaca 254.

[5] *ibid,* kaca 41.

RINGKESAN CARITA PANTUN

Lutung Kasarung[6]

Di nagara Pasir Batang anu Girang, putri bungsu Nyi Mas Purba Sari dipiceuceub ku raka-rakana, pangpangna raka cikalna anu katelah Nyi Mas Purba Rarang. Ari nu jadi sabab lantaran kageulisan putri bungsu ngéléhkeun raka-rakana. Ku kituna Purba Sari ditundung ti dayeuh sina nyaung-nyaung di hulu dayeuh, dijajapkeun ku Ki Léngsér.

Kacaritakeun Guru Minda Kahiangan dina hiji waktu ngimpén kagungan bébéné nu sakarupa jeung Sunan Ambu. Ku lantaran haram batan jinah ka pangasuh, tuluy Guru Minda ku Sunan Ambu dipiwarang turun ka buana Pancatengah baris néang hiji putri anu sakarupa jeung anjeunna. Méméh turun Guru Minda kudu nganggo heula pakéan lutung sarta ti harita katelah Lutung Kasarung.

Lutung Kasarung kapanggih ku Aki Panyumpit anu dipiwarang ngala lutung ku ratu, tuluy dibawa ka nagara, dipasrahkeun ka Nyi Purba Rarang. Ku Purba Rarang ditawarkeun ka rai-raina saha nu kersa narima lutung, tapi saurang gé taya nu puruneun. Tuluy dibahankeun ka Ki Léngsér sina dipiara ku Nyi Purba Sari nu keur aya di tengah leuweung téa.

Ti barang Purba Sari dibaturan ku Lutung Kasarung, patempatan nyaung-nyaungna téh geus jadi karaton. Kaémpér-émpér ka rakana, atuh nya timbul deui kaceuceubna. Nyi Purba Sari diajak pasanggiri marak; dipiwarang ngala banténg lilin suku gading; pasanggiri ngahuma bari pakakas nu meunang digunakeun ku Purba Sari mah ngan étém, jarum pangkas; pasanggiri olah, paréaréa samping, papanjang-panjang kasang, palenggik-lenggik susu, pageulis-geulis, papanjang-panjang buuk, paseungit-seungit boboréh sarta tungtungna ngajak pakasép-kasép beubeureuh.

Kabéh-kabéh éta pamundut Nyi Purba Rarang téh katedunan

[6] Nurutkeun C.M. Pleyte, *Tjarita Loetoeng Kasaroeng, Dongéng Poetra Kahiangan Wedalan Tjirebon,* G. Kelff & Co, Batavia, 1923.

ku Purba Sari sarta unggul dina unggal pasanggiri. Waktu ngajak pakasép-kasép beubeureuh, Lutung Kasarung nu jadi beubeureuh Nyi Purba Sari janggélék salin rupa deui saasalna jadi Guru Minda Kahiangan. Indrajaya, beubeureuh Nyi Purba Rarang, kawon boh dina rupa boh dina kadigjayaan.

Minangka hukuman ka nu sok kaniyaya nganyenyeri dulur, Nyi Purba Rarang sina jadi tukang ngawur hayam, meri, soang, purah nutu, ngéjo, sasapu beberesih, miceunan tai kuda, tai munding, ngangon munding jeung ngajujutan. Ari sadérékna nu limaan deui sina jadi purah ngajujutan, ngangon munding jeung ngangon embé. Indrajaya sina jadi purah ngarit.

Nyi Purba Sari ngahiji jeung Guru Minda Kahiangan, lalakon duka téh ditungtungan ku kasuka. Nagara Pasir Batang anu Girang subuh mahmur loh jinawi sarta ti harita diganti ngaranna jadi nagara Pakuan Kalangan.

Lutung Leutik (Ratu Bungsu Karma Jaya)[7]

Ratu Bungsu Karma Jaya Pakuan Pajajaran mundut widi ti Sunan Ambu ngalalana ka Tatar Wétan. Pamundutna diwidian ku Sunan Ambu, tapi anjeunna kedah tatapa heula di méga manunggal nénjo pinagaraeun.

Tumenggung Laksana Gading ti Cihanjuang kagungan sadérék istri nu katelah Ratu Emas Bagandan Sari, putri geulis tapi teu acan carogéan. Ku kituna Laksana Gading seja tatapa di Ujung Kulon, neneda supaya sadérékna énggal kénging jodo, sarta saméméhna Bagandan Sari dititipkeun heula ka sadérék misanna nu tilu nu aya di Margacinta, jenengan: Gajah Taruna, Gagak Kalana Jaya jeung Ratu Emas Malanggi Rarang.

Malanggi Rarang sieuneun karebut pijodoeun Bagandan Sari, ku lantaran kitu anjeunna miwarang Ki Léngsér pikeun

[7] Nurutkeun pantun Taswan nu diusahakeun ku Wiranagapati, *Ratu Bungsu Karma Jaya (Lutung Leutik),* Dana Guru, Jakarta, 19.

nyingkirkeun Bagandan Sari ka hulu dayeuh Margacina.

Sabada rérés tatapa, Ratu Bungsu sumping ka Margacinta seja "calik babarengan jeung nu boga nagara". Ku Malanggi Rarang diwidian, kalayan pamundut supaya Ratu Bungsu nyayagikeun ali-ali sapasang anu asup dina jarijina, dangdanan sapasang anu kira-kira pangling mun katingali ku batur, sarta mundut ngaran anyar anu pepek ku gedong wéra, balé bandung, kimantar, pakakas kabuyutan anu golang sorangan. Pamundut lianna nyaéta parigi anu jerona saratus dedeg, rubakna tilu bau pasagi nu kedah dikali di tapel wates Margacinta.

Éta kabéh pamundut Malanggi Rarang téh ditedunan ku Ratu Bungsu kalayan bantuan ti Sunan Ambu. Tapi waktu Ratu Bungsu ngali Parigi, ku lantaran pohara beuratna, nepi ka salirana jiga nu salin jinis jadi monyét kolot.

Ratu Bungsu nu geus jiga monyét kolot téh ku Malanggi Rarang dipiwarang dika-huludayeuh-keun sina marengan Bagandan Sari anu dipiceun téa. Tapi sanggeus babarengan, Bagandan Sari jeung Ratu Bungsu téh jadi mulya, boh salirana, boh kahirupanana.

Sajeroning kitu Malanggi Rarang ngajodo ka Indrajaya, Dipati ti Nusa Kambangan. Manéhna panas ku Bagandan Sari, réh asa geus direbut pijodoeun, Ratu Bungsu téa.

Ti dinya Malanggi Rarang ngajak paunggul-unggul nagara, palega-lega huma, papulen-pulen nyangu, pangeunah-ngeunah pasakan, paledok-ledok nyambel, pageulis-geilis awak, paalus-alus hulu susu jeung papanjang-panjang buuk. Bagandan Sari unggul dina sagala rupana.

Malanggi Rarang males wiwirang ka Bagandan Sari, waktu Ratu Bungsu ngersakeun tatapa deui. Nyi Ratu Téréndél dipiwarang ku Malanggi Rarang nelasan Bagandan Sari nepi ka hanteuna. Kajadian ieu téh terus rasa ka Ratu Bungsu nu nuju tatapa téa, anjeunna kumejot palay nepangan Bagandan Sari nepi ka tapana kurang sapoé, Bagandan Sari hirup deui.

Malanggi Rarang dibalangkeun ku Ratu Bungsu ka Margacinta, atuh Indrajaya pohara benduna. Der duaanana perang tanding. Ratu Bungsu perangna kasoran lantaran tapana kurang sapoé,

ditotogkeun ku Indrajaya ka Raja Siluman.

Ratu bungsu tiasa leupas ti jero beuteung Raja Siluman, teras anjeunna ka sawarga deui, dilebur jadi tékték. Éta tékék kapendak ku Nyi Giringsingwayang di nagara Gunung Karanginan, teras dituang. Giringsingwayang ngadak-ngadak bobot, atuh rakana Yudajaya jeung Yudanagara pohara benduna. Nyi Giringsingwayang diusir ti nagara.

Kacaturkeun Giringsingwayang ngalahirkeun, diparajian ku widadari patang puluh, tapi anéh jabang bayina ujug-ujug leungit, janggélék jadi Sanghiang Lutung nu engkéna nikah jeung Bagandan Sari.

Sangiang Lutung merangan urang Margacinta, unggul perangna, Indrajaya sina jagi tukang ngarit, ari Malanggi Rarang sina jadi tukang nutu jeung ngéjo di karaton.

Tumenggung Laksana Gading nu geus cacap tapana nepangan Bagandan Sari. Anjeunna bendu pisan waktu raina keur ocon jeung sakadang lutung. Teras Lutung téh rék dipergasa, tapi di halangan ku Bagandan Sari. Basa Sanghiyang Lutung rék nyabet Laksana Gading ku buntutna, Bagandan Sari ngoréjat teras ngaréwang awak lutung bari pokna: "Mangka éling Utun, kapan éta téh dulur kuring."

Lutung nu awakna katoél ku Bagandan Sari, janggélék salin rupa jadi manusa anu kasép balik deui ka jinis mimiti anu katelah Ratu Bungsu Karma Jaya téa.

Ratu Bungsu ngeréh nagara Margacinta di Salawé Pakandangan Baru, ngadeg Pakuan Kalangan bareng jeung praméswari, Ratu Emas Bagandan Sari.

Radén Kamandaka (Babad Pasir)[8]

Prabu Siliwangi[9] di Pajajaran seja marén, badé masrahkeun karajaanana ka putra cikalna Radén Banyakcatra. Tapi teu acan

[8] Nurutkeun Suwandi dina *Brosur-brosur Adat-istiadat dan Tjerita Rakjat,* Jawatan Kebudayaan Departemen P.P. dan K., 1960. kaca 57-81.

[9] Dina Brosur-brosur Adat-istiadat dan Tjerita Rakjat ditulisna *Silihwangi.*

sok, lantaran Banyakcatra bujangan kéněh, sedengkeun sarat nu jadi raja kedah parantos kagungan praméswari.

Demi Banyakcatra palay kagungan istri téh ka nu sakarupa sareng ibuna. Kalayan dibahanan "telepak" pusaka ti Prabu Anggalara(ng), Banyakcatra jengkar ngantun nagara seja milarian pipraméswarieun.

Ku pituduhna Ki Ajar Wirangrong ti Gunung Tungkeban, Banyakcatra ngabujeng nagara Pasir Luhur. Lantaran nya di dinya istri nu jadi panyileukanana téh ayana, jenenganna téh Déwi Ciptarasa nu néněhna Putri Bungsu, putrana adipati Pasir Luhur nu jenenganna Kandandaha.

Banyakcatra nu ayeuna nelahkeun anjeun Radén Kamandaka teras ngawula ka patih Pasir Luhur nu jenenganana Raksanata.

Dina hiji poé Prabu Kandandaha ngersakeun marak leuwi Baranangsiang, para ponggawa katut eusi karaton tumplek ka leuwi, kitu deui Putri Bungsu. Teu tinggaleun ti kapatihan, kaasup Radén Kamandaka anu geus nerka yén baris papendak jeung Putri Bungsu di pamundayan.

Nya ti harita Radén Kamandaka jeung Putri Bungsu pakait pikirna kalawan dijejeran ku panglayar anu ngaran Biang Kandeg. Kamandaka tetep ngangken putra patih Raksanata, ka Putri Bungsu teu nyarioskeun asal-usul nu saleresna.

Waktu dina hiji peuting Kamandaka keur aya di kaputrén, sasaréan sareng Putri Bungsu, ditingker ku para perjurit Pasir Luhur. Anjeunna ngalolos ti nagara ngantunkeun Putri Bungsu.

Patih Raksanata ditimbalan nangkep Kamandaka ku Prabu Pasir Luhur, upama teu hasil anjeunna bakal ditibanan hukuman pati. Ku kituna sanajan beurat manahna, Patih Raksanata teras milarian Kamandaka.

Kapendak Kamandaka nuju siram di Kali Logangga, teu antaparah ku balad-balad Raksanata teras ditarimbulan, gejebur Kamandaka ngeceburkeun anjeun ka jero leuwi. Disangkana Kamandaka geus ngemasing pati, padahal anjeunna nyumput dina sodong, sarta sabada aman teras hanjat, ti dinya ngabujeng deui ka

Pasir Luhur.

Kamandaka nyumput jeung nyiruruk di hiji randa ngaranna Nyi Mertisari di Désa Lénggongsari. Manahna yakin, yén di ahir baring supagi anjeunna bakal nikah jeung Putri Bungsu.

Kauninga ku raja yén Kamandaka aya kéněh bari walagri, saurna: "Geus mangtaun-taun Kamandaka kabéjakeun paéh, ayeuna bet hirup kéněh, ku lantaran kitu ieu leuwi tempat malédogan Kamandka téh urang sebut Leuwi Patahunan."

Ngadangu Radén Kamandaka jumeneng kéněh, Putri Bungsu timbul deui duriatna. Ari Radén Kamandaka sadidinten tambah kesel sok ngersakeun ngaben hayam. Tapi sabada terangeun yén anjeunnan diincer deui ku urang Pasir Luhur mah, anjeunna lolos deui ka leuweung.

Silihwarna nu jadi kapetengan anyar di Pasir Luhur ahirna pahareup-hareup jeung Kamandaka. Barang rék der perang tanding. Kamandaka susumbar kieu: "Sor Silihwarna ari wani mah ka dieu, bisi teu nyaho aing téh Banyakcatra putra Prabu Siliwangi Pajajaran."

Barang ngadangu kitu Silihwarna ngarumpuyuk sarta muka rusiahna yén anjeunnan ogé putra Prabu Siliwangi nu jenengan Banyakngampar dipiwarang ku ingkang rama milarian ingkang raka pédah geus lawas ngantunkeun Pajajaran. Dua sadérék téh silih rangkul tina ku kasonoan sarta teras badanten kumaha carana sangkan adipati Pasir Luhur percanteneun yén Kamandaka geus tilar dunya.

Akalna nyaéta ku jalan ngirimkeun jajantung anjing ka Pasir Luhur, miwarangan badégana, sarta disebatkeun yén éta téh jajantung Kamandaka nu geus tiwas ditubles ku Silihwarna. Adipati Pasir Luhur percanteuneun kana ékol Banyakcatra jeung Banyakngampar téh, teras getih jajantung téh dileueut nepi ka séép.

Ari Banyakcatra jeung Banyakngampar, duanana teras mulang deui ka Pajajaran.

Waktu Siliwangi ngawawarkeun badé nyérénkeun kalungguhan ka Banyakcatra, ibuna Banyaklabar istri Prabu Siliwangi

nu kadua, masihan pépéling ka Prabu Siliwangi, yén nu kedah nu jadi raja di Pajajaran téh sanés Banyakcatra nanging Banyaklabar. Ari lantaranana baheula Prabu Siliwangi geus kedal jangji nalika anjeunna nikah ka ibuna Banyaklabar. Pohara éwed manahna Prabu Siliwangi. Teras anjeunna ngayakeun sayémbara, sing saha di antara dua sadérék nu tiasa ngumpulkeun 40 putri jeung 1000 geblog mori, éta anu baris digadangkeun mangkon kaprabon Pajajaran.

Banyakcatra jeung Banyaklabar teras nilar Pajajaran seja ngajalankeun éta sayémbara. Banyaklabar angkat ka palih kulon, Banyakcatra ka palih wétan diiring ku dua badéga, Ki Gedé Kolot jeung Ku Kilantung Runcang Maung.

Sabada tatapa, Banyakcatra dipasihan sabangsa raksukan ku Nu Gaib. Upama éta raksukan téh dianggo, nu nganggona salin jinis jadi lutung.

Lutung (Kamandaka) kénging ku adipati Pasir Luhur nalika anjeunna nuju bubujeng, sarta ti harita éta lutung katelah Lutung Kasarung.

Para putra adipati Pasir Luhur anu jumlahna 25 sarta sadayana istri, sadayana sami palay miara éta lutung, tapi sabada diayakeun sayémbara, anu untung téh nyaéta Nyi Ciptarasa, Putri Bungsu téa.

Raja Nusa Tembini (Nusa Kambangan) anu jenengan Prabu Pulé Bahas ngalamar Putri Bungsu kalawan ancaman yén upama teu ditampa, Nagara Pasir Luhur baris di ubrak-abrik. Adipati Pasir Luhur teu kinten hawatirna, komo sabada uningaeun yén Putri Bungsu teu puruneun dipigarwa ku Prabu Pulé Bahas.

Sabada Putri Bungsu kénging pitunjuk ti Lutung Kasarung, anjeunna nyaurkeun yén sayagi dipigarwa ku Pulé Bahas sok mun dipasihan 40 putri jeung 1000 gulung kaén mori, sarta engké dimana pangantén pameget badé lebet ka karaton Pasir Luhur pangiringna kudu ditinggalkeun di alun-alun. Pamundut Putri Bungsu téh ditedunan ku Prabu Pulé Bahas.

Saperti nu geus dipasinikeun, dina poéan panganténan téa Pulé Bahas lebet ka karaton nyalira. Énggal ditewek ku Lutung

Kasarung nepi ka Pulé Bahas pupus sapada harita. Ribut kaayaan di lebet karaton, balad-balad Pulé Bahas ngarempug Lutung Kasarung, tapi saurang gé teu aya nu bisa nandingan kagagahanna.

Lutung Kasarung muka raksukan lutungna, jleg jadi radén Banyakcatra deui. Karaméan diteruskeun ku nikahkeun Radén Kamandaka ka Putri Bungsu.

Radén Kamandaka teu kapareng jadi raja di Pajajaran, lantaran sanajan anjeunna tiasa mintonkeun 40 putri jeung 1000 geblog mori ogé, nu kabuktian Banyaklabar ogé sami, ku kituna teras diayakeun saémbara deui, saha nu pangtapisna ngibing dina kawat. Waktos katingalieun ku Prabu Siliwangi yén Kamandaka kagungan ceda dina patuanganana tilas kasiih ku hayam Silihwarna kapungkur, teras waé diwawarkeun yén nu jadi raja ngagentos Prabu Siliwangi nyaéta Radén Banyaklabar. Nurutkeun sarat, nu jadi raja di Pajajaran mah teu meunang nu boga céda.

Waktu aya karaman di Pasir Luhur nu dilantarankeun ku balad Nusa Tembini, Radén Kamandaka kalayan dibantu ku mangpirang-pirang balad Pajajaran, tiasa ngusir musuh balad Nusa Tembini. Sarta ti harita anjeunna tetep renggenek di Pasir Luhur, jadi raja ngagentos Prabu Kandandaha sarta nyandingkeun praméswari nu jenengan Nyi Ciptarasa téa.

Ciung Wanara[10]

Sang Permana di Kusuma nu jumeneng raja di Nagara Galih Pakuan kagungan dua pawarang anu kakasihna Pohaci Naganingrum sareng Dewi Pangrenyep. Dina hiji poé badé dideuheusan ku Mantri Anom Aria Kebonan Ki Gédéng Agung, tapi sang raja harita nuju kulem. Timbul gerentes haté Aria Kebonan, malah kedal pokna: "Ngeunah jadi ratu mah, kulem jeung nu gareulis. Hayang teuing ngasaan jadi ratu."

[10] Nurutkeun nu dimuat dina *Volksalmanak Soenda* Balé Poestaka, Weltevreden, Batavia, 1922, 1923, jeung 1924.

Ucapna téh kadangueun ku sang raja, teras Aria Kebonan disaur sarta ditanya sanggup-henteuna ngaganti anjeunna. Nu ditanya teu némbalan, tapi Sang Permana di Kusuma parantos gilig manahna rék masrahkeun karajaanna Galih Pakuan ka Aria Kebonan, sarta anjeunna badé tatapa di Gunung Padang.

Aria Kebonan nu geus jadi raja, katelah Radén Galuh Barma Wijaya Kusuma. Aria Sang Permana di Kusuma sabada ngabagawan katelah Ajar Sukaresi. Tina hal kajadian ieu taya saurang gé nu terangeun, iwal ti Ki Léngsér anu diomat-omatan ku raja anyar sangkan ulah betus ka nu séjén.

Naganingrum jeung Déwi Pangrenyep, kitu deui sakabéh rahayat Galih Pakuan, dibéjaan ku Ki Léngsér yén Sang Permana di Kusuma geus anom deui sarta jenenganana digentos jadi Radén Galuh Barma Wijaya Kusuma.

Sajeroning kitu ku kasaktianana Ajar Sukaresi, dua praméswari téh diturunan dua cahaya hiji séwang dina impénanana, sarta sanggeus kitu duanana bet bénten raraosan, asa laleuleus sareng lalungsé.

Waktu ditaros ku Ajar Sukaresi, majar duanana keur ngandeg, sang raja pohara benduna ka pandita, lantaran sabenerna nu katémbong bungkiang patuanganana téh ngan bokor kancana jeung kawali. Ku bendu-benduna nepi ka pandita Ajar Kutamangu téh ditewek ku sang raja tapi teu teurak. Ti dinya pandita ngaluarkeun sukmana ku anjeun, nu tinggal ngan babatangna wungkul. Layon pandita dibalangkeun ku sang raja, ragrag ka Gunung Padang, jleng salin jinis jadi Naga Wiru.

Naganingrum jeung Déwi Pangrenyep tétéla ngandeg. Anu pangheulana ngalahirkeun nyaéta Déwi Pangrenyep, putrana pameget dipasihan jenengan Hiyang Banga.

Nalika sang raja nuju dipundayan ku Naganingrum, kadangueun ku anjeunna aya sora di jero patuangan istrina, majarkeun téh engké di ahir baris aya pangwales ka sang raja nu geus waniwani ngakaya Ajar Sukaresi. Teu kinten sang raja ngagebegna, ditaroskeun ka Naganingrum, teu ngangken.

Kalayan sapongkol antara Déwi Pangrenyep sareng sang raja,

basa Naganingrum ngalahirkeun, jabang bayina digantian ku kirik, ari jabang bayi nu bener diwadahan kana kandaga dibarengan ku endog hayam sasiki tuluy dipalidkeun ka Citanduy.

Ti dinya Naganingrum ditundung ku nagara, pédah ngisinkeun ka nu jadi raja lantaran kagungan putra rupa anjing.

Kacaritakeun kandaga anu dieusi jabang bayi téa nyangsang dina badodon Aki-Nini Balangantrang. Éta jabang bayi téh dipiara ku maranéhna sarta nelah Ciung Wanara, karesepna kana ngadu hayam. Ari hayamna nyaéta pegaran tina endog nu aya dina kandaga téa, disileungleuman ku Naga Wiru.

Waktu Ciung Wanara marag ngadu hayam ka nagara, hayamna ngéléhkeun hayam sang raja anu dina waktu rék prung tumpangna ti Ciung Wanara beuheung teukteukeun, ti sang raja sabeulah karajaan.

Ciung Wanara nampi karajaan Galih Pakuan sabeulah. Ti dinya anjeunna ngadamel panjara beusi sarta sang raja katut Déwi Pangrenyep kalayan akal nu lantip tiasa dipanjara.

Hiyang Banga ngadangu ibu-ramana dipanjara téh pohara benduna. Der perang tanding antara Hiyang Banga jeung Ciung Wanara, tapi taya nu éléh taya nu meunang, da sarua pada-pada digjayana. Lebah Cipamali éta nu sadérék téh ngeureunan perangna, niat rapih, Hiyang Banga muru ka wétan ngadegkeun Nagara Majapahit, ari Ciung Wanara muru ngulon ngadegkeun Karajaan Pakuan Pajajaran.

Nyi Pohaci Naganingrum dijait tina papait ku ingkang putra sarta dimulyakeun di karaton.

Munding Laya di Kusuma (I)[11]

Nyi Padma Wati, prasméswari Prabu Siliwangi Pajajaran, nalika ngandeg palay nuang honjé laka. Nya miwarang Ki Léngsér nyiar honjé ka Kutapandak, babakan Muarabérés. Kaleresan aya

[11] Nurutkeun C.M. Pleyte, *Raden Moending Laya di Kusumah,* een oude Soendanesche Riddereman, Albreht & Co, Batavia, 1906, stc. FKIP. Bandung no. 727/DBS/'60/Dikt.

dalapan paseuk.

Di Muarabérés, Nyi Gambir Wangi ogé nuju ngandeg bet dak dumadak palay nuang honjé deuih. Ari honjé geus dibahankeun ka Léngsér Pajajaran. Teras sina disusulan ku Léngsér Muarabérés. Tapi barang kasusul di nagara Karang Siluman, Léngsér Pajajaran teu mikeun, atuh der baé éta dua Léngsér téh garelut. Dipisahkeun ku Gajah Siluman sarta éta honjé téh kudu dibagi dua, opat paseuk éwang. Sajaba ti éta Gajah Siluman masihan tétésan ka raja Pajajaran anu unina: "Geus gedé urang kawinkeun."

Énggalna Padma Wati babar di Gunung Gumuruh, putrana pameget dijenenganan Munding Laya di Kusuma. Ari Gambir Wangi di Muarabérés putrana istri, jenenganana Nyi Déwi Asri.

Munding Laya dirorok ku Prabu Guru Gantangan di nagara Kuta Barang, lantaran anjeunna teu acan kagungan putra. Tapi lami-lami Guru Gantangan raos sieun kalindih tina kakasépanana Munding Laya, teras baé ku anjeunna dipanjara beusi.

Kocapkeun Padma Wati dipasihan impénan ku Déwi Pohaci Wiru Mananggay, ngimpén ningali langlayangan kancana, sorana di jabaning langit, ayana di Nagara Sorong Kancana, Guriang Tujuh nu bogana. Geus kitu anjeunna wawartos ka carogéna, Prabu Siliwangi.

Barang disayémbarakeun saha nu bisa meunangkeun langlayangan taya nu sanggup, Prabu Siliwangi neumbleuhkeun ka Padma Wati kedah ngabuktikeun impianana. Atuh pohara Padma Wati harenegna. Ras émut anjeunna ka putrana, Radén Munding Laya téa, anu nuju dipanjara beusi di jero Sipatahunan.

Munding Laya dijait ku uwana, ku Kidang Pananjung jeung Gelap Nyawang sarta teras dideuheusan ka Prabu Siliwangi. Munding Laya sanggemeun ngalayatan impénan ibuna, miang ka jabaning langit néang lalayang téa. Anjeunna disarengan ku uwa-uwana, Kidang Pananjung jeung Gelap Nyawang, ditambah ku Ki Léngsér.

Méméh sampiung ka jabaning langit anjeunna pamit heula ka bébénéna, ka Déwi Asri, bari mancuh ku cingcin jeung geulang harga satimbang nagara sarta kari mopoyanan supaya Déwi Asri ulah nampa panyangcang nu lian.

Sanggeus bisa ngéléhkeun Yaksa Mangyuta, biur Munding Laya ngapung ka kahiyangan nepangan éyangna, Déwa Pohaci Wiru Mananggay téa.

Sabada Munding Laya bisa nalukkeun Guriang Tujuh, lalayang téh kabandang ku anjeunna.

Sajeroning kitu Déwi Asri di Muarabérés dilamar ku Sunten Jaya, putra kukut Guru Gantangan. Tapi ditolak. Ku tina maksa baé, nya Déwi Asri masihan tanjakan nu lain-lain, upama mundut puyuh buntutan, peucang tandukan jeung peusing sihungan.

Sanajan pamundut Déwi Asri téh teu kacumponan kabéh, tapi teu burung Guru Gantangan dadahut rék karian mah, jiga-jiga nu rék terus maksa. Katurug-turug ari ibuna mah, nyaéta Nyi Gambir Wangi, satujueun Nyi Déwi Asri ditikah ku Sunten Jaya téh. Ku lantaran terus dipaksa Déwi Asri tulus ditikahkna ku Sunten Jaya, tapi terus pista baé.

Kacaturkeun Munding Laya parantos turun ti kahiyangan bari ngabantun lalayang katut jimat-jimat lianna pamahanan Déwa Pohaci Wiru Mananggay. Dibarengan ku Munding Sangakala Wisésa, terus nyampeur uwa-uwana jeung Ki Léngsér anu ngarantosan di bumi. Ti dinya kabéhanana kebat muru ka Muarabérés.

Ahirna Munding Laya cios réndéngan jeung Déwi Asri, atuh Sunten Jaya pohara benduna. Waktu pamahugi ka Déwi Asri dipundut deui ku Sunten Jaya, nya diputus ku Jaksa Pajajaran Demang Patih Rangga Gading, yén sakabéh barang nu dibikeun ku Sunten Jaya ka Déwi Asri teu meunang dipénta deui, lantaran dipaké ngalunasan kateusuka manéhna.

Radén Munding Laya di Kusuma (II)[12]

Ku lantaran Radén Munding Laya di Kusuma putra Prabu Siliwangi ti Nyi Padma Wati, pohara kasépna, nepi ka sadaya

[12] *Tjarita Radén Munding Laya di Kusuma Wirakantjana,* Mantri Anom Pajajaran anu garwana Putri Rangga Pupuk Bunga Jaya, Stc. FKIP, Bandung No. 995/Dikt/57.

praméswari pada kasmaran sarta matak ngaginggeungkeun sanagara, nya ramana miwarang ka ibuna supaya Munding Laya dibinasa baé.

Basa badé dibinasa pisan ku Padma Wati, énggal dihalangan ku Kidang Pananjung jeung Gelap Nyawang, sarta direbut, teras Munding Laya téh dipanjara di hulu dayeuh.

Kacarioskeun Prabu Siliwangi ngimpén ningali langlayangan Kancana Domas, sorana aya di jabaning langit, ari nu bogana Guriang Tujuh. Anjeunna palayeun pisan ngagem éta langlayangan téh, nya teras disaur sadaya putra-putuna sugan aya nu sanggupeun ngalayatan impénan. Tapi saurang gé taya nu sayagi. Ku lantaran kitu Prabu Siliwangi merih pati ka Nyi Padma Wati kedah néangan langlayangan Kancana Domas. Upama teu bukti, Padma Wati baris dibinasa.

Nyi Padma Wati teu kinten bingungeunana, teras anjeunna ngabujeng raka-rakana, Kidang Pananjung jeung Gelap Nyawang, naroskeun ingkang putra Radén Munding Laya téa, maksadna mundut tulung.

Munding Laya nu geus dipanjara sajero tujuh taun, waktu ditaros sanggup-henteuna miang ka jabaning langit néang lalayang Kancana Domas, ngawaler yén sanggem ngabélaan karerepet nu jadi ibu.

Sabada dibahanan duhung Tulang Tonggong Pajajaran, Munding Laya kalayan diiring ku Kidang Pananjung jeung Gelap Nyawang, undur ti nagara seja néangan langlayangan Kancana Domas téa. Sindang heula di Muarabérés nepangan Nyi Déwi Asri, putra Rangga Pupuk Bunga Jaya jeung Nyi Gambir Wangi, Munding Laya jeung Déwi Asri pada pasini jangji, yén duanana baris satia.

Sasumpingna ka Pulo Putri, Munding Laya papendak jeung hiji yaksa nu ngaran Jongrang Kala Picung. Der perang ramé pisan, yaksa éléh, sarta teras masrahkeun jimat jeung ngabéjakeun jalan ka sajabaning langit. Biur Munding Laya ngapung.

Der perang deui jeung guriang tujuh lantaran parebut langlayangan. Guriang Tujuh taluk sarta janggélék jadi hiji guriang anu

nelah Munding Sangkala Wisésa.

Sunten Jaya disarengan ku ibu kukut jeung rama kukutna, Nyai Radén Ratna Inten jeung Prabu Guru Gantangan sarumping ka Muarabérés seja narosan Déwi Asri. Gambir Wangi, ibuna Déwi Asri mariksa ka putrana, purun-henteuna, tapi jawab Déwi Asri majar tacan niat lakian, di niatna ogé iwal ti ka Munding Laya. Déwi Asri didesek ku ibuna, lajeng nepangan rakana, Ratu Maléla, anu nuju tatapa. Kalayan saran ti rakana, Déwi Asri kersa ditikah ku Sunten Jaya sok mun dibawakeun papajangan opat puluh leuwih hiji, sarta di mana engké Munding Laya sumping tetep rék madep ka nu sumping, moal ka Sunten Jaya. Éta pamundut sadayana ditedunan.

Teu lami ti harita, jol Munding Laya sumping ka Muarabérés sakedap lantaran badé teras ka Gunung Gumuruh masrahkeun langlayang ka Prabu Siliwangi, anjeunna dipasihan keris kasaktian, puputu tigang ratus, suan karo belah tunggal, carita ti tigang lawé, pamuk dalapan réwu, papatih dalapan puluh, gagaman sayuta malang.

Sabada ramé perang tanding antara Munding Laya jeung Sunten Jaya, Munding Laya ngaboyong Déwi Asri ka Pulo Putri sarta teras aranjeunna tetep-renggenek di dinya nepi ka renung dahuan riab pawarang lantaran loba nu séba ulun kumawula jeung mindeng ngéléh-ngéléhkeun raja lianna.

Radén Deugdeugpati Jayaperang[13]

Putra Prabu Siliwangi, Radén Bagawat Imeng Sonjaya disarengan ku Ki Léngsér sumping ka nagara Rambutpala anu dirajaan ku Radén Demang Jayamantri. Di éta nagara, Imeng Sonjaya ditikahkeun ka raina Jayamantri nu jenengan Nyi Amenglayar.

Ti dinya Jayamantri ngarurug ka nagara Galiota nu dirajaan ku Radén Braja Kilat nu kagungan sadérék istri jenengan Nyi Mas

[13] Nurutkeun C.M. Pleyte, TGB, LVII, Batavia, 1916.

Karantuyan. Galiota taluk, Braja Kilat ngawula ka Imeng Sonjaya, malah raina ogé dibaktikeun, ditikah ku Imeng Sonjaya. Eusi nagara dialihkeun ti Rambutpala ka Galiota.

Radén Deugdeugpati Jayaperang urang Kuta Pamengkang Méga seja ulun kumawula ka Imeng Sonjaya di nagara Galiota. Raina Deugdeugpati, Nyi Mas Inten Badaya ditikah ku Imeng Sonjaya. Sarta ku lantaran Deudeugpati katingal pohara gagahna, teras dijenengkeun patih luar minangka senapati. Jayamantri jadi patih jero, ari Braja Kilat jadi galandang karang purah jaga lawang.

Ti dinya Deugdeugpati Jayaperang seueur naluk-nalukeun nagara luar, ngaboyong para ponggawa sina kumawula ka Imeng Sonjaya, sarta boyong istri sadayana ditikah ku raja.

Nyi Amenglayar nuju kakandungan, palay dipangmacakeun. Raja Imeng Sonjaya nyaur Deugdeugpati miwarang maca. Tengah wengi Amenglayar nyaketan Deugdeugpati anu nuju jongjon mangmacakeun anjeunna.

Keur kitu katingalieun ku Braja Kilat, timbul niat jahatna, tuluy duanana disirep, malah Deugdeugpati sina pakeukeup-keukeup jeung Nyi Amenglayar. Ti dinya teras Braja Kilat wawartos ka Raja Imeng Sonjaya.

Raja teu kinten benduna, teras nimbalan supaya Deugdeugpati jeung Nyi Amenglayar dipaéhan, haténa kedah kasanggakeun ka anjeunna. Barang Nyi Amenglayar badé ditewek pisan ku Braja Kilat kapendak ku Ki Léngsér, pokna: "Ulah dipaéhan Nyi Amenglayar téh upama salira palay jeneng raja, leuwih hadé disimpay baé." Braja Kilat nurut, Nyi Amenglayar disimpay teras dialungkeun ragrag ka Leuwi Batok. Ari nu disanggakeun ka raja, taya lian iwal ti haté anjing.

Deugdeugpati jeung Jayamantri teu suka dipaéhan ku Braja Kilat, teras baé pada maéhan manéh. Mayit-mayitna dibalangkeun ku Braja Kilat, ragrag ka Leuwi Batok sami sareng Nyi Amenglayar.

Deugdeugpati, Jayamantri jeung Nyi Amenglayar kocapkeun harirup deui. Nyi Amenglayar babar, putrana pameget sarta kasép, dipasihan jenengan Nubagus Luput Sakeudeung Radén Simpay

Katulayah anu aya di Leuwi Batok Pangéran Rangga Uyuhan.

Perang ramé di nagara waktu Deugdeugpati jeung Jayamantri seja masrahkeun Pangéran Rangga Uyuhan ka Raja Imeng Sonjaya. Braja Kilat kasoran nepi ka hanteuna, Nyi Mas Karuntuyan ogé nya kitu.

Ahirna Deugdeugpati Jayaperang dijenengkeun raja di Nagara Galiota, Jayamantri jadi raja di Nagara Rambutpala, ari Radén Bagawat Imeng Sonjaya jadi raja di Nagara Kutagedogan.

Nyai Sumur Bandung[14]

Prabu Sena Pakuan nu jumeneng raja di Pajajaran kersana badé ngalamar Nyi Sumur Bandung urang nagara Bitung Wulung. Tapi taya saurang gé nu sanggupeun néang ka éta nagara, iwal ti hiji aki-aki anu keur tatapa di Kélong Papanggungan.

Éta aki-aki téh sabenerna Kuda Pati Langen Sari, rakana Nyi Sumur Bandung, anu tatapa hayang néang picarogéeun raina. Teras Kuda Pati Langen Sari angkat ka Nagara Bitung Wulung.

Nyi Sumur Bandung jeung rakana arangkat ka Pajajaran bari mawa nagarana ku anjeun, dilebetkeun kana panjara beusi, nganggé jalan awang-awang.

Di tengahing jalan Sumur Bandung jeung Kuda Pati Langen Sari nalukkeun Radén Pati Gangsa Wayang, Radén Pati Rangga Wayang jeung Nyai Sarasa Wayang nu keur lalayaran di sagara. Tiluanana diasupkeun ka jero panjara beusi dibawa ka Pajajaran.

Iwal ti éta Badak Hambalang jeung Gajah Hambalang anu geus wani-wani ngarungkup nu keur balayar ti méga malang, taraluk deuih, teras kumawula ka Kuda Pati Langen Sari.

Ti dinya Rangga Wayang bisa ngiwat Nyai Aci Waringin ti Nagara Kuta Waringin. Raka Aci Waringin nu jenenganana Gajah Waringin perangna kawon ku balad Kuda Pati Langen Sari.

Sadayana miang ka Pajajaran.

[14] Nurutkeun anu dimuat dina Volksalamanak Soenda, Batavia,1919.

Prabu Séna Pakuan nikah ka Sumur Bandung, sarta kabéh para ponggawa ulun kumawula ka Raja Pajajaran.

Nyi Pohaci Sanghiang Asri[15]

Batara Guru nu aya di sawarga loka tunggal turunan Nabi Adam jeung Siti Hawa kéněh. Ngan anjeunna nu ngeréh sakuliah jagat, dibantu ku para déwata lianna, di antarana nyaéta Déwa Narada.

Dina hiji mangsa Batara Guru kersana badé ngadamel balé bandung. Sakumna para déwa nu aya di sawarga kedah nya-yagikeun bahan-bahanna. Déwa Anta pohara bingungeunana lantaran teu tiasaeun nyaosan pamundut Batara Guru, kedah nya-yagikeun tatapakan. Tina bingungeunana curucud baé Déwa Anta téh nangis, tilu keclak cipanonna jadi tilu siki endog.

Kalayan saran ti Batara Narada, Déwa Anta seja ngadeuheus ka Batara Guru, tapi di jalan endogna peupeus dua, lantaran diganggu ku heulang belang. Tina éta endog nu dua téh lahir Sangkala Buat jeung Budugbasu, anu tuluy dipulung anak ku Sapi Gumarang.

Batara Guru miwarang nyileungleuman endog nu hiji deui ka Déwa Anta, ana megar jadi putri geulis, jenengan Nyi Pohaci.

Déwa Wenang nu paureun ningali sawarga cambal, nyaéta upama Nyi Pohaci anu sakitu geulisna ditikah ku Batara Guru, teras masihan buah holdi ka Nyi Pohaci, datang ka teu kersaeun nyusu deui ka Déwi Uma, istri Batara Guru. Ku lantaran teu kersaeun nyusu baé, Nyi Pohaci téh pupus. Tina kuburanana kaluar rupa-rupa tutuwuhan, kayaning paré, haur cucuk, haur temen, awi tali, kawung jeung sajaba ti éta.

Éta tutuwuhan téh ku Aki Bagawat Sakri diiangkeun ka Pajajaran, disanggakeun ka Prabu Siliwangi, sina dipelak, kalayan

[15] Nurutkeun R. Satjadibbrata, *Wawatjan Soelandjana,* Balé Poestaka, Batavia Centrum, 1931.

timbalan Batara Guru. Ti harita Pajajaran téh jadi sugih mukti beurat beunghar, paré jadina subur, teu kurang pangan. Ari nu ngurus paré nepi ka jadi sangu nyaéta Nyi Déwi Nawangsasih, istri nu kawitna widadari ti sawarga.

Sajaba ti soson-sosonna urang Pajajaran melak paré, mindeng diroris sarta dijaring ku Semar katut anak-anakna kalayan timbalan Batara Guru. Malah Batara Guru ku anjeun jeung Batara Narada ogé sering ngahaja sumping ngalanglang pasawahan, tapi dina rupa piit bodas, gegeleberan ka ditu-ka dieu.

Waktu Dempu Awang[16], hiji nangkoda beunghar, datang ka Pajajaran rék meuli paré, Prabu Siliwangi teu masihan, lantaran saur anjeunna paré nu aya di Pajajaran téh mung sakadar titipan wungkul. Atuh Ki Nangkoda pohara keuheulna. Ti dinya manéhna ménta tulung ka Sapi Gumarang katut balad-baladna supaya ngaganggu paré nu aya di Pajajaran.

Sapi Gumarang, Kalabuat jeung Budugbasu jadi hama paré. Urang Pajajaran pohara sarusaheunana. Kabeneran aya pitulung ti Sulanjana, Talimendang jeung Talimenir, tiluanana putra Déwa Wenang, nepi ka hama-hama paré téh bisa disieuhkeun. Sapi Gumarang éléh ku Sulanjana sarta manéhna taluk jeung jangji moal ngaganggu deui paré, malah sabalikna rék milu mangjagakeun. Kitu deui babaturan Sapi Gumarang, nyaéta Budugbasu jeung Kalabuat, duanana pada taluk ka Sulanjana.

Anu ngarasa tumuwuhna paré téh, iwal ti éta, nyaéta Déwa Anta kalayan timbalan Déwa Guru. Jenengan Déwa Anta ti harita diganti jadi Naga Anta.

Ari Déwi Nawangasih, ku lantaran rusiah nyanguna katingali ku Prabu Siliwangi, mulang deui ka sawarga loka. Ti harita prak-prakan nyangu téh kudu nutu heula, ngisikan heula jeung saterusna nepi ka kiwari.

[16] Dina Wawacan Sulanjana ditulis *Dempung Awang*.

Dadap Malang[17]

Dén Kumbang Bagus Sétra jeung Nyi Putri Purnama Sari waktu dayeuh Pajajaran diubrak-abrik ku balad Islam, lumpat ka Pamoyanan dibarengan ku kapetengan satia nu jenengan Rakéan Kalang Sunda. Purnama Sari téh putri istri ratu Pakuan Pajajaran.

Raja katut ponggawa lianna, kitu deui Ki Léngsér, lolos ti dayeuh, ngan papisah jeung Nyi Purnama Sari mah.

Dayeuh Pakuan harita geus dihuru ku musuh. Balad Islam terus ngobrot urang Pakuan nu lalumpat, di anatarana nyaéta Al Kowanah–urang Pajajaran nu biluk ka musuh, anu ngaran asalna Jaya Antéa.

Dina suasana keur sakitu tagiwurna, Rakéan Kalang Sunda kungsi pahareup-hareup jeung Jaya Antéa. Der ramé pacéntal-céntal marebutkeun bebeneran masin-masing. Di antarana Rakéan ngésék-ngésékkeun, majarkeun téh Jaya Antéa nu rupana sarimbag pisan jeung Prabu Anom Miyang Santang, geus akon-akon ka nu séjén yén manéhna nu jadi Prabu Anom téh. Padahal Prabu Anom Miyang Santang Aria Cakrabuana mah tetep aya di Pajajaran, malah harita keur ngaluluguan baladna ngalawan balad Islam, sasarengan sareng Prabu Sepuh. Ditambah deui yén Jaya Antéa tetep neundeun haté ka Nyi Purnamasari sanajan Nyi Purnamasari mah teu puruneun.

Bagus Sétra sabil manahna, lantaran ari ceuk kapalayna mah anjeunna téh nyongsrong niat milu tarung jeung musuh. Ngan ku lantaran demi salametna Nyi Purnamasari–kitu ceuk timbangan Rakéan Kalang Sunda–anjeunna kedah gancang ngajauhan musuh, nyélongkeun putri.

Sababaraha kali Rakéan nulungan Bagus Sétra jeung Nyi Purnamasari tina bahaya, lain baé tina bahaya musuh nu terus ngudag-ngudag, tapi tina bahaya sato leuweung deuih, upama waktu aya maung jeung oray nu aya di jajalaneunana. Radén Kumbang

[17] Nurutkeun Rakéan Minda Kalangan, *Pantun Bogor Dadap Malang Sisi Tjimandiri,* Badan Penerbit Manglé Bogor, 1964.

Bagus Sétra pohara tumarimaeunana ka Rakéan, kitu deui Nyi Purnamasari–ngan baé tumarima Nyi Putri mah rada ditambahan ku rasa nu béda, rasa birahi. Sabenerna Rakéan ogé nya kitu baé, da lalaki, tapi anjeunna mah jangji dina manahna yén moal ngacirikeun, komo deui mun ngalakukeun mah. Upama anjeunna nepi ka loncér imanna, hég ngajurung napsu, cenah mending hadé jadi lutung baé.

BABANDINGAN CARITA PANTUN

Timbul persualan, naha sampel-sampel nu jumlahna sapuluh téh répresentatif atawa henteu? Ngingetkeun deuih, yén éta sampel-sampel téh teu nyokot tina carita-carita pantun linisan, tapi tina carita-carita pantun tulisan, tur padahal nepi ka ayeuna carita-carita pantun téh aya dina anggapan asup kana sastra lisan. Katambah yén anu dipaké sampel téh teu kabéh nu gelar dina wangun pantun, upamana baé Radén Kamandaka (Babad Pasir Luhur), Munding Laya di Kusuma Prabu Wira Kancana, Nyi Sumur Bandung jeung Nyi Pohaci Sanghyang Sri.

> *In the field of oral literature the assembly of materials has its own special problems, such as the discovery of a competent singer or narrator, tact skill in inducing him to sing or to recite, the method of recording his recitation by grme phone or by phonetic writing, and many others.*[18]

Ku samprorétana pakeun nu aya di nu nulis, sampel-sampel téh buktina ngan sakitu. Tapi pikeun ngungkulan persualan di luhur, rék maké jalan kieu: Pikeun nalungtik eusi pantun sacara gembleng ku jalan ngabanding-banding sakabéh sampel nu geus dipidangkeun, tapi pikeun nalungtik basa jeung wangunanana mah ngan ngabanding-banding sampel-sampel nu maké wangunna pantun wungkul.

[18] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.* kaca 58.

Tempat Manggung Carita

Upama niténan tempat-tempat nu dipaké manggungna tokoh-tokoh jeung tempat-tempat kajadian dina carita pantun, sacara intuitif jeung ngagunakeun rasa basa Sunda, bisa ditarik kacindekan-kacindekan yén carita-carita pantun téh jiga enya kajadianna di Tanah Sunda jaman baheula. Ditambah deui ku béja-béja nu kaunggel dina sajarah ngeunaan patempatan anu kungsi aya, atawa nu ayeuna aya kénéh, sok rajeun sapagodos jeung patempatan-patemptan nu kapanggih dina carita-carita pantun.

Tempat-tempat nu mindeng kapanggih dina carita pantun kayaning: Galih Pakuan, Pakuan Pajajaran, Pajajaran, Pakuan, Pasir Batang anu Girang, Pasir Luhur, Gunung Padang, Gunung Gumuruh, Muarabérés, Citanduy, Cihaliwung, Cisadané, Leuwi Sipatahunan, Baranangsiang, Rambutpala, Galiota, Bitung Wulung jeung Kutagedongan sawaréh aya kéneh nepi ka ayeuna, sawaréh tinggal urutna jeung sawaréh deui geus euweuh urut-urutna acan, can kapaluruh atawa mémang ngan ukur fiktif wungkul.

Jurupantun salaku kréator boga kabébasan pikeun nyipta atawa nangtukeun jeung méré ngaran patempatan dina carita-carita pantun. Bisa jadi aya sumberna, tapi bisa jadi ogé ngan wungkul ciciptaan anu tangtuna baé dina waktu milihna ngagunakeun rasa basana, jeung imajinasina.

Dina tempat-tempat nu unina Gunung Padang, Gunung Gumuruh, Muarabérés jeung sapadana, kagambarkeun imaji visuil (*visual image*) anu némbongkeun jiwa éta patempatan, yén di Gunung Padang téh aya hiji ajar anu padang haténa, yén di Gunung Gumuruh téh aya manusa-manusa nu paramuk, yén di Muarabérés téh aya hiji putri nu geulis.

> *The visual image is a sensation or a perception, but it also 'standefor', refers to, something invisible, something 'inner'.*[19]

[19] *ibid,* kaca 186.

Umumna tempat-tempat nu kapanggih dina carita pantun téh aya di beulah kalér Pasundan, sedeng anu disebut di beulah kidul ngan ukur ngaran-ngaran leuweung. Leuweung Denuh nu aya di daérah Sukabumi, leuweung Sancang nu aya di pakidulan Garut, Ujung Kulon nu aya di Banten Kidul. Jigana sanajan dina taun 1030 Maséhi di lebah Cibadak, Sukabumi, geus aya karajaan nu ngaranna Sunda nu dirajaan ku Sri Jayabupati[20], tapi umumna nepi ka abad 15, beulah kidul Pasundan téh leuweung geledegan kéhéh.

Hal ieu bisa jadi dilantarankeun ku ayana jalan gedé nu nga-hubungkeun Galuh jeung Pakuan Pajajaran.

> *Menurut Ten Dam, dari Pakuan Pajajaran ada sebuah jalan yang dapat melalui Cileungsi atau Cibarusa, Warung Gedé, Tanjungpura, Karawang, Cikao, Purwakarta, Sagalahérang, terus ke Sumedang, Tomo Sindangkasih, Rajagaluh, Talaga, Kawali dan … ke pusat kerajaan Galuh Pakuan di sekitar Ciamis dan Bojong Galuh.*[21]

Ditambah deui ku kanyataan, yén kapanggihna carita-carita pantun téh umumna ti daérah-daérah nu kaliwatan ku éta jalan, kayaning Bogor, Sumedang, Kuningan, Ciamis jeung Tegal. Hal éta ngamungkinkeun yén tempat manggung carita-carita pantun téh lolobana aya di daérah éta. Iwal dina carita pantun Bogor, nu mindeng nyaritakeun patempatan-patempatan nu aya di pakidulan Bogor, lantaran sawatara lalakon ngagambarkeun lolosna urang Pakuan Pajajaran ka beulah kidul waktu dayeuh direbut ku balad Banten Islam.

Tina sapuluh carita pantun di luhur, ngan carita *Lutung Kasarung* nu teu nyebut-nyebut Galih Pakuan, Galuh, atawa Pajajaran téh, ngan kasebut Pakuan Kalangan wungkul. Nagara nu disebut di dinya nyaéta Nagara Pasir Batang anu Girang. Dibandingkeun jeung *Babad Pasir*, carita *Lutung Kasarung* téh sasaruaanana dina hal

[20] Drs.H. Ma'mun Atmamihardja, *Sajarah Sunda*, Ganaco N.V., Bandung-Jakarta, 1958, kaca 52-53.

[21] Drs.Moh.Amir Sutaarga, *Prabu Siliwangi,* Duta Rakjat, Bandung 1965. kaca 52.

patempatan, nyaéta Pasir Luhur jeung Pasir Batang anu Girang, tapi ku harti basa, éta patempatan téh aya sasaruaanana. Kecap "luhur" dina harti sapopoé mah sarua jeung kecap "girang". Biasana patempatan nu aya di luhur, ayana sok aya di girang; atawa sabalikna, yén anu girang téh tangtu leuwih luhur batan nu aya di hilir.

Kecap "luhur" jeung kecap "girang" dina harti sékundér, sarua bisa dipatalikeun. Istilah "girang puun" di Kanékés, sarua jeung "puun nu luhur nu kudu dihormat".

Dina *Ratu Bungsu Karma Jaya* (*Lutung Leutik*) disebut nagara Margacinta, minangka Pasir Luhurna dina *Kamandaka*, atawa minangka Pasir Batang anu Girang-na dina *Lutung Kasarung*. Ngingetkeun yén leunjeuran caritana antara *Lutung Kasarung* jeung *Lutung Leutik* loba sasaruaanana. Nagara Margacinta téh idéntik jeung nagara Pasir Batang anu Girang atawa nagara Pasir Luhur. Bisa jadi jurupantun nu méré ngaran Pasir Luhur jeung Pasir Batang anu Girang nyiptana téh seja ngagambarkeun patempatan, nyaéta nagara nu dayeuhna aya di hiji pasir nu luhur atawa nu girang. Sedeng jurupantun nu méré ngaran Nagara Margacinta, nyipta hiji ngaran nagara tempat tepungna asih antara dua tokoh nu ngalalakon, nyaéta Ratu Emas Bagandan Sari jeung Ratu Bungsu Karma Jaya. Tegesna Nagara Margacinta téh, marganing (jalan) tepungna cinta antara Bagandan Sari jeung Ratu Bungsu. Tina perkara jurupantunna nyebut atawa ngalisankeun Nagara Margacina lain Nagara Margacinta[22], éta mah bisa jadi ngan salah ucapan wungkul.

Sanajan dina *Lutung Kasarung* teu aya kasebut-sebut Galuh atawa Pajajaran, tapi dina *Lutung Leutik* jeung *Kamandaka* mah aya. Dina *Lutung Leutik* dicaritakeun yén Ratu Bungsu téh nilar Pakuan Pajajaran seja ngalalana ka Tatar Wétan, atuh dina *Kamandaka*, Radén Banyakcatra ti Pajajaran miang ka Pasir Luhur. Dina ahirna, boh dina *Lutung Kasarung*, boh dina *Lutung Leutik* disebut-sebut ngadegna Pakuan Kalangan.

[22] R.S. Wirananggapati , *op.Cit.,* kaca 3

Tina perkara kecap ”pakuan” rupa-rupa nu napsiranna.

> *Holle berpendapat, bahwa ibukota Kerajaan Sunda ini diberi nama Pakuan, dari kata paku (pohon paku, pakis), sehingga Pakuan Pajajaran akan berarti “tempat yang ada jajaran pohon-pohon paku”. Prof. Poerbatjaraka berpendapat, bahwa kata “pakwan” tidak lain artinya daripada “hof” (istana, dalam bahasa Jawa “pakuwon” artinya artinya tempat kediaman) yang berasal dari kata “kuwu”*
>
> …….
>
> *Sehubungan dengan ini, ada pula pendapat orang Sunda, bahwa boleh jadi nama Pakuan Pajajaran berasal dari nama sebuah pohon yang sampai sekarang masih tumbuh di Bogor, yakni “pakujajar”.*
>
> ……
>
> *Penafsiran lain dapat kita ambil dari karangan Ten Dam, yang menyatakan, bahwa kata paku harus dihubungkan dengan* lingga *kerajaan yang ada di sebelahnya prasasti Batutulis. Paku dalam arti lingga sesuai dengan penafsiran jamannya ketika itu berarti* sumbu jagat *yang hubungannya memang erat dengan kedudukan raja masa itu…..*[23]

Ahiran “an” dina kecap “Pakuan” boga harti ngaboga, tegesna anu ngabogaan paku. Conto-conto séjénna upama: buluan, buntutan, sihungan, tandukan, jeung sajaba ti éta[24]. Boh dina basa Malayu, boh dina Jawa Kuna, kecap barang anu maké ahiran “an” téh teu boga harti sakumaha nu disebut di luhur[25].

Pakuan dina harti hiji tempat nu aya pakuna bisa disaruakeun jeung istilah “dayeuh” anu ilahar dipaké dina basa Sunda baheula, upama paku disaruakeun jeung lingga. Upama paku disaruakeun jeung pakis, Pakuan téh boga harti tempat anu aya tangkal paku.

---

[23] Drs. Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.,* kaca 43, 44, 45.

[24] R. Momon Wirakusumah, I. Buldan Djajawinangun, *Kandaga Tatabasa*, Ganaco, Bandung-Jakarta, 1962. kaca 41.

[25] Ilikan St.Muh. Zain, *Djalan Bahasa Indonésia,* Dharma, Jakarta. kaca 49 jeung A. Prawirasuganda dan S. Sauni, *Bahasa Djawa-Kuna I,* Masa Baru, Bandung. kaca 58-59.

> *… bahwa Ton Dam, membedakan tegas antara "pakwan" dan "kadatwan". Pakwan berarti ibukota pusat kerajaan yang ada paku-nya, lingganya, sedang kadatwan ialah keratonnya. Dan memang, kadatwan di Pakuan Pajajaran, punja nama sendiri yakni, seperti yang telah kita singgung terlebih dahulu: "Sri Bima Untarayana Madura Suradipati. Dengan demikian, maka terhindarlah kekacauna pengertian antara "hofstad" (Pakwan) dan "hof", "konings burcht" (kadatwan, dalam istilah bahasa Sunda sekarang antara "dajeuh" dan "kadaton")*[26]

Hal éta mémang geus tétéla jeung sapagodos jeung nu kaunggel dina *Carita Parahiyangan*:

> *Sang Susuktunggal inyana nu nyieun (n)a pala(ng)ka Sriman Sriwacana Sri Baduga Maharajadiraja, ratu haji di Pakwan Pajajaran. Nu mikadatwan Sri-Bima-Untarayana, Mandura Suradipati inyana Pakwan Sanghijang (ng) Sri Ratudewata.*[27]

Ngingetkeun kana hal-hal nu geus disebutkeun di luhur, tempat-tempat Pakuan, Pakuan Pajajaran, Galuh Pakuan, Pakuan Kalangan anu kapanggih dina carita-carita pantun téh, bisa jadi nuduhkeun puseur pamaréntahan atawa dayeuh. Tapi ku lantaran umumna jurupantun teu pati gugon kana harti asalna, antukna Pakuan dina harti dayeuh karaton jeung nagara téh dipabaliutkeun.

Ngaran Pajajaran iwal ti kapanggih dina carita-carita pantun, *Carita Parahiyangan* jeung *Waruga Guru* kapanggih ogé dina Prasasti Batutulis Bogor jeung piagem tambaga nu aya di Kabantenan, ku kituna beunang dipastikeun yén Pajajaran téh aya bukti historisna. Pikeun urang luar, urang Portugis upamana anu harita geus ngayakeun hubungan hubungan jeung Pajajaran, ngaran Pajajaran téh kawasna baé teu pati populér, nu biasa digunakeun nyaéta:

[26] Drs. Moh. Amir Sutarga, *op.Cit.,* kaca 46-47.

[27] Drs. Atja, *Tjarita Parahyangan,* Yayasan Kebudayaan Nusalarang, Bandung 1968. kaca 29.

Sunda (*in questa nasce molto pevero*), *Sunda yang ditumbuhi lada*[28]. Kabuktian deui dina méré ngaran Kapuloan Sunda Besar (Sunda Mayor) jeung Sunda Kecil (Sunda Minor) anu asalna ti urang Portugis.

Tina hal harti Pajajaran, aya nu ngahartikeun asalna tina ngaran tutuwuhan nu disebut "pakujajar" jeung aya nu ngahubungkeun jeung kanyataan yén Pakuan téh dihapit ku dua walungan nu ngajajar, nyaéta walungan Cihaliwung jeung Cisadané[29].

Hiji hal nu narik perhatian, dina *Deugdeugpati Jayaperang*, nyaéta hiji carita pantun nu kapanggih di daérah Tegal, dina rajahna témbrés pisan nataan kaayaan tempat nu aya di Pakuan Pajajaran nu saluyu kéněh jeung kaayaan Kota Bogor ayeuna.

Cihaliwung nunjang ngidul
nyanghulu ka Gunung Sembung
Cisadané nunjang ngalér
nunjang ka Nusa Barang-barangan
di tengah Cirancamaya
ka béh wétan cai Peucang
…….[30]

Ngingetkeun pernahna Tegal téh kawilang jauh ti Bogor, tataan sarupa kitu téh nurutkeun timbangan nu nulis "leuwih matak ngagebeg" ti batan tataan dina Pantun Bogor ngeunaan kaayaan Pakuan Pajajaran. Hal ieu baris disawang nu leuwih jembar engké di tukang.

Sajaba ti Pakuan jeung Pajajaran, tempat nu mindeng kapanggih dina carita-carita pantun téh nyaéta Galuh jeung Galih.

Galuh (*galu*, Saskr.) nyaéta ngaran sarupa permata[31], pérak

[28] Prof.H.M. Yamin, *Tatanegara Majapahit II,* Prapantja, Jakarta. kaca 333.
[29] Drs. Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.,* kaca 46.
[30] T.B.G., LVII. kaca 469.
[31] R. Satjadibrata, *Kamus Basa Soenda,* Balé Poestaka, Jakarta, 1948. kaca 108.

atawa ratna *sebagai sebutan putri anak raja*[32].

> *Galu, namé of district in the interier of the residency of Cherebon, from whence Chiung Wanara and Radén Tanduran, the founders of Pajajaran and Majapahit ware descended*[33]

Béda jeung Galuh, Galih mah salawasna sok dikantétkeun jeung Pakuan, jadi Galih Pakuan anu sakapeung mah jadi Galuh Pakuan. Nilik Galih Pakuan sok dipacorokkeun jeung Galuh Pakuan, kecap "galih" jeung "galuh" di dieu mah saharti atawa sawanda.

Galih, haté, kagalih: kapikir[34]; bandingkeun jeung galuh, *the heart wood of trees which is generally hard and enduring, the heart and hard part of any substance, wood, stone or other object*[35].

Galih Pakuan hartina Haté Pakuan, ari Galuh Pakuan sarua jeung Permata Pakuan. Patalina harti "haté" jeung "permata" mémang logis jeung rasional dina harti rasa basa mah: haté nyaéta babagian badan anu pangmahalna lir saupama permata.

Upama pakuan sarua jeung "dayeuh", Galih Pakuan atawa Galuh Pakuan bisa dihartikeun "puseur dayeuh" atawa "bagian dayeuh nu pangpentingna", malah bisa jadi ogé maksudna téh: karaton.

Dina *Babad Pajajaran* kasebut-sebut ratu Galuh, demi dina *Sajarah Galuh* aya nu disebut Maharaja Adi Mulya Ratu Galuh[36]. Dina *Carita Parahiyangan* ngaran Galuh téh pangheulana kapanggih dina kalimah "*ku Sang Wretikandayun dibaan pulang ka Galuh*"[37], sedengkeun dina *Waruga Guru* dina kalimah "*Ratu pusaka di jagat*

---

[32] W.J.S. Poerwadarminta, *Kamus Umum Bahasa Indonésia I,* Balai Pustaka, Jakaarta, 1966. kaca 282.

[33] Jonathan Rigg, *A Dictionary of Sunda Language,* Lange & Co, Batavia, 1862, 119.

[34] R. Satjadibrata, *op.Cit.* kaca 108.

[35] Jonathan Rigg, *op.Cit.* kaca 119.

[36] Drs.Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.* kaca 119.

[37] Drs. Atja, *op.Cit.,* kaca 16.

peramudita, éta kanyahoan ratu Galuh"[38]. Dina carita pantun *Ciung Wanara* kapanggih ngaran Galih Pakuan jeung Radén Galuh Barma Wijaya Kusuma.

Dina carita Panji, Galuh téh dipaké ngaran tokoh, upama: Radén Galuh Candrakirana jeung Putri Galuh[39].

Niténan sakur nu ditataan di luhur, Galuh téh bisa dilarapkeun kana ngaran jelema jeung nagara (tempat). Ratu Galuh hartina Ratu ti Galuh, atawa mémang jenenganana Galuh seperti dina Radén Galuh Barma Wijaya.

Tapi cukcrukan sajarah méré bukti, yén Galuh téh ngaran hiji nagara nu ayana di Priangan Wétan (Kawali, Ciamis) anu ngadeg nepi ka taun antara 1474-1513 nyaéta mangsa ngeréhna raja anu jenengan Sri Baduga Maharaja atawa Prabu Siliwangi. Di antara taun éta puseur karajaan dipindahkeun ka beulah kulon, ka Pakuan Pajajaran lebah Bogor kiwari[40].

Kacindekan ti nu dipedar di luhur, ngaran-ngaran tempat dina carita-carita: Galuh Pakuan, Pakuan Pajajaran, jeung Pakuan Pajajaran mémang ngaran-ngaran tempat nu kungsi aya, anu miboga bukti historis. Nya di tempat-tempat éta tokoh-tokoh sajarah Sunda baheula némbongkeun perananana sarta nya ieu pisan anu geus ngagerakkeun haté jurupantun pikeun nyipta atawa nyaritakeun deui éta tokoh-tokoh sastra carita pantun.

Sedengkeun nagara-nagara lianna kayaning Muarabérés, Bitung Wulung, Kuta Waringin, Galiota (disa jadi tina Galih Kota) jeung saterusna, acan sakabéhna kapaluruh bukti historisna. Upama éta tempat-tempat téh mémang kungsi aya dina sajarah, bisa jadi beukahan Galuh atawa Pajajaran.

Iwal ti tempat-tempat nu disebut di luhur, dina carita-carita pantun mindeng kapanggih ngaran (tempat) Buana Pancatengah jeung Kahiyangan, nu saharti jeung dunya, sawarga.

---

[38] *Poesaka Soenda* No.9,1925, kaca 130.

[39] Prof.Dr.R.M.Ng.Poerbatjaraka, *Tjerita Panji dalam Perbandingan,* Gunung Agung, Jakarta, MCMLXVIII, kaca 7, 96, 175, 317, 411-412.

[40] Drs. Moh. Amir Sutarga, *op.Cit.,* kaca 34-39.

Dina *Lutung Kasarung* kaunggel kieu:

> Caturkeun ratu di manggung, carita di kahiyangan. Guru Minda Kahyangan, anak déwata cikalna titisan Guru Hyang tunggal, seuweu batara di langit
> ……..
> "Ulah goréng tingkah ka pangasuh, pamali batan maling, haram batan jinah; geura bérés pijodoeun, aya nu sarupa jeung Ambu di Buana Pancatengah.

Tina ucapan-ucapan bieu katangén, yén Kahiyangan téh ayana di luhur sarta Buana Pancatengah di handap; di langit jeung bumi. Biasana dina carita-carita pantun Kahiyangan jeung Buana Pancatengah téh kasabit-sabit dina rajah pamukana. Tapi dina *Lutung Kasarung* jeung *Munding Laya* mah Kahiyangan jeung Buana Pancatengah téh malah jadi tempat manggungna carita.

Kahiyangan kecap rundayan tina *hiyang* maké rarangkén kajeung -an, hartina tempat (matuhna) hiyang. Ari hiyang asalna tina *yang* anu pihartieunana déwa[41] , *divinity-codhead*[42], jiwa atawa lelembut[43]. Jadi *kahiyangan* téh tempat déwata, tempat jiwa atawa tempat lelembut. Upama *kahiyangan* téh asli Sunda, déwa di dinya bisa dihartikeun rupaning dat sabangsa déwa saperti nu sok kacatur dina carita-carita pantun Sanghiang, Rahiang, Dangiang, Sunan Ambu, Pohaci jeung Bujangga. Éta kabeh minangka perlambang lelembut atawa jiwa para karuhun anu dina carita pantun mah disebut Sang Rumuhun téa.

> ruhun (nu mimiti atawa nu ti heula); Sang Rumuhun: Déwa nu mimiti; jaman rumuhun: jaman baheula; karuhun: kolot-kolot nu hirup ti heula (baheula).[44]

[41] R. Satjadibrata, *op.Cit,.* kaca 140.
[42] Jonathan Rigg, *op.Cit,.* kaca 155.
[43] Saléh Danasasmita, *Kahiangan,* majalah *Baranangsiang* 2, kaca 5-44.
[44] R. Satjadibrata, *op.Cit,.* kaca 324.

Di Bali nu disebut kahiyangan téh nyaéta *the name for temple, or place for a Divinity*, sedengkeun di Kanékés (Baduy) *names of some of their devinities, as Déwi Kinca Raja Hiang, which in this case appears to be a female deity*[45].

Cindekna Kahiyangan téh dina carita pantun mah boga tempat nu istiméwa, lantaran apan cénah "ti mana picaritaeun, tetep mah ti kahiyangan". Ku kituna hubungan Kahiyangan jeung hirupna manusa alam harita pohara raketna, malah Kahiyangan pisan nu jadi sumberna ogé. Hal ieu raket patalina jeung anggapan manusa Sunda harita.

Demi Buana Pancatengah, anu nurutkeun logika upama ngabandungan pantun hartina bumi atawa dunya téa, nyaéta tempat hirupna manusa nu boga raga badag kénéh. Anu geus pasti hartina bumi, taneuh atawa dunya, nyaéta buana, demi Pancatengah minangka prédikatna atawa ngaranna.

Pancatengah nu hartina *in the midst, middle* atawa *mid*[46], bumi nu dicicingan ku urang[47], bisa disurahan ku alam pikiran mistik Sunda: Buana Opat Kalima Pancer.

> Kecap lima, pituin basa karuhun urang. Harti sacéréwélna mah saenyana *leungeun.*
> ……..
> Dina leungeun téh aya ramo …. Didasarkeun kana kanyataan ramo téa, nya dina basa karuhun urang jeung urang ayeuna kecap lima anu hartina leungeun téh boga ajén bilangan anu sarua jeung 4 + 1. [48]

Tapi bisa ogé disurahan ku logika manusa nu wajar, yén cék pangrasa hiji individu, manéhna téh aya di tengah-tengah, lantaran di luhur aya langit jeung di handap aya bumi. Hal ieu saluyu jeung anggapan manusa Sunda baheula, yén buana téh aya tilu: Buana

[45] Jonathan Rigg, *op.Cit,.* kaca 154.
[46] Jonathan Rigg, *op.Cit,.* kaca 342.
[47] R. Satjadibrata, *op.Cit,.* kaca 270.
[48] Saléh Danasasmita, *Buana Pancatengah.* Majalah *Baranangsiang 1,* kaca 5-24.

Nyungcung, Buana Tengah jeung Buana Peteng atawa Buana Mongkléng[49].

Sacara horisontal logika manusa téh angger kitu, hiji individu ngarasa dirina aya di tengah, duméh aya kalér, kidul, kulon jeun wétan, sarta kalimana nya tengah, tempat manéhna nangtung. Hal ieu saluyu ogé jeung alam pikiran Buana Opat Kalima Pancer anu saharti jeung Buana Pancatengah.

> *Menurut sistem ini, sebagaimana keadaan dahulunya, seluruh kesatuan sakral dibagi atas lima golongan, yang disusun menurut keempat mata angin, dan sebagai titik tengahnya (pusatnya) yang kelima.*[50]

Cindekna Buana Tengah mah nurutkeun logika vértikal, sedengkeun Buana Pancatengah nurutkeun logika horisontal.

Upama niténan eusi carita-carita pantun, tokoh-tokohna téh aya nu ngalalakon di bumi wungkul (Buana Pancatengah), jeung aya nu di Kahiyangan, aya ogé nu nya di bumi nya di Kahiyangan. Carita *Munding Laya di Kusuma* jeung *Lutung Kasarung*, kaasup kana carita pantun nu tokoh-tokohna, atawa salah saurang tokohna, ngalalakon di dua tempat, di Kahiyangan jeung di Buana Pancatengah.

Ku kituna, nilik kana sampel, carita pantun téh nurutkeun tempat manggunga bisa dibagi dua:

1. *Carita pantun horisontal* atawa *pantun buana*, nyaéta carita-carita pantun nu tokoh-tokohna manggung di Buana Pancatengah wungkul, saperti: *Lutung Leutik, Radén Deudeugpati Jayaperang, Nyi Sumur Bandung* jeung *Dadap Malang*.
2. *Carita pantun vértikal* atawa *pantun kahiyangan*, nyaéta carita-carita pantun nu tokoh-tokohna manggung di buana panca tengah jeung Kahiyangan, saperti: *Lutung Kasarung, Munding Laya di Kusuma Prabu Wira Kancana* jeung *Pohaci Sanghyang Sri*.

[49] Wawancara jeung Pa Sursa, Bogor, 1962.

[50] Dr.J.Ph. Duyyendak, *Inleiding tot de Etnologie van Indonesische Archipel*. terjemahan Soehardi/Soekanto, Tri Tunggal, Yogyakarta. kaca 14.

Tokoh Carita

Pikeun ngagambarkeun idéa nu gembleng, dina hasil sastra nu mangrupa carita cara carita pantun, sajaba ti tempat sakumaha geus dipedar, perlu ayana ciptaan tokoh-tokoh nu maranggungna. Malah nya tokoh-tokoh ieu nu nimbulkeun suasana kajiwaan ogé, lantaran ku jalan ngagambarkeun laku-lampah katut pasipatan tokohna, hiji-hiji carita jadi hirup sarta bisa némbréskeun sakur nu jadi idéa pangarang.

Tokoh-tokoh carita pantun lolobana mangrupa personifikasi manusa biasa ditambah ku ciri-ciri nu ékstrim kayaning tokoh nu bisa ngapung, nu sakti jeung saterusna, saluyu jeung pangabutuh caritana sarta alam pikiran pangarangna.

Saperti dina nyipta patempatan nu loba ngagambarkeun imaji visuil, dina nyipta tokoh-tokoh carita ogé nya kitu, malah leuwih inténsif, lantaran tokoh-tokoh carita mah hirup sacara manusa nu boga jiwa.

Barang-barang tokoh carita ngagambarkeun sipat jeung perwatekan nu boga ngaran sarta mangrupa simbul sipat jeung perwatekan manusa umum, simbul dina harti *suggest that idea of analogy between sign and signified was originally present*[51].

Ngaran tokoh Jongrang Kala Pitung umpamana, nu harti sacéréwélna "nu jangkung begang panjang léngkah waktu poék"[52] nimbulkeun analogi kana pasipatan manusa anu goréng lampah, kana sipat bangsat atawa bégal. Kaorsinilanana katémbong dina ngarobah dua vokal dina pitung, nu asalna "peteng" atawa "peuting". Karasana bakal béda upama Jongrang Kala Pitung dibandingkeun jeung Jongrang Kala Peteng atawa Jongrang Kala Peuting.

Hal nu sarua kapanggih dina ngaran Sunten Jaya. Ku lantaran kecap "santun" nu hartina "sari" atawa kecap "santen" anu

[51] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.* kaca 18.
[52] Kuliah R.I. Adiwidjaja.

hartina "cipati"[53] teu keuna pikeun bahan analogi kana pasipatan anu goréng, nya diganti ku "sunten". Jadi, teu méré ngaran Sari Jaya atawa Santen Jaya, tapi Sunten Jaya, nu tetep kadéngéna mah ngareunah jeung alus, bubuhan jenengan putra kukutan raja nangkoda nu beunghar.

Bisa jadi jurupantun salaku kréator dina méré ngaran tokoh-tokoh caritana téh ngan didasarkeun kana rasa basana hungkul, tapi teu mustahil deuih upama nepi kana tarap pikiran tadi, tarap kasadaran salaku seniman. Hal anu kitu bisa dibandingkeun jeung R. Suriadireja dina nyipta ngaran tokoh-tokoh carita dina *Wawacan Purnama Alam*[54].

Sanajan dina carita-carita pantun langka pisan kapanggih tokoh Prabu Siliwangi ngalalakon sacara aktif, tapi loba pisan kasubat-sabitna. Dina sampel di luhur kapanggih carita-carita pantun nu nyabit-nyabit Siliwangi téh nyaéta: Radén Kamandaka, Munding Laya di Kusuma, Munding Laya di Kusuma Prabu Wira Kancana, Radén Deugdeugpati Jayaperang jeung Nyi Pohaci Sanghiang Sri.

> *Yang jadi tokoh-tokoh cerita pantun tersebut di atas ialah para putra Prabu Siliwangi seperti Jaka Susuruh, Guru Gantangan, Munding Laya di Kusuma, atau para pahlawan Prabu Siliwangi, antara lain Kidang Pananjung, Sulanjana.*[55]

Dina kronik-kronik sajarah atawa prasasti-prasasti, piagem-piagem nepi ka ayeuna can kapanggih nu nyaritakeun ayana Prabu Siliwangi, tapi dina carita-carita pantun mah pohara hirupna. Nurutkeun panalungtikan sajarah tokoh pantun Prabu Siliwangi téh Sri Baduga Maharaja, Ratu Purana Prebu Guru Déwatasrana nu kaunggel dina Prasasti Batutulis, Prebu Naléndra Puja Permana, Ratu Jaya Déwata nurutkeun *Carita Parahiyangan*.

---

[53] R. Satjadibrata, *op.Cit.* kaca 340.

[54] R. Soeriadireja, *Wawacan Purnama Alam,* Jilid I & II, Balé Pustaka, C. II Jakarta, 1956.

[55] Drs. Moh. Amir Sutarga, *op.Cit.,* kaca 10.

Anjeunna ngeréh Karajaan Pajajaran sajero 36 taun. Nya anjeunna nu geus ngadegkeun Pakuan Pajajaran, ngadegkeun karaton Sri Bima Untarayana Madura Suradipati, muka jalan nu butbat ka pagunungan, ngaraksa tanah-tanah perdikan, ngatur upeti ti unggal daérah nu kudu diserahkeun ka Pakuan, nepi ka Pajajaran harita téh jadi nagara nu tangguh, jaya tur makmur.[56]

Leupas tina bener-hanteuna panalungtikan sajarah di luhur, di dieu balik deui kana kanyataan tadi yén Prabu Siliwangi salaku tokoh pantun, lain baé miboga tempat nu jembar dina carita-carita pantun, tapi ogé di masarakat réa, tug nepi ka kiwari.

Urang Sunda ayeuna nu nganggap dirina salaku seuweu-siwi Siliwangi geus netepkeun ngaran Siliwangi dina alam batinna. Silsilah ménak-ménak nepi ka awal abad ka-20 mindeng ngamataholangkeun Siliwangi jadi luluhur nu pangluhurna atawa paling copél aya hubungan silsilah, sanajan ngan bau-bau sinduk ogé.

Upama hal éta téh lain kanyataan nu sabenerna teu jadi sual, lantaran maksudna nu utama ogé taya lian pikeun ngagedéan tanaga magis di dirina atawa pikeun légalisasi kalungguhan. Contona:

> Pangéran Geusan Ulun nampina Sumedang ti Sultan Cirebon sacara nagara tambutan. Nya ku anjeunna di-Islamkeunana. Pangéran Geusan Ulun rundayan ti pameget anu lempeng ti Syah Maulana (anu dimaksud nyaéta Sunan Gunung Jati–pangarang). Pangéran Geusan Ulun kagungan warga ka Nyi Mas Gédéng Waru, putu Prabu Siliwangi.[57]

Hal nu sarupa kieu téh umum, lain di Sunda wungkul, saperti upama di Sumatra loba para raja nu ngaitkeun silsilahna ka Iskandar Zulkarnain.

> *Banyak pula raja-raja anak negeri yang menghubungkan keturunannya dengan darah atau keturunan Sultan Iskandar yang masyhur itu.*

[56] *ibid,* kac 34-39.
[57] Dr.R.D. Asikin Widjaja Kusuma, *Babad Pasundan,* Kujang. kaca 12.

Keturunan Iskandar dalam cerita Melayu dikatakan mula-mula turun di Bukit Si Guntang.[58]

Dina *Sanghiang Siksa Kandang Karesian* ditétélakeun yén sakur nu hayang nyaho lalakon pantun, kayaning *Langgalarang, Babakcatra, Siliwangi, Haturwangi* tanyakeun ka jurupantun[59].

Tokoh Langgalarang kawasna bisa dibandingkeun jeung Prabu Anggalarang nu kasebut dina *Babad Pasir*, kitu deui Babakcatra bisa diasosiasikeun jeung Banyakcatra. Ku kituna dua tokoh pantun nu dibéjakeun ku *Sanghiang Siksa Kandang Karesian* nepi ka ayeuna natrat kénéh sakumaha anu kacaritakeun dina *Babad Pasir*.

Sedengkeun tokoh pantun Siliwangi, sanajan teu kapanggih sacara aktif ngalalakon dina carita pantun, kapanggih dina *Wawacan Carios Prabu Siliwangi*, *Babad Siliwangi*, jeung *Carita Prabu Anggalarang*[60].

Tinggal carita *Haturwangi* nu kasebut dina *Siksa Kandang Karesian*, nu tacan aya raratanana nepi ka kiwari téh. Bisa jadi tokoh pantun Haturwangi téh bisa dipakaitkeun jeung tokoh Prabu Wangi dina *Carita Parahiyangan*, tapi kabuktian ceuk *Babad Prabu Siliwangi*, Prabu Wangi téh nyaéta Prabu Anggalarang téa, sedengkeun Prabu Anggalarang diasosiasikeeun jeung Prabu Anggalarang *Babad Pasir*, atawa Langgalarang ceuk *Siksa Kandang Karesian* téa.

Ceuk timbangan nu nulis, didasarkeun kana paréléna nu kapanggih dina *Siksa Kandang Karesian* (*Langgalarang, Babakcatra, Siliwangi, Haturwangi*) anu tuluy dihubungkeun jeung paréléan nu kapanggih dina *Babad Pajajaran*, *Babad Galuh*, *Sajarah Galuh*, *Carita Waruga Guru*[61], anu tétéla paréléna, kawasna tokoh Haturwangi téh nyaéta tokoh pantun nu aya sapandeurieun tokoh pantun

[58] Drs. Zuber Usman, *Kesusastraan Lama Indonésia,* Gunung Agung, Jakarta, MCMLXIII, kaca 41.

[59] Suhamir, *Catetan Sajarah Sunda II, Hiji Ensiklopedi Sunda,* Majalah *Kujang*, Tn.VI,No.288, kaca 4.

[60] Drs. Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.,* kaca 11-18.

[61] *ibid.,* kaca 19-21.

Siliwangi, kayaning Guru Gantangan atawa Munding Laya di Kusuma.

Kacindekan tina analisa di luhur, tokoh-tokoh pantun nu kacatur dina *Siksa Kandang Karesian*, dibandingkeun jeung tokoh-tokoh pantun nu kapanggih kéněh kiwari, kieu:

Langgalarang	Prabu Anggalarang, kapanggih *Carita Prabu Anggalarang, Babad Siliwangi, Wawacan Carios Prabu Siliwangi, Babad Pasir*.
Babakcatra	Banyakcatra, kapanggih dina *Babad Pasir* (Radén Kamandaka)
Siliwangi	Siliwangi, kapanggih dina *Carita Prabu Anggalarang, Babad Siliwangi, Wawacan Carios Prabu Siliwangi*.
Haturwangi	……., para putra-putu Siliwangi.

Di dieu kronologi nurutkeun sajarah teu dipaké dasar, da maksud gé lain keur nalungtik faktor-faktor sajarah.

Anggapan nu nyebutkeun yén Siliwangi téh tina Silihwangi, perlu diajén deui jalan pikiranana.

Kecap "silih", boh dina basa Sunda, boh dina basa Kawi, hartina téh: "ganti" jeung "pikeun nuduhkeun pagawéan pabales-bales"[62].

Éta kecap bisa dipaké mandiri upama dipaké nuduhkeun pagawéan pabales-bales, conto: *silih usi* (basa Kawi), silih desek, silih teunggeul, silih udag jeung sterusna.

Kecap pagawéan nu maké silih, kecap asalna ogé (upama silih dianggap rarangkén) salawasna kudu kecap pagawéan (desek, teunggeul, udag).

Tapi pikeun méré harti "ganti" mah biasana kudu dirobah

[62] Drs.R.M. Sutjipto Wirjosuparto Candakaranika Adiparwa Kamus Bahasa Kawi-Indonesia, India, Jakarta, tanpa tahun, kaca 53 jeung R. Satjadibrata, *op.Cit.* kaca 357.

atawa dirarangkénan, conto: sumilih (basa Kawi), ngaganti, sisilih, kasilihkeun jeung saterusna.

Dina *Carita Parahiyangan* aya kalimah-kalimah anu unina kieu:

Disilihan ku Rahiyangta Kulikuli …..
Disilihan ku Rahiyangta Sarawulan …..
Disilihan ku Rahiyangta Sawunglangit …..
Disilihan ku Rahiyangta Mandiminyak ….. [63]

Jadi upama Siliwangi tina Silihwangi, lantaran "*kata 'silih', menggantikan, juga mencakup arti simbolis, artinya Prabu Siliwangi menggantikan Prabu Wangi dalam segala kejayaan dan kebesarannya*"[64], teu saluyu jeung jalan pikiran tata basa di luhur. Kuduna meureun lain Siliwangi tapi; Sisilih Wangi atawa Susilih Wangi, anu hartina gaganti Wangi atawa ngaganti Wangi.

Upama kecap "silih" rék dikantétkeun jeung kecap "wangi", paling-paling kudu jadi "silih wangikeun" anu pihartieunana "pabales-bales wangi".

Ditambah ku alesan yén fona /h/ dina basa Sunda mah langka leungitna (aus, Indonésia). Kecap-kecap kalih, galih, milih, kolih, bilih, alih, telih bangun moal robah jadi kali, gali, mili, koli, bili, ali, teli. Malah sabalikna fona /h/ dina basa Sunda mah sok jadi ku maném, upamana; deui jadi deuih, ditu jadi dituh, kitu jadi kituh, ema jadi emah, gaji jadi gajih jeung saterusna.

Perkara "Silih Mulud" (lain Sili Mulud) anu pihartieunana bulan nu ngaganti mulud, bisa jadi asalna tina Silihna Mulud, jadi maké ahiran -na.

Dina silihna hari raya, *the day after the festival*[65], biasa dilisankeun ku urang Sunda dina sabudeureun taun 1850. Bandingkeun jeung: Sanggeusna pésta = sanggeus pésta.

Kacindekanana, ceuk timbangan nu nulis, Siliwangi mah

[63] Drs. Atja, *op.Cit.,* kaca 17.
[64] Drs. Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.,* kaca 38.
[65] Jonathan Rigg, *op.Cit.* kaca 448.

asalna téh tina Siliwangi, lain Silihwangi. Ku kitu téa mah apan dina *Siksa Kandang Karesian* (1518) ogé geus disebut Siliwangi.

Malah sabalikna tina Siliwangi jadi Silihwangi, saluyu jeung kabiasaan nambahan fona /h/ saluyu jeung "pangabutuh" nu rék nyukcruk harti Siliwangi (*sic!*)

Siliwangi bisa jadi robahan dina Sri Wangi anu pihartieunana Sang Wangi atawa Raja nu Wangi, Raja nu Seungit. Sri Wangi nu robah Siliwangi dilarapkeun ka raja Pajajaran anu kawangikeun jenenganana. Bisa jadi mimitina mah tujul ka hiji raja, tapi lila-lila saperti nu kapanggih ayeuna dina carita-carita pantun, Siliwangi téh pikeun nuduhkeun raja Pajajaran anu teu puguh tujulna mungguhing ceuk logika sajarah mah, lantaran maksudna ogé pikeun ngagambarkeun imajinasi jenengan raja agung ti Pajajaran dina carita fiksi.

Tokoh Léngsér dina carita-carita pantun boga tempat nu husus. Méh unggal dina carita pantun aya Léngsér. Demi pagawéanana minangka badéga raja anu purah kancar-kincir, tapi sakapeung mah malah sok jadi pananyaan raja. Dina jajawabanana katémbong, yén Léngsér téh jelema geus asak tapi beuki heureuy, kudu surti anu ngadéngékeun.

Dina *Ciung Wanara*, waktu raja anyar Radén Galuh Barma Wijaya mariksa ka Léngsér nyaho-henteuna pandita di Gunung Padang jawabna téh: ".... pandita di Gunung Padang, atuh tétéla kacida béjana." Raja nyentak pédah jawabanana teu puguh, ongkoh tétéla ongkoh béjana.

Dijawab deui ku Léngsér:

> Bobot pangayon timbang taraju; bobot pangayon aya di Gusti, abdi nyuhunkeun kaadilan, anu mawi abdi hatur béjana; sok ras éling, jaman keur ngora, nyaéta gaduh sobat nini jeung aki pangebon, boga pakarang kujang hiji. Geus kitu kujangna leungit, leungitna di taun tukang, tanggal opat, bulan Rajab, poé Ahad. Ti dinya nini bingung, tuluy mangprung, pédah leungiteun kujang, ana los ka Gunung Padang, di dinya nya tepung jeung Pandita, énggalna matangankeun kujangna nu leungit téa. Ari saur Pandita: Nini, kujang téh henteu leungit, ayeuna gé aya kénéh dina urut nini ngundeur ditumpangkeun

> dina tunggul lamé, jig baé ayeuna geura téang, mo burung kapanggih deui. Gancangna ku nini téh tuluy ditéang ka urut ngundeur. Barang datang bener pisan kujang téh aya kéněh sakumaha panujuman Pandita: nu matak abdi unjukan, tétéla béjana.[66]

Kecap "aki pangebon" minangka silibna tina "Mantri Anom Aria Kebonan" nyaéta jenengan raja anyar samémèh jadi raja. "Nini nu leungiteun kujang" silibna tina "wanita nu leungiteun salaki" (Naga Ningrum). "Kujang" minangka pakarang lalaki anu deukeut sorana kana "ujang" (Si Ujang dina basa cawokah). "Dina urut nini ngundeur" jeung "tunggul lamé" nimbulkeun asosiasi kana rarangan atawa rahim wanita.

Léngsér geus nyahoeun yén bobotna Naga Ningrum jeung Déwi Pangrenyep téh dilantarankeun ku "cahya" nu dikirimkeun ka éta dua pawarang ti Gunung Padang, ti Ajar Sukaresi. Sacara intuisi manéhna gancang nyaho kana salah sahiji persualan.

> *Twee opvellende kennerken van daze Léngsér figuur zijn nog: voor eerat, dat hij soma blijk gooft van intuitif doorzich in dingen die anderen niet begrijpen, en vervokgens, dat zijn optraden vaak elowneak is, iets komisch hoeft….*[67]

Dina *Munding Laya di Kusuma*, katémbong kumaha satiana jeung kapercayana Léngsér ku eusi karaton. Manéhna dipiwarang néangan honjé ka Nagara Kutapandak. Léngsér Pajajaran jeung Léngsér Muarabérés garelut marebutkeun honjé, lantaran satia ka dununganana masing-masing. Atuh dina *Dadap Malang* kacaturkeun Léngsér ngagondéng raja waktu keur meujeuhna tagiwur, nyaéta waktu dayeuh Pajajaran diubrak-abrik ku balad musuh.

Hiperbola dina panataan Léngsér lumpat lumampah lain baé duméh jurupantun mancing piseurieun nu ngabandungan pantun, tapi ogé némbongkeun pasipatan Léngsér anu lucu.

---

[66] *Ciung Wanara, Volksalmanak Soenda*, Balé Poestaka, Batavia, 1923.

[67] F.B. Eringa, *Loetoeng Kasaroeng, een mythologisch verhaal uit eas-Java,* Diss. Leiden 1949. kaca 46.

tereleng apeng-apengan
tumpak kuda lalagaran
sangawedi awi tali
sélana dulang sabeulah
bawaning rusuh kudana
seug tuluy baé ditungtun
ditungtu teu daék
dilaanan kadalina
digebugan terus mabur.
Léngsér kulon kuda ngétan
lumpat ngajinjing kadali
……[68]

Sipat Léngsér anu lucu jeung beuki seuri saterusna kapanggih dina *Munding Laya* kéněh, waktu manéhna ditaros ku Rangga Gading pédah urang Muarabérés biluk ka Sunten Jaya.

> Ari cek Léngsér: "Sadaya-daya, gamparan langkung nyaho, abdi leuwih uninga, ari urang Muarabérés téh haréroy ku pacokeun, haripeut kana teureuyeun, kituna mah meureun di buruhan, ari ditéang kana kotorna mah euweuh anu beresih atina, lir upama angeun sapariuk karagragan tai beurit dua tanggunang, kotor kabéh.[69]

Léngsér téh teu béda ti Semar dina carita wayang, anu sajaba ti jadi panakawan téh jadi pangasuh jeung panaséhat deuih. Dina perluna Léngsér mapatahan ka nu jadi raja, cara nu kapanggih dina Ngadegna Pajajaran, Léngsér mapatahan Galuh Wening Bramawangi:

Ayeuna mah Adén
amun jaga jadi raja;
mudu adil paramarta

[68] Nurutkeun C.M. Pleyte, *Raden Moending Laya di Kusumah,* een oude Soendanesche Riddereman, Albreht & Co, Batavia, 1906, stc. FKIP. Bandung tahun 60. kaca 3.

[69] *ibid,* kaca 37.

ulah adil paramitra!
Komo mun adilna
ngan ka sabangsa waé mah!
Ari raja téh:
mémang gagah, nya muda
pinter mah atuh karuhan!

Tapi najan gagah, najan pinter
mun teu diasih ku somah mah
sarua béé́é…
jeung nopéng di ruhur panggung
di hareupeun
nu keur sariawan nyareri huntu!
Mémang tangtu arinyana pada seuri.
Tapi seurina,
lantaran sieun dihukum
mun lalajo teu bari seuri!
…….[70]

Dina ucapanana di luhur, katémbong Léngsér téh lain kumawula sakumawulana, tapi wani gagetrik ka ratu di mana perlu, sarta ku kitu téh otomatis manéhna geus nepikeun gerentes haté rayat. Jadi Léngsér téh teges perlambang jelema nu daék ngabéla kapentingan somah nu leutik bari asih ka ratu. Nya manéhna liliwatan amanat téh, boh amanat ti raja pikeun rahayat, boh sabalikna.

Harti kecap "léngsér" geus loba nu nalungtik, upamana aya nu ngahartikeun "gancang", *vlug, anol* (*Revreuw Coster*), aya nu ngahartikeun "mungkur ti paséban", *zich terugtroken* (*van de paseban*)[71], aya deui nu ngahartikeun "turun"[72] jeung saterusna.

Tapi pikeun nu nulis, panalungtikan carita kitu téh ngan

[70] Simpenan Rakéan Minda Kalangan, *Ngadegna Pajajaran,* ketikan.
[71] F.S. Eringa, *op.Cit.* kaca 47.
[72] Saléh Danasasmita, *Tokoh Léngsér dina Tjarita Pantun,* Majalaha *Baranangsiang 2*, Yayasan Kebudayaan Baranangsiang, Bogor. kaca 67-68.

wungkul némbongkeun préténsi ilmiah anu kaleuleuwihi, anu sakapeung mah teu wajar sarta ngasongkeun arguméntasi anu diaya-ayakeun.

Kecap "léngsér" sarua baé jeung kecap "langit" anu teu bisa diterangkeun secara étimologi atawa secara semantik – tegesna "léngsér" jeung "langit" téh mangrupa tanda sora fisiologis anu di masarakat Sunda geus aya kasaluyuan pikeun nuduhkeun anu dimaksud ku éta kecap.

Iwal ti tokoh Léngsér, dina *Lutung Kasarung* kapanggih tokoh Aki Panyumpit, jeung dina *Ciung Wanara* aya tokoh Aki jeung Nini Balangantrang. Tilu tokoh rayat nu milu manggung dina carita pantun, da biasana mah ngan eusi karaton wungkul: raja, putra raja, praméswari, patih, sénapati jeung saterusna.

Ku niténan tilu tokoh di luhur, bisa kanyahoan kumaha pagawéan rayat dina umumna waktu carita pantun gelar, atawa waktu pantun ngalalakonkeun carita pantunna.

Iwal ti tani, nu engké baris disampeur di tukang bahasanana, rayat nu digambarkeun dina carita pantun téh boga pagawéan ngala lauk jeung moro. Mindeng kacaritakeun eusi karaton marak di Parakan Baranangsiang, sajaba ti Aki jeung Nini Balangantrang naheun badodon di walungan.

Ku lantaran dina *Lutung Kasarung* kacaritakeun Aki Panyumpit néangan lutung ka leuweung, timbul anggapan yén urang Sunda baheula–anu hirupna idéntik jeung urang Kanékés kiwari–bareukieun daging lutung[73]. Padahal ceuk urang Kanékésna sorangan, hal sarupa kitu téh teu bener[74].

Sumpit téh nyaéta alat moro nu aya di Kapuloan Nusantara beulah kulon, kaasup daérah Sunda, nu aya ti baheula mula. Demi di beulah wétan alatna téh nyaéta panah[75].

---

[73] R. Djatnika Soeriadiredja, *Baduj,* Kementrian PPK 1951. kaca 31.

[74] Wawancara jeung Mang Sakim, Mang Djakar urang Kanékés, 1966.

[75] Panalungtikan Pleyte, dina Dr. Kuntjaraningrat, Métode Anthropologi, Penerbit Universitas, Jakarta, 1958. kaca 236.

Ku kituna upama dina carita-carita pantun mindeng kacaritakeun aya Aki Panyumpit, munasabah pisan, saluyu jeung panalungtikan sacara antropologi. Sarta bisa jadi kalungguhan tukang moro jaman harita kaasup penting jeung kapandang, boh ku masarakat umum, boh ku karaton.

Kitu deui basa Aki jeung Nini Balangantrang. Harti "balangantrang" nyaéta jelema (awéwé) anu tara palangan[76], bisa jadi ku lantaran geus kolot, bisa jadi geus bakatna kitu. Dina upacara ngalaksa jeung meuseul paré, teu meunang dipigawé ku awéwé ngora, tapi kudu ku nu geus balangantrang[77], hartina kudu ku nu geus taya kokotor (geus tara kokotoran). Tétéla awéwé balangantrang téh dianggap geus bersih mungguh cek upacara adat mah. Munasabah upama dina carita pantun Bogor *Ngadegna Pajajaran*, Aki Balangantrang téh lain si itu, lain si éta.

> Dina pantun *Ngadegna Pajajaran* anu ngawerenggeni téh nyaéta Resi Handeula Wangi anu dina jaman Ciung Manarah disebutkeun Aki Balangantrang. Da jatina (sukmana) ngancik di Mandalawangi, tapi sok kabagéan tugas di Kahiyangan jeung bisa mareng ayana di manamana.[78]

Nilik kana eusi carita *Ciung Wanara*, yén Aki jeung Nini Balangantrang téh kungsi ngasuh piratueun, anggapan kitu téh mémang aya dasarna.

Dina *Nyi Pohaci Sanghiang Sri* (*Sulanjana*), anu maratuh di sawarga téh nyaéta Batara Guru, Batara Narada, Sanghiang Wenang jeung saterusna sarua jeung dina carita wayang. Kawasna ieu mah ieu mah mémang pangaruh carita wayang, lantaran ceuk pantun-pantun lianna anu nurutkeun dugaan leuwih "asli", pangeusi kahiyangan (sawarga) téh nyaéta Sunan Ambu, para pohaci, para bujangga jeung para guriang.

---

[76] R. Satjadibrata, *op.Cit.* kaca 36

[77] Upacara nyieun laksa jeung nutu paré anyar di Rancakalong, Sumedang.

[78] Saléh Danasasmita, *Kahiangan,* Majalah *Baranangsiang 2,* Bogor. kaca 44.

Sunan Ambu dianggap hiji tokoh nu pangluhurna, boh di Kahiyangan boh di Buana Pancatengah. Nya anjeunna nu ngajaring sakur nu kumelip téh. Tapi dina pantun Bogor mah, Sunan Ambu téh ukur disebutkeun Ambu Mas nu linggih di Medang Kasirnaan[79]. Mémang pangeusi kahyangan dina pantun Bogor mah rada béda ti pantun-pantun Priangan. Tina hal ieu baris kasampeur dina bahasan ngeunaan kapercayaan engké di tukang.

Ngaran-ngaran tokoh dina carita-carita pantun, aya nu nyokot tina basa nu asalna basa Sangskerta, kayaning: *Guru* Minda, Ratu Bungsu *Karma Jaya,* Deugdeugpati *Jaya*perang, Radén Galuh *Barma Wijaya Kusuma* jeung saterusna. Upama dititénan éta ngaran-ngaran téh boga harti anu ngagambarkeun pasipatan si nu boga ngaran.

> Guru Minda, Guru anu minda rupa (jadi lutung);
> Ratu Bungsu Karma Jaya, ratu bungsu titisan nu arunggul;
> Deugeugpati Jayaperang, jelema nu wani ngadeugdeug pati tur salawasna unggul perang;
> Barma Wijaya Kusuma, Déwa Brahma nu leuwih unggul tur wangi.

Bisa jadi jurupantun méré ngaran ka tokoh-tokoh caritana téh didasarkeun kana konsép unina ngaran kudu boga harti anu maksudna pikeun ngagambarkeun karakter éta tokoh. Ku ni-ténan ngaran-ngaran tokoh nu tadi, mémang rada gampang ngararampana naon nu dimaskud ku nu méré ngaran.

Persualan ayeuna, naha ngaran-ngaran tokoh pantun nu maké ngaran sasatoan anu pohara lobana kapanggih dina carta-carita pantun, sarua konsépna jeung nu tadi atawa ngan saukur ngaran, teu boga harti teu boga maksud?

Ngaran-ngaran tokoh pantun anu nyokot ngaran sasatoan, kayaning: *Munding* Laya, *Lutung* Kasarung, *Ciung Wanara*, *Kidang* Pananjung, *Badak* Pamalang, *Gajah* Lumantung, *Kuda* Wangi, *Paksi* Keling jeung saterusna.

[79] *ibid.* kaca 35.

Sababaraha kamungkinan ditétélakeun di handap ieu:

1. Boga harti jeung maksud, upamana:
   Munding Laya : Munding = munding; laya = tempat.
   Tempat munding = kandang munding = karapyak.
   Munding = lambang kakuatan; laya = asalna tina layang (hiber), fona /ng/ dileungitkeun, seperti kandang = kanda.
   Jelema nu boga kakuatan bisa ngapung.
   Lutung Kasarung : Lutung = lutung; kasarung = kasarung.
   Lutung nu kasarung.
   Lutung = raéhan tina utun, panyebut ka lalaki;
   kasarung = kasarug, katambias, kasamaran.
   Lalaki nu kasamaran (bogoh ka kalangkang indung).
2. Ku lantaran robah sora, upamana:
   Ciung Wanara : Sang Manarah (*Carita Parahiyangan*)
   Siung Wanara (*Babad Pajajaran*)
   Ciung Manarah (*Waruga Guru*)
   Ciung Wanara (carita pantun)
3. Perlambang jeung lalandian, upamana:
   Gajah Mada : Jelema kuat ti Mada
   Kidang Pananjung : Jelema rancingeus ti Pananjung
4. Pantangan nyebut ngaran sabenerna, upamana:
   Jayaperkosa : Perkosa (teu disebut sagemblengna)
   Parakosa (robah tina perkosa)
   Parako (ngaleungitkeun engang nu panungtung)
   Karang Hawu (hartina sarua jeung parako)
5. Sésa-sésa Totémisme.

Conto (4) teu maké ngaran sato jeung nomer (3) dibandingkeun jeung Gajah Mada anu lain tokoh carita pantun. Tapi sanajan kitu

kamungkinan nu lima rupa di luhur kawasna bisa dipaké pikeun nalungtik ngaran-ngaran tokoh carita pantun tina sasatoan dina néangan motifna anu bisa disambungkeun jeung fakta sajarah (ngaran nu sabenerna nurutkeun sajarah), maksud jurupantun salaku kréator, jeung faktor-faktor antropologi budaya anu bisa ngalantarankeun timbulna ngaran-ngaran sarupa kitu.

Malah jigana, lain pikeun nalungtik ngaran-ngaran tokoh pantun tina ngaran sasatoan baé, tapi pikeun nalungtik ngaran-ngaran tokoh pantun sagemblengna.

Tina hal ieu perlu ngayakeun klasifikasi tina ngaran tokoh-tokoh pantun nu kapanggih.

Basa jeung Wangunan

Sakumaha nu geus dipedar dina Bab II, yén carita pantun téh ngagunakeun basa Sunda, kaasup basa wewengkon. Ngeunaan babandingan basa (kecap) antara sampel-sampel nu kapidangkeun dina pedaran "Basa jeung Mamanisna".

Nu dék disawang di dieu nyaéta kumaha inténsifna jurupantun ngagunakeun basa geusan ngagambarkeun kereteg haténa, hirupna gambaran atawa carita kalawan ngagunakeun sampel-sampel.

Jurupantun salaku seniman saperti pangarang jeung panyajak baé nganggap basa nu digunakeun téh ngan sakadar alat geusan nepikeun angen-angenna. Komo dina bagian *verse* (rakitan) mah anu bisa jadi maksudna hayang nepi kana tarap puisi.

> *In fast, the poet has withdrawn from language-instrument in a single movement. Once and for all he has been the poetic attitude which considers words as things and not as signs.*[80]

Dina nunda bagian carita pikeun nindak kana bagian carita séjénna, dina *Lutung Kasarung* mindeng dicirian ku rakitan:

[80] J.P. Sartre, *What is Literature?*, translated by Bernard Frechtman, Methuen & Co.Ltc., London, 1950

Cag,
teundeun di handeuleum sieum
tunda di hanjuang siang
paranti nyokot ninggalkeun.

Dian carita-carita lianna langka kapanggih, paling cukup ku basa "tunda heula", "tunda" jeung saterusna.

Geus aya sawatara ahli basa jeung ahli sastra nu maluruh maksud nu dikandung ku éta rakitan. Aya nu nyebutkeun, yén jelema mah kumaha campurna jeung lingkunganana, campur alus milu alus, campur jeung nu goréng kabawa goréng[81]. Aya deui nu nétélakeun, yén rakitan éta téh didasarkeun kana kabiasaan urang Sunda baheula nu sok melak hanjuang jeung handeuleum di pakaranganana nu sok dipaké nunda ku nu ngaliwat pikeun cokoteun engké di mana perlu[82].

Nu kungsi jadi ramé diadu-rényomkeun nyaéta hartina kecap "sieum". Aya nu nyebut "siem" (seperti dina waluh siem), jeung aya nu nyaruakeun jeung "hieum", sabalikna tina caang anu méh saharti jeung siang.

Upama niténan conto-conto dina sampel, anu pangbasajanna dina méré ciri nunda bagian carita téh nyaéta "tunda". Nya kecap "tunda" ieu da, nu pangpentingna ogé, anu bisa jadi terus disambaraan deui, ku ditambahan kecap-kecap lianna, nepi ka mangrupa hiji rakitan.

Ku lantaran dina mantun baheula mah salawasna kudu aya daun hanjuang di hareupeun jurupantun, kecap "tunda" téh ditambahan ku "hanjuang", jadi "tunda di hanjuang". Tina perkara harti hanjuang nurutkeun anggapan urang Sunda, geus diterangkeun dina Bab II, "tunda di hanjuang" boga harti "nunda carita di tempat reureuhna para lelembut karuhun", lantaran apan carita pantun téh carita laku lampah para karuhun.

[81] Kuliah R.I Adiwidjaja taun 1960.
[82] Wawancara jeung M.A. Salmun, taun 1962.

"Hanjuang siang" nyaéta hanjuang anu daunna beureum (siang = beureum). Kecap "siang" deukeut kana "siyang", tegesna "Sang Yang" anu bisa dihartikeun "jiwa anu geus gaib" atawa "lelembut karuhun". Ku kituna, "tunda di hanjuag siang" téh minangka panganteb tina "tunda di hanjuang".

Tina kecap "tunda" nu aya di awal kalimah, nimbulkeun paralélisme variasi, ditambahan kecap "teundeun", seperti dina:

jauh hamo burung cunduk
anggang hamo burung datang

jadi:

tunda di hanjuang siang
teundeun di handeuleum sieum

Handeuleum nyaéta sabangsa tutuwuhan anu daunna semu hideung, bisa jadi asupna kana rasiktan éta téh didasarkeun kana pangabutuh sora wungkul pikeun ngawangun paronomasi (laraspurwa): *han*juang, *han*deuleum. Kitu deui *si*ang jeung *si*eum.

Ngan bédana téh, upama handeuleum boga harti, sieum mah teu aya hartian nanaon, éstu pikeun kaperluan laraspurwa wungkul. Hal sarupa kitu téh loba kapanggih dina rakitan jangjawokan. Sakapeung mah katémbongna ngan ukur "kaulinan kecap", tapi sacara gembleng karasa aya daya ucap anu magis.

Saluyu jeung aturan sisindiran jeung wawangsalan, eusi téh sok dipandeurikeun ngucapkeunana. Eusi nu pangpentingna dina rakitan tadi nyaéta "tunda di hanjuang siang", sedengkeun "teundeun di handeuleum sieum" mah minangka raéhan jeung tambahanana. Ku kituna rakitan téh biasa sok diucapkeun ku jurupantun kieu:

teundeun di handeuleum sieum
tunda di hanjuang siang

Pedaran di luar nétélakeun, yén jurupantun salaku seniman sastra, dina lebah éta, teu nganggap kecap mangrupa tanda (*sign*) tapi salaku barang (*thing*). Dina enggoning milih atawa nangtukeun kecap-kecapna téh éstu binarung sikep puisi (*poetic attitude*) nu mateng.

Saterusna perkara basa anu rék disawang di dieu, nyaéta nambahanana jeung ngaleungitna kecap-kecap Sunda nu dilantarankeun:

1. Robahna jaman.
2. Pangaruh lingkungan.

Bisa dipastikeun, yén kecap-kecap Sunda anu dipaké ku jurupantun dina jaman kiwari béda jeung geus robah (nambahan atawa ngurangan) ti jaman pantun S*iksa Kandang Karesian*. Komo da turun-tumurunna ogé pantun mah ku jalan lisan, béda jeung upama ku jalan tulisan:

> *…. the Sankrit and Arabic elements in the Malaysian language, were brought in to a largé extent by writing, and were fixed being written. They would probably have remained smaller if the historical contacts had been wholly oral.*[83]

Kecap-kecap Sunda kuna loba nu geus laleungitan tapi kecap-kecap anyar arasup. Kecap anyar anu dilantarankeun pangaruh ti luar atawa anu tumuwuh di interana.

Kecap-kecap pangaruh ti Kulon: asosiasor, sipil, péstol, biola, ukur kapanggih dina sampel *Munding Laya di Kusuma (I)*, di sagigireun kecap-kecap nu asalna tina basa Sangskrta anu geus asup samémehna. Kecap-kecap Sunda anu arhais kayaning: tabépun, papatan, metu, dangdeung, jeung saterusna, geus langka diparaké. Upadi dina pantun-pantun kaayeunakeun pisan mah.

[83] Kroeher, *Anthropology*, Harcourt, Brace World, Inc., New York, 1948. kaca 234-235.

Robahna atawa nambahanna kecap-kecap Sunda, didasarkeun kana pangabutuh. Contona "péstol" anu baheula mah euweuh boh barangna boh kecapna. Ku lantaran datang barangna, nya kecapna ogé asup, lantaran *new things need new names*[84]. Sedengkeun kecap "sipir" anu sabenerna dina basa sunda gé geus aya sasaruaanana nyaéta "kajineman"[85], tapi justru kecap anyar nu terus dipaké. Hal ieu dilantarankeun kecap "kajineman" dianggap geus teu *up to date* deui, atawa geus teu dipaké dina jamanna. Cindekna, hirupna kecap anyar téh sok aya nu dibarengan ku paéhna kecap heubeul anu saharti, iwal upama kecap anyar téh mémang can aya barangna saméméhna, cara kecap "péstol" téa.

Nambahanana kecap nu dilantarankeun ku pangaruh lingkungan, kapanggih upama dina *Deugdeugpati Jayaperang* carita pantun ti daérah Tegal. Sawatara kecap kecap jolna tina basa Jawa–anu teu pati ilahar dipaké di Pasundan, sanajan enya di dieu gé loba kapangaruh ku basa Jawa–kayaning: k*abecikan, andé, wong, kadi (kadya)* jeung saterusna, mindeng kapanggih, boh dina rakitan, boh dina basa lancaran.

Sanajan daérah Tegal baheulana, bisa jadi jaman Galuh, kaasup daérah basa Sunda, tapi kanyataan ayeuna di dinya téh nya basa Jawa nu leuwih loba. Ku kituna pangaruh basa Jawa ka jurupantun nu kungsi medar carita pantun *Deugdeugpati Jayaperang,* katémbong pisan. Éta carita pantun téh dituliskeun ku C.M. Pleyte sabudeureun taun 1916[86]. Bisa jadi pangaruh basa Jawa kana pantun Tegal ayeuna upama aya kénéh bakal leuwih loba ti batan nu kapanggih dina *Deugdeugpati Jayaperang* nu jadi sampel dina ieu tulisan.

> *But comparison of related languages or dialects with reerence to their location frequently showa that the dialects which are geographically, situated among stranges are the most differentiated*[87].

[84] *ibid,* kaca 233.
[85] R. Satjadibrata, *op.Cit.* kaca 86.
[86] C.M. Pleyte, T.B.G. LVII Batavia, 1916.
[87] Kroeber, *op.Cit.*, kaca 234.

Panalungtikan robahna basa nu dipaké dina carita pantun, ku jalan ngabanding-bandingkeun carita-carita pantun nu gelarna (diucapkeun ku jurupantun) dina jaman nu béda-beda, kalawan sampel nu cukup loba tur réprésséntatif, bakal ngalangkangkeun kumaha prosés robahna basa Sunda sacara umum. Bisa jadi rumus M. Swadesh bisa digunakeun, nyaéta nu nyebutkeun, yén robahan-robahan téh lumangsung dina anggeran waktu (*kecepatan*, Ind.) nu konstan, sarta dina unggal 1000 taun kira-kira 19 *basic vocabulary* unggal basa nu ngalaman prosés diferensiasi téh baris barobah[88].

Tina perkara wangunan, sabada ngabanding-banding carita-carita pantun nu maké sampel (anu wangunanana pantun), katémbong nu béda pisan téh wangunan pantun *Dadap Malang*, salah sahiji pantun Bogor. Lain dina wangunanana baé, dalah dina eusina ogé loba bédana. Sawangan tina perkara eusi mah engké kasampeur di tukang.

Nu nulis can kungsi ngabandungan pantun Bogor anu wangunanana cara *Dadap Malang*. Ku kituna, kalawan modal aprésiasi pantun Priangan nu nulis teu bisa nyipta-nyipta kumaha *Dadap Malang* dipantunkeunana. Ari lantaran, wangunanna téh méh sarua jeung wangunan basa lancaran biasa, saperti carita pondok, novel jeung skétsa. Ngan cara nulisna nu "jiga" pantun téh, ku jalan munggelan kalimah-kalimah, tuluy disusun ka handap kawas nuliskeun rakitan-rakitan. Langka kapanggih rakitan-rakitan nu sawanda jeung rakitan pantun Priangan téh, iwal dina rajahna, anu bisa dihaleuangkeun ku jurupantun. Duka teuing upama laguna husus mah, teu sarua jeung haleuang pantun Priangan.

Ayeuna mah cenah,
urang balik deui néang Rakéan …..
Inyana diudag-udag
ku Antéa jeung baladna.
Tapi Rakéan,

[88] Prof. Dr. Koentjaraningrat, *Pengantar Anthropologi,* Penerbitan Universitas, Jakarta, 1964. kaca 193-194.

lain rakéan anu kiwari;
Inyana gancang jasa
salampat-sulumput bari ngagégag;
lajuna mah
leus hateu kadeuleu.[89]

Cutatan di luhur sabenerna bisa ditulis kieu:

Ayeuna mah cenah, urang balik deui néang Rakéan. Inyana diudag-udag ku Antéa jeung baladna. Tapi Rakéan lain Rakéan anu kiwari. Inyana gancang jasa salampat-sulumput bari ngagégag, lajuna mah leus hateu kadeuleu.

Ceuk katerangan penerbitna, carita pantun *Dadap Malang* téh diturunkeun ku Aki Baju Rambéng dina taun 1908. Naskah aslina (catetan tina carita Aki Baju Rambéng) geus paréang baroléas. Hésé dibacana sanajan aksara latén jeung sasat teu puguh tanda-bacana. Malum nu nulisna kudu nuturkeun jurupantun nu nyarita.[90]

Jadi tétéla, éta naskah téh mungguh cek katerangan penerbitna mah sarua jeung nu diucapkeun ku Aki Baju Rambéng. Ieu téh bisa jadi sababaraha kamungkinan: naha nuliskeun caritaan Aki Baju Rambéng keur mantun (bari nyanghareupan kacapi saluyu jeung gambar jilidna) atawa nuliskeun caritaanana waktu ngadongéng biasa, teu bari mantun. Tina hal ieu nu nulis can meunang raratan anu tétéla.

Waktu ngagambarkeun kumaha riweuhna mangsa dayeuh Pajajaran dijorag musuh, mun dina pantun Priangan mah winangun rakitan anu korédas nyaritakeun sagala rupa atawa nu nimbulkeun "kesan", saperti dina rakitan nataan nu gelut, nu perang jeung saterusna. Tapi dina *Dadap Malang* mah, jurupantun téh bangun boboléh bari mapandékeun dirina jeung kamampuhan "pujangga", "tukang ngarang" jeung "tukang mikir" (*sic!*).

[89] Rakéan Minda Kalangan, *op.Cit.,* kaca 61.
[90] *ibid,* kaca 1.

Moal kacipta ku pujangga
mola kagambar ku tukang ngarang
moal katepi ku tukang mikir
moal kacatur ku jurupantun ……!
Geumpeur, keueung, sieun, ambek, rusuh, nyeri,
sedih, keuheuh . . . . kabéh jadi hiji dina
tarungan urang Pajajaran ngalawan musuh
anu bilanganana
hanteu nanding.[91]

Karasana prosais pisan, sarta teu némbongkeun karancagéan jurupantun dina ngolah basana.

Bandingkeun jeung upamana dina *Mundinglaya* lebah nyaritakeun gelutna Léngsér Pajajaran jeung Léngsér Muarabérés:

silih irik, silih gitik,
silih dupak, silih sépak,
silih jingjing jungjung tampiling,
silih punjeng silih uleng,
silih tenggok silih cabok,
silih jekok silih bekok,
tarungna paungku-ungku,
perangna pajaga-jaga
……..[92]

Dina *Dadap Malang* loba kecap-kecap dialék Bogor (Jasinga). Hiji hal anu narik, upama niténan kecap-kecap dialékna tuluy dibandingkeun atawa ditéangan dina *A Dictionary of the Sunda Language* anu di susun di Jasinga bari nu nyusunna tetelepék ka jurupantun anu ngaran Ki Gembang[93]. Tapi kabuktian loba kecap-kecap anu populér pisan dina *Dadap Malang* teu kapanggih dina éta kamus. Contona kecap: rakéan.

Hal ieu bisa jadi dilantarankeun ku teu tengetna nu nyusun

[91] *ibid,* kaca 7.
[92] C.M. Pleyte, *Radén Moending Laya di Koesoemah, op.Cit.* kaca 4.
[93] Jonathan Rigg, *op.Cit.,* kaca XV.

kamus waktu ngabandungan jurupantun Ki Gembang nyarita, atawa Ki Gembang-na teu kungsi ngadongéngkeun carita *Dadap Malang*, atawa kamungkinan-kamungkinan nu séjénna. Tur padahal Ki Gembang jeung Aki Baju Rombéng téh sadaérah, pada-pada di Jasinga, ngan béda waktu wungkul. Ki Gembang hirup di sabudeureun taun 1862, Ki Baju Rambéng taun 1908.

Ku ngasongkeun fakta-fakta di luhur, bisa ditarik kacindekan, yén panalungtikan carita-carita pantun téh sakapeung mah daék teu daék nyanghareupan persualan bahan anu kudu ditalungtik deui sohéh-henteuna, *such as the dicovery of a competent singer or narrator*[94]. Hal ieu téh lain baé kudu ngajén deui simpenan Rakéan Minda Kalangan (kumpulan pantun Bogor), tapi ogé sakur carita pantun tulis nu dikumpulkeun ku urang Kulon, saperti C.M. Pleyte, J.J. Meijer jeung sajaba ti éta.

Eusi Carita, Kanda jeung Raéhan

Lutung Kasarung nurutkeun anggapan sawatara panalungtik disebut mitologi Sunda[95] jeung legénda[96].

> *The Gr. word mythos, from, which "mythology" is derived, was frequently used to designate tales of any kind. It was the regular word for folklore or fairy tale*[97].

> *Myth in essentially a religious term, it is something said, as distinct from ritual, something done*[98].

[94] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.* kaca 58.

[95] F.S. Eringa, *Loetoeng Kasaroeng Een Mythologisch verhaal uit West Java,* Disa, Leiden, Den Haag, 1949.

[96] C.M. Pleyte, *De Legende van Loetoeng Kasaroeng,* Een gewijde sage uit Tji-rebon, VBG.58,1910.

[97] Joseph T. Shipley, *Dictionary of Word Origins* Littlefield, Adam & Co, Paterson, N.J., 1961. kaca 276.

[98] *ibid.* kaca 275.

Legenda; ceritera dari roman dahulu yang bertalian dengan sejarah[99].

Nurutkeun tempat jeung tokoh-tokoh nu maranggung dina caritana, *Lutung Kasarung* téh kaasup kana carita pantun vértikal. Ayana Sunan Ambu katut pangeusi kahiyangan lianna, ditambah deui ku nataan ngolah paré anu diwincik pisan, sedengkeun ari paré téh kaasup tutuwuhan anu dihormat pisan ku urang Sunda baheula, pantes upama *Lutung Kasarung* disebut mitologi téh.

Dina *Lutung Leutik* kacaturkeun anu jadi lutung téh lain urang kahiyangan, tapi Ratu Bungsu Karma Jaya urang Pajajaran. Hubunganana jeung Sunan Ambu teu pati raket saperti dina *Lutung Kasarung*. Guru Minda turunna ka Buana Pancatengah téh dumeh palay kagungan istri anu sarupa jeung Sunan Ambu, kawas Banyakcatra anu milarian pipraméswarieun anu sakarupa jeung ibuna. Tapi dina *Lutung Leutik* mah, hal éta téh teu kapanggih.

Sabalikna, perkara ngahuma, dina *Kamandaka* teu kapanggih, nu aya téh dina *Lutung Leutik*, teu béda jeung nu kapanggih dina *Lutung Kasarung*. Kitu deui tina hal pasanggiri (papanjang-panjang buuk, pageulis-geulis jst.), aya dina *Lutung Leutik* jeung *Lutung Kasarung*, teu aya dina *Kamandaka*.

Kecap "bungsu" kapanggih dina *Lutung Kasarung, Lutung Leutik* jeung *Kamandaka*, ngan béda-béda "ngalarapkeunana". Dina *Lutung Kasarung* aya Putri Bungsu Purba Sari, dina *Lutung Leutik* aya Ratu Bungsu Karma Jaya (satria), jeung dina *Kamandaka* aya Putri Bungsu Nyi Ciptarasa.

Ceuceubna Purba Rarang ka Purba Sari (*Lutung Kasarung*) bisa dibandingkeun jeung Malanggi Rarang ka Baganda Sari (*Lutung Leutik*), hal ieu teu kapanggih dina *Kamandaka*. Hal éta sajalan jeung ayana tokoh Indrajaya anu kapanggih dina *Lutung Kasarung* jeung *Lutung Leutik*, tapi dina *Kamandaka* mah teu aya.

Dina *Kamandaka* loba kapanggih bagian-bagian carita anu

[99] W.J.S. Poerwadarminta, *Kamus Umum Bahasa Indonésia I,* Balai Pustaka, Jakaarta, 1966. kaca 520.

aya hubunganana jeung sasakala atawa "sajarah" ngaran tempat-tempat nu aya di daérah Banyumas jeung silsilah langsung anu brasna ka tokoh "sajarah" Mangkubumi I-II anu ayeuna aya wujud makamna[100]. Sedengkeun dina *Lutung Leutik* mah ngan dihubungkeun jeung ngaran-ngaran tempat wungkul. Malah dina *Lutung Kasarung* mah teu pati katémbong ayana hubungan jeung sasakala atawa silsilah langsung téh.

Nilik kana babandingan di luhur, bisa ditarik kacindekan yén *Lutung Kasarung* asup kana katégori mitologi, *Lutung Leutik* bisa asup kana mitologi atawa legénda, sedeng *Kamandaka* asup kana legénda.

Sajaba ti éta bisa diwangwang kumaha jadina kanda dina hiji carita nu asalna bisa jadi ti hiji sumber. Ngingetkeun kana tempat kapanggihna éta tilu carita, *Lutung Leutik* ti Kuningan, *Lutung Kasarung* ti Ciamis, jeung *Kamandaka* ti Banyumas anu patepung wates jeung saampar-samak, teu mustahil éta carita-carita téh sasumber atawa silih pangaruhan. Tina perkara mana nu jadi sumber utama, di dieu teu dimasalahkeun.

Carita *Ciung Wanara* disebut carita anu ngagambarkeun pangalaman ahéng *de lotgevallen*[101]. Éta carita bisa dibanding-banding jeung *Babad Pajajaran*, *Babad Galuh*, *Carita Waruga Guru* katut *Carita Parahiyangan*, anu sarua nyabit-nyabit ayana tokoh Ciung Wanara.

Ngabandingkeun carita pantun *Ciung Wanara* jeung C*arita Parahiyangan* atawa jeung *Carita Waruga Guru*, bakal nepi kana hiji anggapan, yén éta carita téh asalna sasumber. Bédana jeung hasil babandingan antara *Lutung Kasarung-Lutung Leutik-Kamandaka* jeung *Ciung Wanara-Carita Parahiyangan-Carita Waruga Guru*, nyaéta ayana kanda jeung ayana raéhan (variasi).

Leunjeuran carita pantun *Ciung Wanara* dibandingkeun jeung *Carita Parahiyangan* lebah nyaritakeun Sang Manarah jeung Ra-

[100] Brosur 2 Adat-istiadat dan Tjeritera Rakjat, Jawatan Kebudayaan Departemen P dan K, 1960. kaca 76-81.

[101] C.M. Pleyte, *De Lotgevallen van Tjioeng Wanara, nederhand vorst van Pakoeng Pajajaran*, VBG 58, 1910.

hiyang Banga[102], tuluy dibandingkeun deui jeung carita *Waruga Guru* lebah ngalalakonkeun Patih Ciung Manarah jeung Hariang Banga[103], katémbongna téh sok teu mangrupa tilu kanda nu béda, tapi mangrupa tilu variasi nu béda. Ari lantaranana, dina leunjeuran caritana, motifna jeung klimaksna némbongkeun hal-hal anu sarua, upama baé tina hal tokoh nu nelasan hiji pandita, nitisna sukma pandita ka hiji tokoh nu engkéna males kanyeri ka tokoh nu maéhan téa, panjara beusi nu dipaké ngurung raja jst.

Carita pantun *Munding Laya di Kusuma* disebut roman wiracarita, *ridderroman*[104].

Roman nyaéta carita anu eusina pinuh ku hayalan jeung hal-hal anu arahéng anu euweuh dina kahirupan biasa, wangunana pangpangna rakitan (*verse*) ....[105]

Hal-hal anu arahéng nu euweuh dina kahirupan biasa, upamana waktu ngagambarkeun Munding Laya ngapung ka jabaning langit geusan néangan langlayangan Kancana Domas, tuluy perang jeung Guriang Tujuh, sarta ahirna Munding Laya unggul jeung bisa ngabandang langlayangan, tuluy dibawa ka Pajajaran, disanggakeun ka Prabu Siliwangi.

Ngabandungan carita *Radén Munding Laya di Kusuma* jeung carita *Radén Munding Laya di Kusuma Prabu Wira Kancana*, aya perbedaan anu deukeut-deukeut kana bédana kanda. Upamana, nu kagungan maksad ngakaya Munding Laya jeung nu ngimpén ningali langlayangan Kancana Domas nyaéta Prabu Siliwangi ku anjeun. Sedengkeun dina nu hiji deui anu ngakaya téh Guru Gantangan, putra Prabu Siliwangi, jeung anu ngimpén ningali langlayangan di sajabaning langit nyaéta Nyi Padma Wati, praméswari Prabu Siliwangi, ibuna Munding Laya.

---

[102] Drs. Atja, *op.Cit.* kaca 53.

[103] Majalah *Poesaka Soenda,* No. 9, Java Institut, 1923. kaca 133-135.

[104] C.M. Pleyte, *Raden Moending Laya di Kusumah,* een oude ridderemán set cena inleiding over den toekang pantun, TBG 49, 1907.

[105] Drs. Yus Rusyana, *Istilah Roman dan Novel,* Majalah *Pendidikan Sastra dan Seni,* FKBS-IKIP, Bandung, No. 1 Th. I. kaca 21.

Tapi ari terusna mah leunjeuran éta carita téh sarua, ngan aya perbédaan dina méré ngaran kayaning Yaksa Mangyuta sarua jeung Jonggrang Kala Pitung, Geger Maléla sarua jeung Ratu Maléla jst.

Upadi dina carita *Lutung Kasarung* jeung *Ciung Wanara* anu aya konflik téh tokoh-tokoh wanitana, antara Purba Rarang jeung Purba Sari, antara Malanggi Rarang jeung Bagandan Sari, antara Déwi Pangrenyep jeung Naga Ningrum, dina carita *Deugdeugpati Jayaperang* mah tokoh-tokoh lalaki, nyaéta antara Braja Kilat jeung Deugdeugpati Jayaperang. Kacaturkeun Braja Kilat nyieun pitenah, majar Deugdeugpati boga laku sérong ka raja, nepi ka raja Imeng Sonjaya bendu sarta nimbalan sangkan Deugdeugpati dipaténi.

Tina tokoh nu naluk-nalukkeun nagara séjén, kapanggih dina carita *Deugdeugpati* anu loba sasaruaanana jeung *Nyi Sumur Bandung*, atawa jeung carita *Munding Laya di Kusuma* bagian ahir.

Carita *Nyi Sumur Bandung* disebut balada[106], duméh caritana basajan pisan, ngan nyaritkeun perjalanan Nyi Sumur Bandung ka Pajajaran bari ditambahan ku sakalian naluk-nalukeun sakur nu dianggap musuh nu aya di tengahing perjalananana.

> *ballad …. 1. A simple song, cap. one that tells a story. 2. A popular narrative poem, typically in two-line or four-line stanzas; esp. one of unknown authorship that passen orally from generation to generation*[107].

Carita *Sulanjana* atawa *Nyi Pohaci Sanghyang Sri* ngagambarkeun asal-muasalna paré. Sabenerna lain carita pantun murni, diasupkeun kana sampel soténh duméh aya kasabit-sabitna Prabu Siliwangi jeung Pajajaran. Ieu carita leuwih keuna disebut carita sasakala paré anu bisa dibanding-banding jeung carita sasakala paré lianna nu méh aya di unggal suku bangsa di Asia Tenggara[108]. Tina hal ieu

[106] C.M. Pleyte, *De ballade Nyi Soemoer Bandoeng,* Rene Soendasche pantoenvertelling, VGB, 58, 1918.

[107] Webster's *Students Dictionary,* American Book Co., New York 1962. kaca 65.

[108] Ilikan *Tjerita Rakjat I,* Urusan Adat-istiadat dan Tjerita Rakyat, Jawatatan Kebudayaan Departemen PDAK, Balai Pustaka, Jakarta 1963. kaca 7-59.

engké di tukang baris dipedar.

Dina carita *Dadap Malang Sisi Cimandiri* digambarkeun kumaha suasana dayeuh Pajajaran waktu ditalukkeun ku balad Islam. Nu jadi tokoh-tokoh carita nyaéta Rakéan Kalang Sunda, Radén Kumbang Bagus Sétra jeung Nyi Putri Purnama Sari anu ninggalkeun dayeuh Pajajaran sarta diudag-udag ku Jaya Antéa katut balad-baladna. Ringkesan caritana sabenerna can anggeus, lantaran jilid kadua (sambunganana) nepi ka ayeuna acan terbit[109].

Suasana carita deukeut-deukeut kana roman sajarah dina harti anu murni, euweuh hayalan-hayalan anu arahéng, kitu deui jalan pikiran tokoh-tokohna saperti manusa biasa, malah manusa kiwari. Upamana dina debatna Rakéan Kalang Sunda jeung Jaya Antéa, ngadurényomkeun agama Pajajaran jeung agama Islam, kitu deui waktu nerangkeun yén Kiyang Santang Aria Cakrabuana (Kéan Santang) sabenerna teu biluk ka Islam saperti dina carita rayat séjénna, kabeh maké logika manusa nu wajar, manusa kiwari.

Sakapeung kapanggih bagian-bagian anu saolah-olah ngadakwa ka urang Islam (balad Banten) anu geus ngancur-leburkeun dayeuh Pakuan harita. Ari dakwaanana teu béda jeung orator ayeuna, cara Rakéan nyeukseukan Jaya Antéa, pokna:

> Antéa!
> Amun dia percaya bener-bener,
> yén ngan sembaheun dia wungkul
> anu kiwari pangmajuna téh
> kaula ogé tetep percaya
> yén sembaheun kaula ti baheula,
> moal dék ninggalkeun kaula!
> Mémang bener
> kaula téh
> nyembah ka batu eujeung ka kayu.
> Tapi
> lain batu lain kayuna

[109] Rakéan Minda Kalangan, *op.Cit.* kaca 100.

anu ku kaula disembah-dipunjung-punjung.
Sinembah pamunjung kaula, Antéa,
nya ka Anu ngayakeun éta batu eujeung kayu!
Batu jeung kayu mah, Antéa,
ngan saukur marga pangunggahan,
pi-eun ngunggahkeun pamunjung kaula
ka Anu Agung di Mandala Agung.
Kaula hanteu nyaho di tanah nu disaba dia
Tapi
tina carita ti luaran, Antéa
anu mariang ti dieu téh,
di dituna
cenah gening ogé ngajarugjug anu bungkeuleukan,
ka pamunjungan
anu lain tina emas,
eujeung lain tina salaka,
tapi
tina batu jeung taneuh![110]

Boh pantun Bogor anu diwakilan ku *Dadap Malang*, boh pantun-pantun lianna nu aya dina sampel, kabéh gé "cinta" ka Pakuan Pajajaran katut Galuh. Ngan bédana, upama dina pantun-pantun lianna "kacintaan" téh dikesankeun ku gambaran panineungan, dina *Dadap Malang* mah ku panyarékan. Beunang disebutkeun, yén *Dadap Malang* kaasup carita pantun anu diasupan ku unsur-unsur pulitik jeung séntimén kaagamaan. Malah dina pantun-pantun Bogor séjénna mah ditambahan ku uga sagala, nu sabenerna hiji hal nu kontradiktif jeung rasio manusia kiwari, sanajan mémang enya éta uga-uga jadi harepan manusa ayeuna.

KASANG TUKANG TUMUWUHNA

Carita pantun minangka hiji hasil sastra, tumuwuh (gelar) kalawan hiji motif ti nu nyiptana dina hiji suasana mangsa katut

[110] *ibid.* kaca 83-84.

alamna anu geus ngadorong ka nu nyipta geusan lahirna éta carita.

Lahirna carita pantun nyaéta konkritisasi jeung réalisasi, réspon ti hiji organisasi anu meunang dorongan (*stimulus*) tina suasana mangsa jeung alam (*world*) harita.

Rumus W-S-O-R-W (*World-Stimulus-Organism-Response-World*) anu nerangkeun hiji individu jeung alamna[111] bisa dipaké dasar pikeun nerangkeun kumaha tumuwuhna éta hasil sastra. Suasana mangsa katut alam di Pasundan harita geus méré rangsangan ka manusa Sunda pikeun ngagelarkeun ciptaanana anu mangrupa pantun, sarta éta ciptaanana téh balik deui méré suasana kana alam katut mangsa di Pasundan.

Jadi anu disebut kasang tukang di dieu, nyaéta rangsangan (*stimulus*) anu ngadorong urang Sunda ngagelarkeun carita pantun, anu éta rangsangan téh dilantarankeun ku suasana mangsa katut alam Pasundan harita.

Hal ieu téh asup kana widang panalungtikan kumaha patula-patalina antara individu, masarakat jeung kabudayaan anu mangrupa titik tepungna antara tilu disiplin ilmiah, nyaéta psikologi, sosiologi, jeung antropologi[112].

Kagiatan manusa Sunda anu diwakilan ku jurupantun atawa nu nyipta carita pantun anu sipatna psikologis sarta hubunganana jeung masarakat dina ngayakeun kontak jeung komunikasi ku jalan pantun anu sipatna sosiologis, ditambah deui ku kasang tukang nu mangrupa warna katut suasana mangsa jeung alam Pasundan harita anu sipatna antropologis, kabéh jadi dasar pikeun nyawang kasang tukang tumuwuhna carita pantun.

Warna jeung suasana mangsa katut alam téh nyaéta kahirupan jeung kaayaan masarakat jeung tanah Sunda nu aya patalina jeung sajarah katut kabudayaan Sunda waktu gelarna carita pantun. Jadi, hartina ku jalan nyawang sajarah katut kabudayaan Sunda–di

[111] R.S. Woodworth, D.C. Marquis, I. Ruchimat M.A., *Psychology,* Bapemsi, Bandung. kaca 261.

[112] Ralph Lihton, *op.Cit.* kaca II.

antarana diharepkeun bakal bisa nganyahoankeun kasang tukang tumuwuhna carita pantun. Hal ieu mikabutuh sarat nu mutlak kudu aya, nyaéta kumplitna bahan-bahan nu aya hubunganna jeung sajarah katut kabudayaan Sunda.

Demi éta sarat téh kawasna teu kacumponan kabéh, lantaran kurangna bahan-bahan nu mangrupa catetan-catetan kabudayaan, kronik-kronik sajarah jeung sapapadana.

Misadar kana kaayaan kieu, nya néangan jalan nu sabalikna. Tina hasil panalungtikan carita-carita pantun nya dipaké dasar pikeun nganyahoankeun sajarah katut kabudayaan Sunda baheula, sajarah jeung kabudayaan anu ngamungkinkeun tumuwuhna carita pantun.

Dua carita anu kasebut di luhur téh, jigana dina prakna mah teu dijalankeun kalawan napsi-napsi, tapi mokprok jeung bareng, malah aya kalana mangrupa dialog anu matotoskeun persualan carita pantun.

Cara-cara kitu téh kaasup cara panalungtikan vértikal (historis) anu tangtu bakal ngalaman rupa-rupa kasulitan, lantaran pakeunna kurang téa. Ku kituna, cara vértikal ieu téh dibarengan ku cara horisontal, nyaéta niténan atawa nalungtik kaayaan kiwari nu aya hubunganana jeung kahirupan carita pantun.

Si subyék anu geus ngagelarkeun carita pantun, nyaéta hiji individu, atawa kumpulan individu, anu ngalaman prosés manggihan idéa anyar, tuluy ngalaksanakeun éta idéa nepi ka diaku ku masarakat tempat kumbuhna, yén carita pantun téh aya gunana pikeun hirupna. Éta prosés téh ditandaan ku panimuan anyar jeung pangakuan masarakat, prosés *discovery* jeung *invention*[113].

Carita pantun anu kungsi jadi konsép anyar ti hiji individu, bisa jadi mimitina mah teu ditampa ku masarakat tempat kumbuhna éta individu. Tapi nya kitu biasana ogé individu anu rancagé

[113] Prof.Dr. Koentjaraningrat, *Pengantar Anthropologi,* Penerbitan Universitas, Jakarta, 1964. kaca 136.

mah, demi kréativitasna manéhna geus bisa miheulaan jamanna sarta kréasina teu nyaluyukeun teuing jeung pamanggih kaayaan saharita (*actual position*) nu aya di masarakatna[114].

Hiji deui anu di dieu rék dipasinikeun téh, nyaéta dina enggoning néangan jawaban kumaha kasang tukang tumuwuhna carita pantun, ku jalan ngabandingkeun jeung tumuwuhna hasil sastra di luareun Sunda saperti nu geus dijalankeun waktu maluruh kecap "pantun" dina Bab II. Upama katimbang perlu arék dibandingkeun jeung carita-carita nu gelar di Jawa, boh jaman Majapait, boh jaman Mataram Islam.

Hal ieu téh taya lian pikeun ngantebkeun persualan nu keur ditalungtik.

Tanah jeung Masarakat

Kaayaan tanah di Pasundan umumna léndo jeung teu kurang ku cai. Hal ieu ngamungkinkeun suburna pepelakan, pantes jadi tanah agraris. Kecap "sunda" nu di antara hartina téh "cai"[115] mémang luyu pisan jeung kaayaan di Tanah Sunda.

Palabuan-palabuan nu dina jaman Pajajaran geus aya nyaéta *Caravam* (Karawang), *Tangaram* (Tangerang), *Cheguide* (Cigedé), *Padang* (Pontang) jeung *Bantam* (Banten)[116] minangka tempat patepungna urang Sunda jeung bangsa-bangsa lianna ku jalan perdagangan. Sakur mantri labuan anu ngawasa palabuan tangtu baleungharna, kapanggih dina carita pantun gambaranana: Guru Gantangan, Raja Nangkoda.

Tanah Sunda beulah kalér mangrupa dataran handap, sabalikna beulah kidul mangrupa pagunungan. Nyieun jalan raya Pakuan Pajajaran-Galuh ogé teu mustahil dilantarankeun ku faktor nu kasebut bieu. Lantaran tangtuna ogé leuweung di pagunungan

---

[114] Alfred M. Lee, *Principles of Sosiologi,* Farnes & Noble, New York, 1953. kaca 200.

[115] Drs.H.M. Atmamihardja, *Sajarah Sunda*, Ganaco, Bandung 1953. kaca 6.

[116] Drs. Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.,* kaca 52.

mah leuwih bangga dibukbakna, jeung kalawan timbangan jalan rata mah leuwih hadé ti batan jalan anu nanjak-mudun. Ku kituna mending nyieun jalan ka beulah kalér, ti batan nembus leuweung Priangan (Galunggung, Sancang, Denuh).

Pasundan ti beulah wétan tepung watés jeung Tanah Jawa anu dicicingan ku hiji suku bangsa anu béda kabudayaanna, jeung bisa jadi béda temperaménna. Éta perbédaan, nimbulkeun rupa-rupa anggapan jeung séntimén bangsa, boh ti urang Jawa boh ti urang Sunda, boh sabalikna. Minangka sublimasi tina anggapan jeung séntimén tadi, dina carita pantun digambarkeun ku carita *Ciung Wanara*.

Sipat urang Sunda, umumna sabar, tenang, daréhdéh jeung gumbira[117]. Sipat-sipat kitu téh nimbulkeun rasa teu panuju ka nu bedang saperti ka tokoh Purba Rarang, jeung rasa simpati ka nu sabar saperti ka tokoh Purba Sari: nimbulkeun panghargaan ka nu boga sipat tenang saperti ka tokoh Lutung Kasarung anu tara geumpeur nyanghareupan kasulitan; sarta resep ka nu lucu saperti ka tokoh Léngsér. Tapi upama geus tepi kana prinsip, tangguh pamadeganana saperti Prabu Siliwangi waktu nolak paménta Dempu Awang nu rék meuli paré. Tangguh pamadegan ieu téh katémbong kénéh di urang Kanékés (Baduy) anu gugon kana talari karuhun.

Di leuweung-leuweung Tanah Sunda loba rupaning sasatoan anu ku maranéhna geus dibéré ngaran, sarta nu mindeng kapanggih, boh waktu keur moro, boh waktu aya sato leuweung anu sasab ka lembur. Upama jelema nu hirupna di kota kiwari mindeng katarik ku sipat-sipat mobil atawa barang-barang séjénna nu mindeng kapanggih sapopoé, urang Sunda harita katarik ku sipat sasatoan, nepi ka maranéhna arapal, yén kidang téh tarik lumpatna, yén munding leuweung téh bisa dililindeuk jeung mun geus lindeuk bisa dipaké magawé, yén lutung téh kodomangna alus pisan, yén ciung téh sorana matak dédéngéeun jst.

[117] R.S. Soemaatmadja, *Tanah Sunda,* Ganaco, Bandung 1960. Kaca 7.

Teu béda ti ayeuna anu nyebut "kawas hayam" ka jelema nu resep diadu atawa ka nu gawéna resep pucak-pacok, nyarékan "si anjing" ka jelema nu dipikageuleuh, urang Sunda harita ogé ngalarapkeun pasipatan sasatoan ka tokoh-tokoh dongéng (malah bisa jadi tokoh-tokoh sajarah) anu sipatna aya sasaruaanana jeung sipat sato, ku jalan méré ngaran maké salah sahiji ngaran sato. Ngaran Ciung Wanara, Munding Laya, Badak Pamalang jst. nimbulkeun asosiasi pasipatan tokoh nu boga ngaran jeung pasipatan sato nu dipaké ngaran ku éta tokoh.

Kitu deui ngaran jeung kahanan tutuwuhan katut bagian-bagianna, kayaning: mayang, padma, kawung jst. geus bisa méré inspirasi ka urang Sunda pikeun méré ngaran: Mayang Sunda, Padma Wati, Kawung Luwuk jst.

Tina palapah kawung nu loba jaradi di leuweung jeung di sisi lembur, bisa nyieun kenur anu lamun dipantengkeun tuluy disintreukan ku ramo ngaluarkeun sora nu alus. Ha ieu nimbulkeun idéa pikeun nyieun sabangsa waditra, anu ayeuna jadi kacapi. Nya kacapi ieu nu sok dipaké mirig pantun téh, anu tangtu baheula pisan mah pohara basajanna.

Sora-sora nu mindeng kapireng ku urang Sunda harita, kayaning sora angin gunung, sora ombak, sora curug, sora guludug jst., geus mangaruhan kana titilaras nu sok dihariringkeun ku sungutna. Teu béda jeung sora kahirupan kota kiwari nu geus nimbulkeun idéa pikeun nyieun kacapi listrik jeung nyanggi lagu kaayeunakeun.

Nepi ka ayeuna karasa kéněh kesan, yén sora angin gunung téh mélog sarta sora ombak jeung angin laut mah nyaléndro. Dua laras karawitan nu ayeuna gé diparaké kéněh pikeun mirig pantun.

Tina sakur nu dipedar di luhur, bisa ditarik kacindekan, yén hubungan antara manusa (masarakat) jeung alam (tanah) téh pohara raketna. Conto-conto di luhur ngan ditujulkeun kana faktor-faktor nu aya patalina jeung tumuwuhna pantun, padahal sabenerna mah leuwih jembar ti éta, kayaning pangaweruh ngeunaan musim, sipat-sipat jeung gejala-gejala alam, pangaweruh tempat jst., anu penting pisan pikeun kahirupanana.

Pengetahunan tentang alam ini sering kali mendekati lapangan religi, kalau pengetahuan ini mengenai sual-sual asal alam, penciptaan alam, asal mula gejala-gejala alam, asal mula gerhana dsb. Pengetahuan ini seringkali berupa dongéng-dongéng yang dianggap suci…..[118]

Alam nu nimbulkeun stimulus ka manusa, ku naon upamana puncak gunung nu ieu mah rata jeung jiga parahu nangkub, ngalantarankeun lahirna dongéng sasakala Sangkuriang. Nya kitu jigana jadina ngaran Cipamali, Kawali, Kandangwesi jst., ogé, sanajan dina bentuk nu abstrak.

Pangaweruh manusa tina hal paré geus nimbulkeun dongéng Sanghiang Sri jeung bagian-bagian tina carita *Lutung Kasarung* atawa *Lutung Leutik*. Lantaran paré téh kaasup kadaharan lulugu anu penting pikeun hirupna, nya timbul anggapan yén paré téh boga sipat asih, datangna ti hiji tempat nu suci bisa jadi ti langit.

Saterusna hubungan individu jeung individu, geus ngahasilkeun sistem simbul nu manrupa basa, minangka alat komunikasi. Manusa perlu ngedalkeun maksud jeung kahayangna ka batur kumbuhna, nya médiana téh basa.

Komunikasi nu asalna basajan beuki lila beuki kompléks, ngurung aspék-aspék kajiwaan lianna, kayaning sora perasaan jeung idéa. Ieu téh sajalan jeung dongéng-dongéng nu asalna basajan tumuwuh jadi carita-carita nu beuki ngandung ajén moral, di antarana nya carita pantun.

Aspék-aspék Kabudayaan

Anu disebut aspék-aspek kabudayaan nyaéta ngurung:

a. kebudayaan sebagai tata kelakuan manusia;
b. kebudayaan sebagai kelakuan manusia;
c. kebudayaan sebagai hasil kelakuna manusia[119].

118 Prof. Koentjaraningrat, *op.Cit.* kaca 204.
119 Prof. Koentjaraningrat, *op.Cit.* kaca 80.

Kabudayaan minangka tata laku lampah manusa Sunda mangrupa angen-angen, norma, pandangan, hukum, aturan, kapercayaan, sikep nu ngadorong manusa Sunda migawé hiji hal dina hirupna. Ieu aspék aya dina alam batin urang Sunda sarta sipatna nonmateril, tapi pohara pentingna, lantaran nya ieu nu ngagerakkeun sagala rupa geusan nindak kana aspék kadua nyaéta aspék laku lampah. Upama urang Sunda dipapandékeun kana hiji individu, aspék kahiji téh nyaéta "*kata hati*" mungguh ceuk istilah psikologi mah, sedeng aspék kadua taya lian aktivitasna.

Aspék kabudayaan minangka tata laku lampah manusa Sunda waktu gelarna carita pantun, bisa kagambarkeun ku niténan eusi carita-carita pantun. Tapi tangtu baé kudu "disaring" heula, lantaran apan carita pantun mah lain dokuméntasi sajarah anu murni, tapi kristalisasi pangalaman batin urang Sunda harita anu geus miboga tata laku lampah nu mandiri.

Angen-angen manusa Sunda anu hayang ménjo hasil tatanénan cukul, marakna beubeunangan jst., kagambarkeun dina *Lutung Kasarung* waktu aya pasanggiri ngahuma jeung méngkong Sipatahunan antara Purba Rarang jeung Purba Sari. Atuh babasan "buncir leuit loba duit, réa ketan réa keton" anu jadi kacapangan urang Sunda ti baheula, teges jadi angen-angenna tug nepi ka urang Sunda kiwari.

Piagem tambaga nu kapanggih di Kabantenan, Bekasi[120], nu nuliskeun amanatna Wastu Kancana, yén ulah aya nu ngaganggu "kapas timbang paré dongdang", nuduhkeun kumaha pandangan urang Sunda harita kana kapas (sandang) jeung paré (pangan). Kapas jeung paré boga kalungguhan nu luhur, kaasup barang nu istiméwa, nepi ka Wastu Kancana ngahaja nyerat perkara éta. Teu béda ti undang-undang mun cara ayeuna mah.

Pandangan nu sarupa kitu téh loba kapanggih dina carita-carita pantun. Sakur tutuwuhan nu guna pikeun manusa, dianggap datangna ti manusa nu bisa méré kahirupan, nyaéta ti Batara

[120] Drs.H.M. Atmamihardja, *op.Cit.* kaca 55-56.

(Guru) nu linggih di sawarga (kahiyangan).

Déwi Asri méré tanjakan ka Sunten Jaya, mundut "gedogan ki jati nunggal" lengkep jeung tunjanganana jst. Gedogan aya hubunganana jeung ngolah kapas, anu mangsa harita mah ku bangsa para putri ogé digarap. Jadi ngolah kapas atawa ninun téh kaasup kana pagawéan nu penting, ti somahan parat nepi ka karaton.

Dina carita *Kamandaka* diterangkeun, yén waktu Banyakcatra keur ngibing katingalieun ku Prabu Siliwangi aya ceda dina patuanganana, harita kéněh diputuskeun yén Banyakcatra teu kagungan hak jadi raja di Pajajaran. Dina C*arita Parahiyangan* nu teu tulus jadi ratu téh Rahiang Sempakwaja, lantaran pohang, jeung Rahiangtang Kidul, lantaran burut[121]. Éta téh mangrupa hukum jeung aturan alam harita, anu hartina mah, bisa jadi, yén anu jadi ratu teu meunang boga codéka.

Tina sual kapercayaan urang Sunda harita, aya patalina jeung agama nu dianutna. Catetan-catetan nu kapanggih nepi ka ayeuna nétélakeun, yén agama jaman Pajajaran téh agama Hindu atawa Buda.

Dina S*iksa Kandang Karesian* ditulis istilah-istilah kayaning *adigama, guru-gama, wahyé-doa* jast., anu ngingetkeun kana adeg-adeg agama Buda[122]. Atuh dina *Carita Parahiyangan* kapanggih bagian anu nyaritakeun ayana pustaka anu dimimitian ku "*Ong Awignamastu*"[123].

Tapi hiji hal anu perlu jadi bahan bandingan, nyaéta eusi kahiyangan dina carita-carita pantun (*Lutung Kasarung* jeung *Munding Laya*) lain para déwa, tapi Sunan Ambu jeung sapangiringna. Mungkin hal ieu téh bisa disaruakeun jeung kaayaan ayeuna, urang Sunda anu kalolobaanana nganut agama Islam, tapi resep kana carita wayang anu nota béné agama wayang mah Hindu kéněh.

[121] Drs. Atja, *op.Cit.* kaca 48.
[122] Drs. Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.* kaca 58.
[123] Drs. Atja, *op.Cit.* kaca 51.

Kamungkinan bieu ngingetkeun kana istilah "réligi rayat" jeung "réligi karayatan".

> *Demikianlah kita ketahui di daérah-daérah tempat Islam merupakan religi rakyat yang resmi, berkembanglah umpamanya perjimatan dan penghormatan roh nenek moyang, dan dalam penghargaan orang-orang Islam itu dianggap pasti tidak kurang tingginya.*[124]

Réligi rayat alam Pajajaran nyaéta agama Buda atawa Hindu, tapi réligi karajaan tetep madep ka para hiyang nu aya di kahiyangan, tegesna ka para lelembut karuhun anu geus ngalahirkeun urang Buana Pancatengah. Tokoh Sunan Ambu nu jinisna ibu (wanita) bisa jadi aya hubunganana jeung anggapan "nu ngalahirkeun manusa".

Seperti nu geus disebutkeun ti heula, buana téh aya tilu: Buana Nyungcung (Kahiyangan), Buana Tengah atawa Buana Pancatengah, jeung Buana Mongkléng (Buana Peteng). Sedengkeun Kahiyangan dibagi salapan tumpa anu disebut mandala-mandala: 1. Mandala Kasungka (panghandapna), 2. Mandala Permana, 3. Mandala Karna, 4. Mandala Rasa, 5. Mandala Séba, 6. Mandala Suda, 7. Mandala Jati, 8. Mandala Balé Agung, 9. Mandala Samar (pangluhurna)[125].

Kecap "mandala" asalna tina basa Sangskrta, hartina *daerah, lingkaran, daerah yang melingkari*[126]. Asup kana kapercayaan Sunda, jigana teu béda jeung asupna kecap "panca" kana Buana Tengah nu jadi Buana Pancatengah.

Naha asupna kecap Sangskrta téh sajalan jeung asupna pangaruh agama Hindu/Buda kana kapercayaan Sunda? Aya kamungkinan, tapi aya kamungkinan henteu deuih.

Disebut aya kamungkinan, contona saperti asupna kecap-

---

[124] Dr.M.Th. Fischer, *Pengantar Anthropologi Kebudajaan Indonesia,* terjemahan Anas Makrup, cet. 2, Pembangunan, Jakarta 1957. kaca 144.

[125] Saléh Danasasmita, *op.Cit.* kaca 31.

[126] Drs.R.M. Sutjipto Wirjosuparto, *op.Cit.* kaca 45.

kecap Arab kana sarupaning adat istiadat Sunda, kayaning: tahlil, nadran, dibuat jst. Disebut aya kamungkinan henteu, misalna saperti asupna kecap-kecap Arab kana istilah agama Nasrani di Indonésia, kayaning: Allah, kudus, jst.

Teu mustahil dina jaman Pajajaran antara réligi rayat jeung réligi karajaan téh awor ngahiji, hartina aya sinkrétisme anu harmonis. Babandinganana saperti agama di Majapait.

> *Pemujaan nenek moyang ini dalam zaman Hindu tidak lenyap di kalangan rakyat, dalam kalangan bangsawan hanya menyesuaikan diri kepada keadaan baru yang ditimbulkan oleh kedatangan agama dari India.*[127]

Jigana kapercayaan ka lelembut para karuhun téh di urang Sunda geus ngajiwa pisan, dalah nepi ka ayeuna ogé. Asupna agama Hindu, Buda jeung Islam teu bisa mupus sama sakali, ngan ukur pindah kalungguhan, tina réligi rayat kana réligi karayatan.

Ieu réligi karayatan upama ditilik tina jihat réligi rayat (agama nu resmi dianut ku rayat) mémang loba nu patukang tonggong, tapi pikeun nganétralisir persualan, bisa dianggap yén réligi karayatan mah lain agama, tapi unsur-unsur kabudayaan. Sawatara unsur kabudayaan anu hésé leungitna, sanajan geus aya gantina.

> *Unsur-unsur kebudayaan yang termasuk agama dan religi atau yang mempunyai latar belakang agama dan religi, dan yang tak mudah diganti oleh unsur-unsur lain*.[128]

Nya kitu, gambaran religi karayatan téh katémbong dina carita-carita pantun sarta teu silih ganggu jeung réligi rayat, boh dina jaman Pajajaran, boh ayeuna. Istilah kahiyangan ngaréndéng jeung istilah sawarga, istilah guriang, sangiang, dangiang, rahiang, ngaréndéng jeung istilah bodisatwa, jeung saterusna.

---

[127] Drs.S.Wojowasitto, *Sedjarah Kebudajaan Indonesia II,* Kalimusodo, Jakarta-Yogyakarta 1957. kaca 132.

[128] Prof. Koentjaraningrat, *op.Cit.* kaca 26.

Aspék kabudayaan lianna nyaéta nu mangrupa laku lampah manusana sorangan.

Dina Prasasti Batutulis Bogor disebutkeun, yén raja parantos ngadamel tanda pangéling-ngéling gugunungan, ngabalay jalan, ngayakeun samida, ngemplangkeun talaga Rena Mahawijaya dina taun panca-pandawa-ngemban-bumi[129]. Dina carita *Ciung Wanara* kakocapkeun Ciung Wanara ngadamel panjara beusi pikeun nga-hukum nu salah, nu geus nelasan Ajar Sukaresi. Kitu deui Deu-deugpati Jayaperang kudu ditelasan, lantaran disangka geus ngalambangsari jeung pawarang raja.

Conto-conto di luhur nétélakeun sakur nu dilakukeun ku tokoh-tokoh sajarah jeung tokoh carita pantun, nu didasarkeun kana norma, hukum, aturan jeung kapercayaan.

Demi aspék kabudayaan nu pangahirna nyaéta hasil kalakuan atawa pagawéan manusa, boh nu mangrupa wujud nu bungkeu-leukan, boh nu henteu.

Carita pantun kaasup kana aspék kabudayaan nu ieu, lantaran tétéla hasil gawé urang Sunda baheula.

Upama dititénan, sumber carita pantun téh diwangun ku: 1. sumber karaton, 2. sumber carita rayat, jeung 3. sumber carita ti luar.

1. Sumber Karaton

Disebut sumber karaton nyaéta duméh dina carita-carita pantun mindeng ngagambarkeun kaayaan eusi karaton katut tokoh-tokoh nu aya dikaraton. Jaba ti éta bisa dihartikeun ogé, yén carita pantun téh jolna ti karaton, tegesna dijieun ku urang karaton. Nu kadua ieu ngamungkinkeun ayana "bujangga karaton" atawa "jurupantun karaton". Sanajan nepi ka ayeuna perkara ayana "bujangga karaton" di Pajajaran can kapanggih raratanana, tapi kamungkinan mah angger aya saperti di karaton-karaton Jawa-Hindu.

Ngan anu tétéla, eusi carita pantun téh loba ngagambarkeun

[129] Drs. Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.,* kaca 26.

kaayaan karaton jaman Pajajaran.

Dina carita pantun kapanggih gambaran-gambaran tina kahirupan karaton. Éta gambaran-gambaran téh teu bina jeung tatahan réliéf dina bilik-bilik candi anu ngébréhkeun kaayaan kabudayaan dina salah sahiji jaman.

Dina éta gambaran téh kacida pisan écésna hiji suasana kahirupan anu béda jeung suasana kahirupan anu kapanggih kiwari atawa kahirupan padésaan saperti anu ébréh dina dongéng rayat.

Ari nu digambarkeunana nyaéta kaayaan kahirupan karaton alam Pakuan Pajajaran, umpamana kumaha kaayaan karaton harita, palataran katut patamananana, jamban, pangkuleman katut pakas-pakakas, paninunan, dangdanan para satria, putri jeung léngsér. Kumaha raména pépéstaan, iring-iringan jeung naon-naonna tatanggapan dina iring-iringan, ieu ébréh pisan dina carita pantun. Ieu tatahan kahirupan kabudayaan karaton, tantu hasil karya jalma anu ngalaman kahirupan karaton. Pamohalan hasil wangwangan pamaparah mah, lantaran sakumaha laluasana wangwangan, jalma teu leupas tina kanyataan tatapakan hirup anu sabenerna. Jadi upamana baé éta téh hasil wangwangan jalma nu teu mantra-mantra kana kahirupan karaton, saperti nu cicing di pakampungan, tangtu éta gambaran téh kudu ngébréhkeun suasana kahirupan pakampungan, saperti upamana gambaran-gambaran karaton anu kapanggih dina dongéng-dongéng rayat.[130]

Téori yén ari jurupantun téh sarua jeung bujangga karaton cara Prapanca mangsa jaman Hayam Wuruk di karaton Majapait, kungsi dipajukeun ku M.A. Salmun dina taun 1949 asana (dina majalah Indonésia). Tapi teu kungsi meunang sokongan-sokongan ku bukti-bukti sajarah anu pengkuh tina panalungtikan-panalungtikan historis-sosiologi. Téori Salmun lahirna ku lantaran manéhna nyangka yén cara hirup unggal bangsa téh salilana sarua pisan, nepi ka sagala nu aya di Jawa tangtu di Sunda gé aya deui.[131]

[130] Yus Rusyana B.A., *Tjarita Pantun,* Majalah *Manglé* No. 66, Th.VI,April, 1963. kaca 22.

[131] Ajip Rosidi, *Dur Pandjak,* Pusaka Sunda, Bandung 1966. kaca 92.

Di dieu nu nulis rék ngabédakeun istilah "jurupantun karaton" jeung "bujangga karaton", ku leuwih nekenkeun kana pagawéanana masing-masing. Sanajan bisa jadi éta dua fungsionaris téh bisa dirangkep ku hiji jelema.

Jurupantun kaasup seniman nu nepikeun hiji karya nu mangrupa carita pantun. Éta carita pantun téh teu salawasna beunangna, tapi bisa meunang nu séjén, saperti hiji déklamator ngadéklamasikeun sajak ciptaan batur (sastrawan). Demi bujangga mah nyaéta anu nyieun karya sastrana, tegesna sastrawan atawa pangarang.

Empu Kanwa anu ngarang *Arjunawiwaha*-na mah, kaasup bujangga. Tapi lalakon *Arjunawiwaha* bisa diwayangkeun ku dalang, saperti lalakon pantun bisa dipantunkeun ku jurupantun.

Bujangga karaton nyaéta hiji jelema anu biasa ngarang pikeun kapentingan karaton, anu di karaton Pajajaran mah can katalungtik ayana. Demi jurupantun karaton, taya lian jurupantun nu sok biasa mantun di karaton anu di karaton Pajajaran teu mustahi ayana.

Istilah bujangga karaton di Jawa, ku lantaran can aya spésialisasi garapan, ngurung pagawéan sastra saperti Empu Kanwa ngarang *Arjunawiwaha*, jeung pagawéan jurucatet sajarah saperti Prapanca nu nulis *Pararaton*[132] anu di Sunda bisa dibandingkeun jeung *Carita Parahiyangan* nu anonim.

Carita-carita pantun teu bisa dibandingekun jeung *Pararaton* atawa *Nagara Kertagama*, paling-paling bisa dibandingkeun jeung *Arjunawiwaha*. Ari lantaran, duméh carita pantun mah tetep aya dina daérah sastra, tegesna hasil sastra (seni sastra).

Pikeun nétralisir persualan ayana atawa euweuhna bujangga karaton jeung jurupantun karaton di Pajajaran atawa Galuh, anu mungkin (atawa teu mungkin) kungsi ngahasilkeun carita pantun, kawasna nya ku jalan misahkeun carita pantun tina persualan di luhur. Hartina ningalikeun heula persualan saha nu nyipta carita pantun, tuluy museurkeun panyawang kana éta carita.

[132] Ilikan Drs.S. Wojowasito, *op.Cit.* kaca 100.

Pantun hasil kasusastraan anu ngakar kana kahirupan karaton[133] bisa disebutkeun asup kana golongan carita gambaran karaton, lantaran anu jadi puseur jeung témana teges kahirupan karaton baé.

Karaton geus jadi sumber carita pikeun carita-carita pantun, éta mah geus tétéla. Tapi sajaba ti karaton, nu jadi sumber téh nyaéta carita rayat.

2. Sumber Carita Rayat

Carita rayat téh nyaéta carita bogana rayat, tegesna carita anu geus jadi milikna rayat umum. Ku kituna, sabenerna, carita pantun ogé kaasup carita rayat (Sunda), lantaran geus jadi milik urang Sunda, sarta kana éta carita umumna urang Sunda geus pada tarerang.

Carita rayat lain ngan wungkul nyaritakeun kahirupan rayat baé, kahirupan di karataon, di kahyangan, di mana-mana ogé, sok mun éta carita geus jadi banda rayat, asup kana golongan carita rayat.

Umumna carita rayat téh boga daérah nu pohara legana, upamana carita pantun jeung carita Si Kabayan di sa-Pasundan, carita paré di sa-Nusantara, carita widadari di sadunya[134] jst.

Carita rayat umumna nyebar ku tatalépa dina lisan sarta upama ngabanding-bandingkeun eusi jeung téma bakal kanyahoan aya sasaruaanana.

> *…. the study oral literature, especially of folktale themes and their migration; of how and when they have entered 'higher', 'artistic' literature*[135].

Carita pantun, dina tumuwuhna, loba nyokot sumber tina carita rayat.

---

[133] Yus Rusyana B.A., *op.Cit.*

[134] Ilikan Rochman B. Abunjamin, *Asal-usul dan penyebaran sebuah ceritera rajat,* Majalah *Manusia Indonesia,* No.1,Th.II,1968. kaca 21-31.

[135] Rene Wellek & Austin Warren, *op.Cit.* kaca 46.

Dina carita *Lutung Kasarung* kacaritakeun nu boga lalakon téh Nyi Purba Sari, putri bungsu. Hal ieu aya sasaruaanana jeung dongéng (carita) Si Leungli (Nyi Bungsu Larang).

> *Penderitaan-penderitaan Nyi Bungsu Rarang mengingatkan kita akan penderitaan dan kesengsaraan Purba Sari Ayu Wangi dalam Lutung Kasarung. Ini pun adalah suatu hal yang menarik: dalam dongéng-dongéng Sunda, sering kali si bungsu dilukiskan sebagai seorang yang sabar, jujur, benar, mempertahankan keadilan dan mengalami berbagai kesengsaraan dan penderitaan sebagai akibat sikap saudara-saudaranya yang lebih tua yang serakah, tamak, tak adil dan pemarah. Akhirnya–tentu saja–si bungsu mendapat kemenangan dan kebahagiaan*[136].

Carita *Sulanjana* (*Nyi Pohaci Sanghyang Sri*) sabenerna carita rayat anu dipakuat-pakaitkeun jeung tokoh Prabu Siliwangi (tokoh carita pantun). Dongéng widadari saperti Joko Tarub di Jawa, Mamanua-Lumalundung di Minahasa, Jubah Balud di Cina, Raja Bahwun Ghur di Persia, Tangari di Mélanésia jst.[137], dina *Sulanjana* kapanggih lebah bagian Prabu Siliwangi jeung Nawangwulan. Leunjeuran caritana mah sarua jeung carita Joko Tarub.

Ngan dina *Sulanjana* mah dihijikeun jeung dongéng asal muasalna paré. Tokoh Nyi Pohaci Sanghyang Sri dina *Sulanjana* bisa dibandingkeun jeung tokoh Retno Dumilah dina carita paré Jawa jeung Madura[138].

"Naékna" unsur-unsur carita rayat kana carita pantun bisa mangrupa raéhan, bisa mangrupa kanda. Carita *Lutung Kasarung* jeung Si Leungli tétéla geus béda kanda, sedengkeun Nawangwulan jeung *Nyi Pohaci Sanghiang Sri* (anu identik jeung Retno Dumilah) kaasup kana raéhan (variasi) dina salah sahiji bagian carita *Sulanjana*.

Hubungan urang karaton jeung rayat biasa, geus ngalanta-

[136] Ajip Rosidi, *Jalan ke Surga,* Tiara, Bandung 1964. kaca 8.
[137] Rochman B. Abunjamin, *loc.Cit.*
[138] Ilikan *Tjeritera Rajat, I, loc.Cit.* kaca 30-32.

rankeun kauntungan ti dua pihakna. Masing-masing geus milih sambungan ku pangbogana masing-masing. Upama pantun asalna ti karaton, meureun carita rayat téh geus asup ka lingkungan karaton. Upamana pantun téh asalna ti masarakat biasa, meureun "béja-béja" ti karaton téh geus turun ka rayat.

> *…. kesusastraan rayat diambil oléh lingkungan kabupaten-kabupaten tadi, dan dari situ naik ke kraton pusat negara. Dengan jalan ini maka kesenian dan kesusastraan rayat naik ke keraton negara, lalu dihaluskan, ditinggikan, didandani, sehingga nanti kembali pula kepada rakyat dengan melalui kabupaten-kabupaten itu pula.*[139]

Kakawihan rayat geus mangaruhan sénggol-sénggol tembang Sunda cianjuran nu ayana di kabupatén (baheulana), tapi sabalikna sénggol-sénggol cianjuran geus mangaruhan kakawihan rayat. Hal sarupa kitu téh kawasna kajadian ogé dina tumuwuhna carita pantun.

3. Sumber Carita Luar

Dina carita *Sulanjana*, kapanggih bagian-bagian anu asalna ti luar. Upamana baé lebah nyaritakeun silsilah Nabi Adam nepi ka Sayidina Anwar, tétéla asupna téh sabada Sunda kasosok ku pangaruh kasusastraan Islam.

Tokoh Nurrasa, putrana Sayidina Anwar (Nurcahya)[140], kaasup tokoh nu ngahubungkeun tokoh-tokoh para nabi jeung tokoh-tokoh para déwa, sabada ngaliwatan tokoh-tokoh Sanghiang Wenang jeung Sanghiang Tunggal (putra-putra Nurrasa). Ti Sanghiang Tunggal, bras ka Batara Guru, nyaéta tokoh déwa dina carita pawayangan. Lebah dieu geus nindak kana bagian anu kapangaruhan ku kasusastraan India (Hindu).

Tokoh semar milu makalangan dina carita *Sulanjana*, bisa jadi

[139] R.S. Sastrosuwignjo, *Djawa Kuno I,* cetakan IV, Sari Pers, Jakarta. kaca 9.
[140] R. Satjadibrata, *Wawacan Sulandjana, op.Cit,* kaca 4.

ngaganti tokoh Léngsér. Ari tokoh Semar téh asalna ti Jawa.

Naha carita *Ciung Wanara* anu aya sasaruaanana jeung carita Firaun, éta kapangaruhan ku kasusastran Islam? Tina hal ieu perlu aya panalungtikan nu leuwih jembar.

Faktor Sajarah

Tokoh Prabu Siliwangi pohara populérna, boh dina carita-carita pantun, boh dina kacapangan urang Sunda. Beuki luhur frékuénsina hiji tokoh kasebut-sebut dina populasi carita nu béda-béda, bari daérah hirupna éta carita-carita téh lega, bisa diduga yén éta tokoh-tokoh téh asup kana tokoh sajarah[141]. Ku kituna munasabah upama tokoh Prabu Siliwangi téh geus dianggap tokoh sajarah, boh dina alam pikiran urang Sunda kiwari, boh hasil panalungtikan[142].

Upama *Carita Parahiyangan* bisa dipaké sumber sajarah[143], anu di antarana eusina téh nyabit-nyabit ayana tokoh Sang Manarah tur "kabeneran" dina carita pantun jeung babad-babad ogé éta tokoh téh kasebut-sebut, naha tokoh-tokoh pantun lianna bisa dipaké bahan panalungtikan sajarah Sunda? Atawa ngan carita fiktif wungkul?

Nepi ka ayeuna ngan sababaraha tokoh pantun baé anu dianggap aya hubunganana jeung sajarah Sunda téh, saperti: Ciung Wanara, Lutung Kasarung jeung Prabu Siliwangi. Kitu ogé eusi carita nu ditokohan ku nu tilu bieu téh, teu kapanggih sasaruaanana jeung eusi sajarah Sunda anu geus katalungtik nepi ka ayeuna. Paling-paling aya sasaruaanana jeung babad-babad nu dianggap sajarah.

Kanyataan kieu téh bisa dibandingkeun jeung tokoh Arjuna dina *Arjunawiwaha* dina kapustakaan Jawa.

---

[141] Mun teu salah pamendak Prof.Dr.R.A.A. Hoesein Djajadiningrat.
[142] Ilikan: Drs.Moh.Amir Sutaarga, *Prabu Siliwangi.*
[143] *ibid.* kaca 21.

Ceritera ini merupakan sindiran kepada Erlangga, yaitu sejak Erlangga mengalami kesulitan karena serbuan tentara musuh dan harus bersembunyi, hingga ketika ia memegang pemerintah lagi dan kawin.[144]

Arjunawiwaha téh kaasup kana lalakon carangan dina carita wayang nu ku Empu Kanwa (nu nulis) geus disilibkeun kana kahirupan Raja Érlangga. Nu nulis can werat nyaritakeun yén sawatara tokoh carita pantun minangka silibna tina tokoh raja anu di Pajajaran atawa Galuh, tapi kakara wasa nyebut: bisa jadi.

Sabenerna dina carita-carita pantun aya peristiwa-peristiwa nu "hébat" anu teu mustahil aya patalina jeung sajarah Sunda. Upamana carita Ciung Wanara, anu bisa jadi nyilibkeun hiji peristiwa mangsa aya kasaluyuan antara Raja Sunda jeung Raja Jawa tina hal tapel-wates nagara.

Ti dinya, asa pohara logisna upama aya hiji raja mutuskeun rék mindahkeun karaton téh, sajaba ti alesan-alesan ékonomis jeung administratif, didasarkeun ogé kana stratégi militér yén kudu ngajauhan tapel wates nagara musuh. Dina sajarah nu geus katalungtik, karaton nu asalna di Galuh dipindahkeun ka Pakuan Pajajaran, tegesna nu asalna di Ciamis dipindahkeun ka Bogor. Tapi pindahna puseur dayeuh dina sajarah, teu kapanggih dina carita-carita pantun, tur éta téh peristiwa badag. Dina sampel nu jumlahna sapuluh, teu kapanggih nu tandesna mirip-mirip kana silib éta peristiwa. Bisa jadi dina carita pantun nu séjénna nu teu kaasupkeun kana sampel.

Peristiwa badag lianna upamana waktu ngabendung Cihaliwung pikeun nyieun Talaga Rena Mahawijaya, nyieun jalan nu butbat ka pagunungan, nyieun samida jst. Éta peristiwa-peristiwa badag téh can bisa dihubungkeun jeung carita pantun.

Ngan waktu dijoragna dayeuh Pajajaran ku balad Banten mah kapanggih gambaranna nyaéta ogé dina *Dadap Malang* (pantun Bogor).

[144] Drs.S. Wojowasito, *op.Cit.* kaca 104.

Kacindekan ti nu geus dipedar di luhur, nyaéta:

1. Bisa jadi aya peristiwa sajarah anu dipaké téma carita pantun nu geus kaguar, tapi can aya nu bisa nerangkeun.
2. Bisa jadi aya pertistiwa sajarah nu dipaké téma carita pantun, tapi carita pantunna can kapanggih.
3. Bisa jadi aya carita pantun anu geus kapanggih anu ngagambarkeun peristiwa sajarah anu can katalungtik.
4. Bisa jadi aya carita pantun anu can kapanggih anu ngagambarkeun peristiwa sajarah nu geus katalungtik.
5. Bisa jadi aya carita pantun nu can kapanggih anu ngagambarkeun peristiwa sajarah anu can katalungtik.

Carita pantun anu wandana cara carita-carita pantun nu kapanggih ayeuna, nurutkeun catetan S*iksa Kandang Karesian*, geus aya dina taun 1518. Harita téh Pajajaran ngadeg kénéh. Bisa jadi gelarna mah béh ditueun taun 1518.

> *Dengan bukti ini sudahlah jelas bagi kita, bahwa dalam tahun 1518 AD Prabu Siliwangi sudah jadi tokoh ceritera pantun*.[145]

Dina "Tokoh-tokoh Carita" geus dicoba dipaluruh carita-carita pantun *Langga Larang, Babakcatra, Siliwangi* jeung *Hatur Wangi* nu dibéjakeun ku *Siksa Kandang Karesian*. Bisa jadi éta carita-carita téh sarua jeung carita-carita nu aya dina pantun atawa babad nu kapanggih kénéh ayeuna.

Ku kituna, anu kakara kapaluruh téh nyaéta carita pantun nu aya kénéh nepi ka ayeuna, ti awal abad ka-16 nepi ka kiwari.

Sabenerna teu babari narik kacindekan yén carita pantun gelar ti jaman Galuh mula, atawa ti alam Pajajaran jeung alam béh ditueunana téh[146], lantaran can aya deui béja saperti béja tina *Siksa*

[145] Drs. Moh. Amir Sutaarga, *op.Cit.,* kaca 9.

[146] R.I. Adiwidjaja, *Kasusastraan Sunda II,* J. B. Wolters, Jakarta-Gronongen, tanpa taun, kaca 12.

Kandang Karesian.

Upama didasarkeun kana tempat manggungna, pédah sok nyaritakeun Galuh jeung Pajajaran, saha nu terang méméh Galuh ogé geus aya, ngan baé meureun lalakon nyaritakeun karajaan méméh éta. Pon kitu deui upama didasarkeun kana tokoh-tokoh caritana.

Dipaluruh tina jihat basana, beuki komo hésé, lantaran umumna carita-carita pantun nu kapanggih ayeuna téh maké basa Sunda béh dieu, lain basa Sunda jaman Galuh atawa Pajajaran.

Tapi upama nilik kana eusi falsafahna mah, yén carita-carita pantun téh dina umumna teu pati kapangaruhan ku kapercayaan Hindu, bisa ditarik kacindekan, yén carita-carita sabangsa kitu téh gelarna samémeh urang Sunda kasosok ku agama Hindu.

Falsafah nu terus nganteng jeung dipuhit ku urang Sunda, ngaliwatan jaman Galuh jeung Pajajaran, tegesna "didangdanan" jeung "diperankeun" ku wanda katut tokoh-tokoh Galuh jeung Pajajaran.

> *Pada hakikatnya semua masalah falsafi akan berkisar di situ, pusat lingkarannya tidak akan berpindah-pindah, yaitu bagaimana cara kita mengatasi pertentangan kita dengan situasi kita*.[147]

Urang Sunda dina enggoning ngungkulan "pertentangan" jeung situasi Galuh katut Pajajaran, nya ngagelarkeun carita anu falsafahna geus aya ti samémehna, tapi tokoh-tokohna jelema nu aya harita, atawa perlambang ti jelema-jelema nu hirup di jamanna. Cara Empu Kanwa merlambangkeun kahirupan Érlangga ku tokoh Arjuna–falsafahna tina agama Hindu, tokohna perlambang Érlangga.

Jadi kacindekanana, nangtukeun gelarna carita pantun téh bisa ditilik tina sababaraha jihat:

[147] Wiratno Soekito, *Renungan tentang Sejarah,* Penerbitan Universitas. kaca 30.

1. Tina jihat falsafahna, gelar samémèh urang Sunda kapangaruhan agama Hindu.
2. Tina jihat peristiwa sajarah, gelar sabada éta peristiwa sajarah kajadian.
3. Tina jihat basa, gelar waktu éta basa keur lumrah dipaké, anu hésé téa nangtukeunana, lantaran carita pantun taya nu tinulis dina harti titinggal hiji jaman saperti kasusastraan/pustaka Jawa Kuno.

BAB IV

Kacindekan

Istilah "Pantun"

Jangkar kecap "tun" anu hartina *nungtun* atawa *aturan* maké formatif atawa awalan pa-, jadi "pantun".

Pantun, tegesna karya-karya *anu nungtun* atawa *anu puguh aturanana.*

Anu nungtun, duméh eusi carita pantun nungtun kana kasurtian jeung karancagéan.

Anu puguh aturanana, duméh wangunan carita pantun puguh atawa aya aturanana.

Istilah "pantun" dina sastra Sunda jeung sastra Malayu, aya patula-patalina, saluyu jeung harti kecap di luhur.

Pantun Malayu, tegesna karya sastra Malayu *anu nungtun* atawa *anu puguh aturanana.*

Anu nungtun, duméh sora dina sampiran nungtun kana unina eusi.

Anu puguh aturanana, duméh aya aturan sampiran eusi.

Jangkar kecap "tun" bisa dipaluruh tina basa Indonesia Purba.

Carita Pantun

Carita pantun nyaéta carita nu sok dipedar ku tukang pantun baréto, eusina ngalalakonkeun tokoh-tokoh nu aya hubunganana jeung Galuh katut Pajajaran atawa nagara-nagara bawahan jeung tatanggana.

Carita pantun nyaéta hasil sastra lisan urang Sunda, jadi tetep aya dina ugeran (disiplin) seni sastra, boh eusina, boh wangunanana. Dina eusi, carita pantun aya dina dunya fiksi sanajan sumber bisa jadi aya nu tina peristiwa sajarah.

Wangunan Pantun

Wangunan pantun nyaéta wangunan sastra anu didasarkeun kana nu dilisankeun ku jurupantun dina keur mantun, lebah nu sok digorolangkeunana winangun basa lancaran (prosa) lebah nu dihaleuangkeun winangun rakitan (*verse*).

Mantun

Mantun nyaéta pagawéan jurupantun upama manéhna keur medar hiji lalakon, ngagorolang jeung ngahaleuang dijentréngan ku kacapi, sakapeung dibarengan ku waditra séjénna.

Baréto mah nu dipedar téh teges ngan carita pantun wungkul, tapi kaayeunakeun geus ditambahan ku lalakon-lalakon lianna.

Hasil Gawé-Rancagé Urang Sunda

Karancagéan urang Sunda dina ngagelarkeun carita pantun, nyoko kana:

a. Nyusun carita anu eusina kedaling pangalaman jiwana, atawa sakur nu kapikir jeung karasa ku jiwana.
b. Dina nyusun carita tadi, maké basa Sunda sarta diréka maké wangunan pantun.
c. Carita dina wangunan pantun ditambah ku carana mantun, geus ngamungkinkeun urang Sunda némbongkeun éksistén-sina salaku suku bangsa anu miboga hasil seni anu husus.

Basa Sunda dina Carita Pantun

Dina midangkeun carita pantun salawasna ngagunakeun basa Sunda, kaasup basa Sunda wewengkon.

Ayana istilah pantun Bogor, pantun Kuningan, pantun Tegal, pantun Baduy jst., didasarkeun kana basa wewengkon nu dipaké dina éta carita pantun.

Basa Sunda dina carita pantun saluyu jeung basa Sunda nu dipaké juru pantun, jadi gumantung ka jelemana, kana tempatna jeung kana waktu hirupna jurupantun ditambah ku sawatara basa (kecap) Sunda nu geus arhais minangka pasésaan basa nu hirup dina jaman jauh saheulaeunana.

Eusi Carita Pantun

Eusi carita pantun nu geus kapanggih nepi ka kiwari, nyaéta ngalalakonkeun tokoh-tokoh carita nu aya hubunganana jeung Galuh atawa Pajajaran, atawa nagara-nagara bawahanana, nagara-nagara tatanggana sarta nagara-nagara atawa tempat-tempat nu arahéng kayaning kahiyangan, nagara siluman jeung sajabana.

Dina carita pantun kagambarkeun kumaha adeg-adeg urang Sunda baheula: norma-norma hirup, pandanganana, kapercayaanana jeung aspék-aspék kabudayaan lianna.

Pagelaran Carita Pantun

Carana ngagelarkeun carita pantun ku jalan mantun, geus aya katangtuan-katangtuanana nu kudu dijalankeun mungguh baheula mah, lantaran anggapan urang Sunda baheula kana sawatara carita-carita pantun–nganggap carita suci (sakral)–ku kituna teu meunang dianggap sagawayah.

Tempat Manggung Carita

Tempat manggung carita pantun pangpangna Galuh jeung Pajajaran atawa nagara bawahanana, atawa nagara-nagara jeung

tempat-tempat arahéng kayaning nagara siluman, kahiyangan, atawa nagara ciciptaan lianna.

Tempat manggung carita pantun aya nu boga hubungan jeung sajarah sarta aya nu ngan ciciptaan wungkul.

Numutkeun tempat manggung caritana, carita pantun bisa dua golongan:

1. Carita pantun horisontal/Pancatengah, nyaéta carita pantun nu tokoh-tokohna ngan manggung di bumi wungkul.
2. Caritan pantun vértikal/Kayangan, nyaéta carita pantun nu tokoh-tokohna manggung nya di kayangan, nya di bumi.

Tokoh-tokoh Carita

Tokoh-tokoh carita pantun nyaéta tokoh-tokoh nu ngalalakon dina carita pantun, aya sabagian anu asalna tina tokoh sajarah, tapi lolobana mah tokoh-tokoh ciciptan wungkul.

Tokoh carita pantun nu pangmindengna kasabit-sabit nyaéta tokoh Siliwangi. Ngan "Siliwangi" lain tina "Silihwangi", tapi bisa jadi tina "Sri Wangi", tegesna nu wangi, raja nu kawangikeun.

Ngaran-ngaran tokoh aya kamungkinan didasarkeun kana:

1. Boga harti jeung maksud atawa sabalikna.
2. Ku lantaran robah sora.
3. Perlambang jeung lalandian.
4. Pantangan nyebut ngaran sabenerna.
5. Sésa-sésa totémisme.

Rakitan Carita Pantun

Panunda carita nu asalna "cag" atawa "tunda" wungkul, ngalaman prosés raéhan nepi ka jadi hiji rakitan:

> Cag,
> teundeun di handeuleum sieum
> tunda di hanjuang siang
> paranti nyokot ninggalkeun

Prosés raéhan atawa tambahan téh lumangsung kieu:

1. Tunda
2. Tunda di hanjuang
3. Tunda di hanjuang siang
4. Tunda di hanjuang siang
   teundeun di handeuleum sieum
5. Teundeun di handeuleum sieum
   tunda di hanjuang siang

Kecap "sieum", bisa jadi teu boga harti nanaon, tapi ngan wungkul pikeun kapentingan purwakanti laraspurwa jeung kecap "siang".

Robahna Basa

Nu disebut robahna basa téh nyaéta prosés nambahanana kecap ku kecap-kecap anyar ngaganti atawa marengan kecap-kecap heubeul nu saharti, laleungitanana kecap nu geus aya ku lantaran geus teu lumrah dipaké, ditambah deui ku robahna sintaksis jeung semantikna dina prosés nu sarua saperti di luhur.

Nalungtik robahna basa Sunda ku jalan niténan carita pantun tinulis, ngan bisa ngahasilkeun kacindekan robahan basa ti mangsa nuliskeunana éta carita pantun tina nu dilisankeun ku jurupantun, nepi ka mangsa ditalungtikna kalawan dibandingkeun jeung kahanan basa waktu harita.

Faktor nu ngalantarankeun robahna basa téh, nyaéta faktor waktu jeung tempat (lingkungan).

Pangajén (évaluasi) kana Pantun Tinulis

Pantun tinulis, tegesna carita jeung wangun pantun nu ditulis tina pantun linisan, perlu diajén deui oténtik hanteuna, boh anu dikumpulkeun ku urang Barat (C.M. Pleyte, J.J. Meijer, Hidding, jst.) boh ku urang Sunda sorangan (Rakéan Minda Kalangan) lantaran aya kamungkinan:

a. Salah nuliskeunana, sanajan nu diucapkeun ku jurupantun mah bener.
b. Nuliskeun ucapan jurupantun nu teu bener.
c. Diropéa deui ku nu nuliskeunana.

Kasang-tukang Tumuwuhna

Nalungtik kasang-tukang tumuwuhna carita pantun, kudu mokprok dina opat widang panalungtikan, sacara psikologis, sosiologis, historis, jeung antropologis, lantaran ieu obyék panalungtikan téh aya hubunganana jeung manusa salaku kréator jeung aspék kajiwaan lianna, hubungan antara manusa, waktu, jeung aspék-aspék kabudayaan séjénna.

Tempat Tumuwuhna

Tanah Sunda nu agraris, flora jeung fauna nu dikandungna jeung gebar amparanana (*letaknya*, Ind.), geus ngamungkinkeun ngalahirkeun jenglengan carita pantun saperti nu kapanggih ayeuna.

Manusa nu Ngagelarkeunana

Manusa Sunda jeung éksisténsi kajiwaanana anu kapangaruhan ku lingkungan, sajarah jeung kabudayaanna geus kungsi ngagelarkeun carita-carita pantun nu eusina katut wangunanana saperti nu kapanggih ayeuna.

Aspék-aspék Kabudayaan nu Mangaruhan Tumuwuhna

Aspék kabudayaan minangka tata laku lampah manusa Sunda kagambarkeun dina carita-carita pantun mangrupa angen-angen, norma, pandangan, hukum, aturan, kapercayaan jeung sikep hirupna mangsa éta carita digelarkeun.

Aspék kabudayaan minangka laku lampah manusa Sunda geus ngahasilkeun carita-carita pantun kalawan dorongan tina aspék kabudayaan minanggka tata-laku-lampah tadi.

Aspék kabudayaan minangka hasil laku lampah manusa Sunda geus ngajanggélék jadi carita-carita pantun sabada ngaliwatan aspék-aspék kabudayaan lianna.

Réligi Karayatan dina Pantun

Sanajan réligi rayat Sunda resmina agama Hindu anu terus diganti ku agama Islam, tapi réligi karayatan mah angger hirup, malah ngalaman galo (sinkrétisme) jeung réligi rayat.

Sésa-sésa réligi karayatan kapanggih upamana dina cara mantun, ngarajah anu sok nyambat Sang Rumuhun jeung dina anggapan ka kayangan nu sok aya dina sawatara carita pantun.

Istilah kahiyangan, mandala, Buana Pancatengah, Buana Larang, kitu deui tokoh-tokoh Sunan Ambu, pohaci, bujangga, guriang, sangian, rahiang jeung dangiang, mangrupa istilah/ngaran anu aya dina réligi karayatan uran Sunda.

Sumber Carita

Sumber carita pantun nyokot tina:

1. Sumber kahirupan karaton.
2. Sumber carita rayat.
3. Sumber carita luar.

Dina sawatara carita pantun bisa kéněh ditalungtik sumber-sumberna ku niténan eusina jeung témana. Aya kalana dina hiji carita pantun kapanggih mokprokna tilu sumber di luhur.

Hubungan Sajarah jeung Pantun

Hubungan sajarah jeung carita-carita pantun:

a. Bisa jadi aya peristiwa-peristiwa sajarah anu dipaké téma carita pantun nu geus kaguar, tapi can aya nu bisaeun nerangkeun.
B. Bisa jadi aya peristiwa-peristiwa sajarah nu dipaké téma carita pantun, tapi carita pantunna can kapanggih.

c. Bisa jadi aya carita-carita pantun nu geus kapanggih anu nga-gambarkeun peristiwa sajarah nu can katalungtik.
d. Bisa jadi aya carita-carita pantun anu can kapanggih anu nga-gambarkeun peristiwa sajarah anu geus katalungtik.
e. Bisa jadi aya carita-carita pantun anu can kapanggih anu nga-gambarkeun peristiwa sajarah anu can katalungtik.

Mangsa Gelarna

Nangtukeun gelarna carita-carita pantun téh bisa ditilik tina sababaraha jihat:

a. Tina jihat falsafahna, loba nu gelar samémèh urang Sunda kapangaruhan ku agama Hindu.
b. Tina jihat peristiwa sajarah, gelar sabada éta peristiwa sajarah kajadian.
c. Tina jihat basa, gelar waktu éta basa keur lumrah dipaké ku ma-sarakat.

Kanda jeung Raéhan Carita

Ngabanding-banding sawatara carita pantun, bakal kapanggih ayana kanda jeung raéhan. Disebut béda kanda upama dina eusi dua carita pantun, leunjeuran jeung témana sarua, tapi aya bagian-bagian anu béda sama sakali. Sedengkeun nu disebut raéhan, nyaéta upama dina eusi dua carita pantun, leunjeuran jeung témana sarua ngan aya perbédaan variasi (raéhan) dina sawatara bagian nu sabanding.

Saran-saran

Pikeun bahan panalungtikan carita pantun saterusna (nu bakal datang), perlu ngumpulkeun populasi anu saloba-lobana kalawan maké téhnik modern, kayaning *tape recorder* jeung nuliskeun kudu sacara fonetis (*phonetic writing*)[1].

Instansi pamaréntah nu aya patalina jeung kawajiban ieu, hadé

[1] Rene Wellek & Austin Warren, 1956. kaca 58.

upama babarengan jeung para ahli sastra katut ahli basa Sunda. Carana bisa simultan atawa museur, tegesna bisa nyebar ka unggal daérah, atawa nginténsifkeun panalungtikan kana hiji obyék di hiji daérah. Nu pangalusna mah nya simultan nya intensif.

Métode panalungtikan pikeun tarap mimiti, demi kumpulna populasi saloba-lobana téa, kudu métode panalungtikan déskriptif kalawan ngaheulakeun téhnik survéy jeung studi operasionil[2].

Hadé pisan upama para mahasiswa jurusan basa jeung sastra Sunda milu kana kagiatan ngumpulkeun carita pantun sarta milu kana kagiatan panalungtikan. Pikeun ahli sajarah, nu perlu jadi perhatian téh palebah patalina sajarah jeung carita-carita pantun katut nangtukeun gelarna carita-carita pantun.

Kitu deui pikeun ahli basa jeung sastra Sunda, nu perlu meunang perhatian nyaéta robahna basa, pangajén kana pantun tinulis, katut nu patula-patalina jeung sajarah. Atuh dina raraga hubungan jurusan basa jeung sastra Sunda jeung pamaréntah Walanda, bisa dicoba meredih bantuan buku-buku atawa naon baé nu aya patalina jeung kabudayaan Sunda nu aya di nagri Walanda.

[2] Surachman, 1968. kaca 112-119.

DAPTAR BACAAN

Adiwidjaja,R.I., *Kasusastraan Sunda II,* J. B. Wolters, Jakarta, 1950.

_____, *Idiomatik Sunda,* Stc. FKIP.Pd.No.994/Dikt./57.

M.A. Salmun, *Pantja Warna,* Balai Pustaka, Jakarta, 1953.

Ajip Rosidi, *Bébér Layar,* Bhatara, Jakarta, 1964.

_____, *Jalan ke Surga,* Tiara, Bandung 1964.

_____, *Kesusastraan Sunda Dewasa Ini,* Tjupumanik, Bandung, 1966.

_____,*Dur Pandjak,* Pusaka Sunda, Bandung, 1966.

_____, *Ngalanglang Kasusastraan Sunda I,* Bandung, 1966.

Amir Sutaarga, Drs. Moh., *Prabu Siliwangi,* Duta Rakjat, Bandung 1965.

Apung S. Wiratmadja, *Sumbangan Asih kana Tembang Sunda,* Purnama Sari,

Bandung, 1964.

Asikin Widjaja Kusuma, *Babad Pasundan,* Kujang, Bandung, 1961.

Atja, Drs., *Tjarita Parahyangan,* Yayasan Kebudayaan Nusalarang, Bandung, 1968.

Atmamihardja, Drs.H. Ma'mun, *Sajarah Sunda*, Ganaco N.V., Bandung-Jakarta, 1958.

Eenerict, Ratu, *Pola-pola Kebudajaan,* terj. Sumatri Mertodiputro, Pustaka Rakjat, Jakarta, 1960.

Brandstetter, Renward, Ph,D., *Akar Kata dan Kata Dalam Bahasa-bahasa Indonésia,* Pustaka Rakjat, Jakarta, 1957.

_____, *Hal Bunyi Dalam Bahasa-bahasa Indonésia,* Pustaka Rakjat, Jakarta, 1957.

_____, *Bahasa Indonesia Umum dan Bahasa Indonesia Purba,* P.T. Pustaka Rakjat, Jakarta, 1956.

Djatnika Soeriadiredja, R., *Baduj,* Kementrian PPK 1951.

Duyyendak, Dr.J.Ph., *Inleiding tot de Etnologic van Indonesische Archipel.* terjemahan Soehardi/Soekanto, "Tri Tunggal", Yogyakarta, (tanpa tahun).

Eringa, F.S., *Loetoeng Kasaroeng: Een Mythologisch verhaal uit West Java,* Disa, Leiden, Den Haag, 1949.

Firth,E., Mochtan,B., Puspanegara,S., *Tjiri-tjiri dan Alam Hidup Manusia,* Sumur Bandung, 1961.

FKSS–IKIP Bandung, *Pendidikan Sastra dan Seni,* No:1 (tanpa tahun).

Funk, Wilfred, Litt.D., *The Way To Vocabulary Power and Culture,* Grosset & Dunlap, New York, 1946

Gazali B.A., *Langgam Satra Lama,* Tinta Mas, Jakarta, 1958.

Ikatan Karyawan Museum, *Manusia Indonesia,* No.1.Th.II, 1968.

Jassin, H.B., *Tifa Penyair dan Daerahnya,* Gunung Agung, Jakarta, 1965.

Ki Umbara, *Dewi Sri,* Komara, Bandung, 1964.

Koentjaraningrat, Prof. Dr., *Pengantar Anthropologi,* Penerbitan Universitas, Jakarta, 1964.

_____, *Metode Anthropologi,* Penerbitan Universitas, Jakarta, 1958.

Kroeher, *Anthropology, Race, Language, Cultural, Psychology, Prehitori*, Harcourt, Brace World, Inc., New York, 1948.

Lee, Alfred H., Editor., *Prinsiples of Sociology,* Barners & Noble Inc., New York, 1953.

Lembaga Bahasa dan Kesusastraan, *Kamus Istilah Ilmu Bahasa dan Kesusastraan Asing-Indonesia,* Balai Pustaka, Jakarta, 1967.

Linton, Ralph, *Latar-belakang Kebudayaan daripada Kepribadian,* terj. Drs. Fuad Hasan, Djaja Sakti, Jakarta, 1962.

Lutfi Abas, Drs., M.A., *Pengantar Linguistik dan Tatabahasa Indonesia,* Yayasan Penerbitan Universitas Padjadjaran, Bandung, 1967.

Marjati Sastrawidjaja, R., *Sawangan kana Tjarita Pantun Deugdeugpati Djajaperang, anu Dikempelkeun C.M. Pleyte,* skripsi, Fak. Sastra UNPAD Bandung, 1968.

Momon Wirakusumah, R., Buldan Djajawiguna, I., *Kandaga Tatabasa,*

Ganaco, Bandung, 1962.

Nursinah Suparto, Nj., *Kesusastraan Indonesia,* Tunas Mekar Murni, Jakarta, 1964.

Perpustakaan Perguruan Kementrian PP dan K, *Kesusastraan Sunda I,* Jakarta, 1954.

Pitono Hardjowardojo, Drs.R., *Pararaton,* Bhaatara, Jakarta 1965.

Poerbatjaraka, Prof.Dr.R.M.Ng., dan Tardjan Hadidjaja, *Kepustakaan Djawa,* Djambatan, Jakarta, 1957.

_____, *Tjerita Panji dalam Perbandingan,* Gunung Agung, Jakarta, 1968.

Poerwadarminta, W.J.S., *Kamus Umum Bahasa Indonésia I, II,* Balai Pustaka, Jakarta, 1966.

Prawirasuganda, A., *Upacara Adat di Pasundan,* Sumur Bandung, Bandung, 1964.

_____, Sanusi, A., *Bahasa Jawa Kuna, Jilid I, II,* Masa Baru, Bandung (tanpa taun).

Rakéan Minda Kalangan, *Pantun Bogor Dadap Malang Sisi Tjimandiri,* Badan Penerbit Manglé, Bogor, 1964.

Rigg, Jonathan, *A Dictionary of the Sunda Language,* Lange & Co, Batavia, 1862.

Rosana, S., *Ngaruat Adjisaka,* Bandung, 1964.

Salmun, M.A., *Kandaga Kasusastraan,* Ganaco, Bandung, 1963.

Sastrosuwignjo, R.S., *Djawa Kuno I, II,* cetakan IV, Sari Pers, Jakarta (tanpa taun).

R. Satjadibrata, *Kamoes Soenda-Indonésia*, Balai Pustaka, Jakarta, 1950.

_____, *Wawatjan Soelandjana,* Balé Poestaka, Batavia Centrum, 1931.

_____, *Dongéng-dongéng Sasakala,* II, Balé Poestaka, Jakarta, 1946.

_____, *Kamus Basa Soenda,* Balé Poestaka, Jakarta, 1948.

Satya Graha Hoerip, *Antologi Esei tentang Persoalan-persoalan Sastra,* P.T. Surya Brabha, Jakarta (tanpa taun).

Shipley, Joseph T., *Dictionary of Word Origins,* Littlefield, Adam & Co, Paterson, N.J., 1961.

Slametmuljana, R.B., *Bimbingan Seni Sastra*, J.B. Wolters, Jakarta 1951.

_____, Prof.Dr., *Runtuhnya Kerajaan Hindu-Buda dan Tumbuhnya Negara-negara Islam di Nusantara,* Bhratara, Jakarta 1968.

_____, Prof., *Semantik,* Pen. Djambatan, Jakarta, 1964.

Soesatyo Darnawi, Drs., *Pengantar Puisi Jawa,* PN. Balai Pustaka, Jakarta, 1964.

Sutjipto Wirjosuparto, Drs.R.M., *Bunga Rampai Sejarah Budaya Indonésia,* Jambatan, Jakarta, 1964.

_____, *Gandakaranika Adiparwa*, Indira, Jakarta, (tanpa taun).

Tir, M.A., H. van der, *Kamus Belanda,* Timur Mas, Jakarta, 1957.

Takdir Alisjahbana, St., *Puisi Lama,* Pustaka Rakjat, Jakarta, 1954.

Urusan Adat-istiadat dan Tjerita Rakyat, Jawatatan PP dan K. *Brosur-brosur Adat-istiadat dan Tjeritera Rakjat*, 1960.

_____, *Cerita Rakjat I*, Balai Pustaka, Jakarta, 1963.

Warsito Sastroprajitno, *Rekonstruksi Sejarah Indonesia Zaman Hindu,* P.T. Percetakan Republik Indonesia, (tanpa tahun).

Webste, A. Meriam, *Webster's Students Dictionary,* American Book Co., New York, 1962.

Wellek, Rene & Warren, Austin, *Theory of Literature,* A Harvest Book Harcourt, Brace & World, Inc., New York, 1956.

Winarno Surachman,Dr.M.Sc.Kd., *Research, Pengantar Metodologi Ilmiah,* Badan Penerbit IKIP Bandung, 1968.

Wirananggapati, R.S., *Ratu Bungsu Karma Jaya*, *numutkeun pantun Taswan*, Dana

Guru, Jakarta, 1961.

Wiratno Soekito, *Renungan tentang Sejarah,* Penerbitan Universitas, (tanpa tahun).

Drs.S.Wojowasitto, *Sedjarah Kebudayaan Indonesia I, II,* Kalimusodo, Jakarta/Yogyakarta (tanpa tahun).

R.S. Woodworth, D.C. Marquis, I. Ruchimat M.A., *Psychology,* Bapemsi, Bandung.

Yamin, Prof.H.M., *Tatanegara Majapahit Saptaparwa I, II, III,* Yayasan Prapantja, Jakarta (tanpa taun).

Drs. Yus Rusyana, *Sastra Indonésia I*, Gununglarang, Bandung, 1967.

_____, *Galuring Sastra Sunda,* Gunung Larang, Bandung, 1969.

Zain, St.Muh., *Djalan Bahasa Indonésia,* Dharma, Jakarta (tanpa taun).
Zuber Usman, Drs., *Kesusastraan Lama Indonésia,* Gunung Agung, Jakarta, 1963.

Majalah jeung Almanak:
Baranangsiang No.1, No.2, (tanpa tahun)
Manglé, No.66, Th. VI, 1963.
Manglé, No.197, Th.III, 1969.
Poesaka Soenda No.9 Th.I, 1963.
Volksalmanak Soenda th 1922, 1923, 1924.

Diktat-diktat:
Lutung Kasarung, Stc.FKIP. Bd.no.1054/Dikt/58.
Tjarita Radén Munding Laja di Kusuma, Stc.FKIP.Bd.no.727/DBS/60/Dikt.
Tjarita Radén Munding Laja di Kusuma Prabu Wira Kantjana Mantri Anom Pajajaran nu Garwaan ka Putri Rangga Pupuk Bunga Djaja, Stc.FKIP. Ed.No.995/Dikt./57.

Ketikan:
Pakudjadjar di Lawanggintung, pantun Bogor simpenan Rakéan Minda Kalangan.
Uga Lebak Tjawéné, idem.
Ronggéng Tujuh Kalasirna, idem.
Sundanese Bibliography, dicutat tina *Koninklijk Instituut voor Taal-, Land en Volkenkunde*, *Bibliographical Series 7.*

WAHYU WIBISANA

Lahir di Cisayong, Tasikmalaya, 19 Januari 1935. Ngantunkeun di Bandung, 13 Oktober 2014. Sabada tamat sakola ti Sekolah Guru Bawah (SGB), kungsi ngajar di sakola dasar di Singaparna, Tasikmalaya. Pindah ka Bogor, tuluy pindah ka Bandung, digawé di Jawatan Kebudayaan bari nuluykeun sakola ka Jurusan Basa jeung Sastra Sunda Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan (IKIP) Bandung. Taun 1957 milu naratas medalna majalah *Manglé* di Bogor. Kungsi mingpin Badan Koordinasi Kesenian Nasional Indonesia (BKKNI) jeung Proyék Sundanologi. Aub dina rupaning organisasi kayaning Paguyuban Pasundan, Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS), jsté. Karya-karyana nu winangun buku antarana *Urang Naon di Cinaon* (1992), *Kembang Katiga* (1999), *Riring-riring Tjiawaking* (1999), *Anaking Jimat Awaking* (2002), *Néléngnéngkung* (2009), *Ngamumulé Basa Sunda* (2011), jeung *Hiji Tanggal nu Dipasinikeun* (2017).